

IX 9Siy

Kisa Levanjil la Ye?

Greg Gilbert

Prefas pa D. A. Carson

“Greg Gilbert se youn nan jenn gason pi briyan e fidèl kap sèvi legliz nan jounen jodi a. La a li ofri nou yon antandman penetran, fidèl, e konplètman bibliik de levanjil Jezikri a. Pa genyen nesosite ki pi gran ke konnen vrè levanjil la, rekonèt imitasyon ki fo yo, e pwodwi yon jenerasyon kretyen ki santre nan levanjil la. Liv enpòtan sa a jis rive nan moman kòrèk la.”

*R. Albert Mohler Jr., Prezidan,
The Southern Baptist Theological Seminary*

“Greg Gilbert declare ke antandman aktyèl de levanjil la pèdi nan yon nyaj konfizyon. Greg elimine nyaj sa a pandan lap pote limyè ki briye e frèch nan ansyen tèm sa a. Gilbert ekri ak yon estil ki klè, dirèk, e ki vilgè e ki fè apèl a jenn adilt yo. “*Kisa Levanjil la ye*” va file panse nou yo de levanjil la, pandan li va grave pwofondman nan kè ou pou ou ka pataje bòn nouvèl Jezikri yo ak elokans. Li va kite ou pou reflechi sou enpak ke levanjil la te fè sou pwòp lavi ou. Sa va fè ou priye Bondye ak remèsiman pou sa Kris te fè”.

*James MacDonald, Pastè Prensipal,
Harvest Bible Chapel, Chicago, Illinois*

“Kisa levanjil la ye? Ti liv sa ki gen pouvwa a reponn kesyon sa a ak prezantasyon ki klè e dirèk. Se yon trètman manifik sou bòn nouvèl yo. Li li e distribye li”.

*Daniel L. Akin, Prezidan,
Southeastern Baptist Theological Seminary*

“Se yon fason mèveye pou rakonte yon ansyen istwa ak pawòl frèch-e ak avètisman solid kont ditòsyon. Tankou ansyen chan an temwanye, e kouman ekselan liv Greg Gilbert di li a, sila yo ki pi konnen ansyen istwa a va grangou ak swaf pou kouste menm istwa a ankò”.

*Bryan Chapell, Prezidan
Covenant Theological Seminary*

“Kisa Levanjil la? Demontre yon fason sanzitif e entrigan ke levanjil la pwofon yon fason endekriptib tankou li trè dekriptib tou-sifizaman klè pou ke nenpòt moun konprann li”.

*Paige Patterson, Prezidan
Southwestern Baptist Theological Seminary*

“Nan mitan yon kilti kreyen kontanporen ki karakterize pa yon konfizyon konsènan prensip santral lafwa nou, Greg Gilbert te bannou yon retrè de levanjil la ki klè pou sila yo ki te kwè e irezistib pou sila yo ki gen pou kwè. Kisa levanjil la ye? Se yon liv ki satire ak pawòl, ki santre nan lakwa a, e ki egzalte Bondye. Liv sa a va kapte atansyon lespri ou e li va klere afeksyon ou genyen nan kè ou pou Bondye ki sove nou pa gras li a travè levanjil li a pou glwa li”.

*David Platt, Pastè Prensipal
Brook Hills Church, Birmingham, Alabama*

“Greg Gilbert fini ak konfizyon pandan li tap fouye Ekriti yo pou reponn kesyon ki pi enpòtan pase tout lòt yo. Menm si ou panse ke ou konnen bòn nouvèl yo de kisa Bondye te fè nan Kris, Gilbert va file fokis ou nan levanjil gloriye sa a”.

Collin Hansen, Editè de Christianity Today

“Greg Gilbert te rele legliz la pou retounen nan sous revelasyon li. Nan yon fason senp e dirèk, li eklèsi sa ke Bib la te demontre de sinifikasyon levanjil la”.

*Arzobispo Peter J. Akinola
Primate of the Church of Nigeria, Anglican Comunión*

“Nan yon tan de dout ak pragmatism pa genyen yon defi ki pi gran ke fè klète nan levanjil gloriye a. Sa a se nesosite ki pi gran pou kretyen veteran an e pou enkredil la tou. Nan yon zèv entèlijans e aksesib tou, Greg Gilbert reponn ak klète kesyon ki pi enpòtan an ke tout lòt yo”.

*Darrin Patrick, Visprezidan
The Acts29 Church Planting Network*

“Lè ou gen klète nan levanjil la, sa fè ou genyen konfyans ak konviksyon nan levanjil la sou sa ki konsène verite santral li yo. Ekselan liv sa a byen klè e fidèl bibliyman, e lekti li va rekonpanse ou ak yon fokis renove nan levanjil la”.

William Taylor, Rektè, St Helen Bishopgate, London

“Lè m panse sou pyès santral Bib mwen an, kè mwen anbrase levanjil la menm kote a. Mwen konnen anpil moun ki renmen levanjil la, men mwen toujou ouvè pou renmen li plis e konprann li pi byen. Greg Gilbert te ekri liv sa a pou ede nou konnen e renmen levanjil la pi byen”.

*-Johnny Hunt, Prezidan, Convención Bautista del Sur
Pastè, First Baptist Church, Woodstock, Georgia*

“Sa ki bay liv sa a pwofondè li genyen an se senplisite li. Petèt pi gwo danje ki genyen nan Krityanism nan se presipozisyon yo de kisa levanjil la ye san koute vwa ki klè e definitiv Bib la. Se pa yon egzajerasyon pou di ke petèt liv sa a se liv ki pi enpòtan ke ou va li sou kesyon lafwa kretyen an”.

*-Rick Holland, Pastè Egzekitif
Grace Community Church, San Valley, California*

“Greg Gilbert, ak yon lespri ki kapab e yon kè pastè, te ekri yon liv ki va sèvi èd pou moun kap chèche, kretyen ki fèk konvèti, e nenpòt moun ki vle konprann levanjil la pi klè. Mwen tap tann yon liv konsa! Liv sa a se yon gid pou fè pa ki fèm nan yon tèm kontrovèsyal konsa. Li eklere ditòsyon sou levanjil la, wayòm nan, ak sinifikasyon lakwa a”.

*-Kevin De Young, Pastè Prensipal
University Reformed Church, East Lansing Michigan*

IX 9Siy

Kisa Levanjil la Ye?

Greg Gilbert

Prefas pa D. A. Carson

Kisa Levanjil la Ye?

POUKISA OU DWE KWÈ LABIB?

Dwa rezève 2015 pa Gregory D. Gilbert

Pibliye pa Crossway / 1300 Ri Crescent Wheaton, Illinois 60187

This translation published in partnership with 9Marks:

525 A St. NE

Washington D.C. 20002

Tout dwa rezève. Okenn pati nan piblikasyon sa a dwe repwodwi, anmagazen nan yon sistè reki-perasyon, oubyen transmit sou okenn fòm ak okenn sinifikasyon, elektronik, mekanik, fotokopi, enrejistre, si se pa ak pèmasyon moun ki pibliye l la, sof jan lwa dwa rezève nan Etazini an di sa a.

Desen kouvèti: Matthew WAHL

Premye enpresyon 2015

Enpreme nan Etazini Damerik

Unless otherwise indicated, Scripture quotations are from the ESV® Bible (The Holy Bible, English Standard Version®), copyright © 2001 by Crossway, a publishing ministry of Good News Publishers. Used by permission. All rights reserved.

Scripture quotations marked NASIS arc from The New American Standard Bible®.

Copyright The Lockman Foundation 1960, 1962, 1963, 1968, 1971, 1972, 1973, 1975, 1977, 1995. Used by permission.

Scripture references marked NIV are taken from The Holy Bible, New International Version®, NIV®. Copyright © 1973, 1978, 1984, 2011 by Biblica, Inc.- Used by permission.

All rights reserved worldwide. Scripture references marked NRSV are from The New Revised Standard Version. Copyright © 1989 by the Division of Christian Education of the National Council of the Churches of Christ in the U.S.A. Published by Thomas Nelson, Inc. Used by permission of the National Council of the Churches of Christ in the U.S.A.

Scripture quotations marked KJ V are from the King James Version of the Bible.

All emphases in Scripture quotations have been added by the author.

Amazon ISBN: 978-1981674299

Library of Congress Cataloging-in-Publication Data

Gilbert, Greg, 1977-

Why trust the Bible? / Greg Gilbert.

pages cm.—(9Marks books)

Includes bibliographical references and index.

ISBN 978-143354346-3 (hc)

I. Bible—Evidences, authority, etc. I. Title.

BS480.G55 2015

220.1—ac23

2015007181

Crossway is a publishing ministry of Good News Publishers.

*Pou Moriah
Mwen renmen ou anpil,
Anpil anpil.*

Tab matyè a

Prefas.....	15
Entwodiksyon	17
Chapit 1	
Jwenn Levanjil la nan Bib la.....	27
Chapit 2	
Bondye Kreyatè Jis la	43
Chapit 3	
Lòm Pechè A.....	53
Chapit 4	
Jezikris Sovè a.....	67
Chapit 5	
Repons la-La Fwa ak Repantans.....	81
Chapit 6	
Wayòm nan	97
Chapit 7	
Pandan Nap Kenbe Kwa A Nan Sant Lan.....	115
Chapit 8	
Pouvwa Levanjil La	115
Remèsiman Espesyal	139

PREFAS SERI A

Seri 9Mak liv yo fonde sou de lide bazik. Premyeman, legliz lokal la plis enpòtan nan lavi Kreyen yo ke petèt jan anpil Kreyen jodi a reyalize. Nou menm nan 9Mak nou kwè ke yon Kreyen ki an sante se manm yon legliz ki an santé.

Dezyèman, legliz lokal yo grandi nan lavi ak vitalite selon jan yo òganize lavi yo alantou Pawòl Bondye a. Bondye pale. Legliz yo ta dwe koute e swiv. Li senp. Lè yon legliz koute epi swiv, li vin sanble ak sila a ke lap swiv la. Li reflète lanmou li ak sentete li. Li moutre glwa li. Yon legliz va sanble ak li selon jan li koute li.

Pou menm rezon sa a, lektè a dwe rann kont ke tout “9 mak,” ki chwazi nan liv Mak Denver yo, *nèf Mak pou yon Legliz an Sante* (Crossway, twazyèm edisyon, 2013), koumanse ak Bib la:

Kisa Levanjil la Ye?

- predikasyon ekspozitiv;
- teoloji bibliik;
- yon konprann bibliik de levanjil la;
- yon konprann bibliik de konvèsyon ;
- yon konprann bibliik de levanjelism;
- yon konprann bibliik de manm legliz;
- yon konprann bibliik de disiplin legliz;
- yon konprann bibliik de disip ak kwasans; epi
- yon konprann bibliik de lidè legliz.

Yo ka di plis sou sa legliz ta dwe fè pou ka an sante, tankou priye. Men nèf pratik sa yo se sa ke nou kwè ki plis souvan rekonèt jodi a (pa tankou lapriyè). Donk mesaj bazik nou pou legliz yo se, pa gade pratik biznis ki pi bon oubyen dènye estil yo; gade Bondye. Koumanse koute Pawòl Bondye ankò.

Deyò tout pwojè sa yo, seri 9Mak liv yo rive. Volim sa a pretann egzamine nèf mak yo pi pre e nan diferan direksyon. Gen kèk ki pou pastè yo. Gen kèk ki pou manm legliz yo. Espere ke tout va konbine egzaminasyon bibliik pridan, refleksyon teolojik, konsiderasyon kiltirèl, aplikasyon kolektiv, e menm yon ti kras egzòtasyon endividyèl. Pi bon liv Kreyen yo toujou teolojik e pratik.

Nou priye pou ke Bondye ka sèvi ak volim sa a ak lòt yo tou pou ede prepare fiyans li, legliz la ak radyans ak esplandè pou jou ke lap vini an.

PREFAS

Plis de trant ane nan ansèyman etidyan teoloji yo te moutre mwen ke kesyon kontwovèsyal ke poze mwen chanje de jenerasyon an jenerasyon-e menm bagay la vre nan piblik kretyen an de manyè jeneral. Pandan yon bon tan yo te ka genyen garanti de yon deba byen fò lè yo lanse kesyon tankou, Kisa ou panse de mouvman Karismatik la? Oubyen Èske li merite pou defann enfalibilite a? oubyen Kisa ou panse de legliz yo ki itilize entreyènman pou rive jwenn moun pèdi yo? Li fasil pou jwenn moun ki vle diskite kesyon sa yo nan jou nou yo, men yo pa gen twòp kontwovèti ankò malgre anpil bagay pat eklere. Jodi a kesyon ki limen fizib yo se sa ke otè sa a sinyale a, Kisa Levanjil la ye? Petèt yo te ka ajoute kesyon ki gen relasyon ak li, Kisa evanjelizasyon an ye?

Kisa Levanjil la Ye?

Paske kesyon sa yo bay nesans a repons eskliziv youn lòt ke yo defann dògmatikman ak yon refleksyon minimòm sou Bib la se, sensèman alaman, paske kesyon yo trè fondamantal. Lè "levanjil yo" soutni opinyon ki diferan de "Levanjil la", enben yo konkli ke levanjizasyon an tankou yon mouvman ki se yon fenomèn divès ki pa gen okenn akò nan sa ki gen pou wè ak Levanjil la e ki pa gen okenn sans responsabilite pou kenbe "pou la fwa ke sen yo te resevwa yon fwa" (Jid 3), oudimwens anpil moun rele tèt yo "levanjil" ki pa genyen okenn dwa lejitim paske yo te abandone Levanjil la.

Kounye a annou pase a Greg Gilbert. Se pa paske liv sa a pwomèt fouye tè ki tou nèf sinon, byen fouye tè ki vye ke yo pat janm dwe inyore, e nonplis abandone. Klète Greg pou panse e atikile se yon bagay admirab. Liv sa a va klere panse anpil kretyen ki fò nan la fwa. Sa ki pi enpòtan ankò, se yon liv pou distribiye lajman pami lidè legliz, jenn kretyen yo, e menm pami sila yo ki poko konfyè nan Kris e kap chèche yon eksplikasyon klè de kisa Levanjil la ye. Li li, e apre sa achte yon bwat plen pou distribiye jenerezman.

D. A. Carson

ENTWODIKSYON

KISA LEVANJIL JEZIKRI A YE?

Ou ka panse ke sa a se yon kesyon trè senp pou reponn, espesyalman pou kretyen yo. Sètènman, ou ta ka panse ke ekri yon konsa-youn ki egzòte kretyen pou yo panse ak pridans de kesyon sa a, Kisa Levanjil Jezikris la ye?-se konplètman pa nesesè. Se tankou mande chapantye yo kisa yo santi lè yo panse de kesyon sa a, Kisa yon mato yo?

Aprè tou, Levanjil Jezikri a se sant kretyènte a, e noumenm kòm kretyen nou di ke rezon ki fè nou sa nou ye a se Levanjil la anvan tout bagay. Se kote nou chèche fonde lavi nou e konstwi legliz nou yo. Se de sa ke nou pale ak lòt moun yo, e nou priye pou yo ka tandè e kwè li tou. Pou tout sa, Jis ki kote ou kwè ke antandman kretyen rive de Levanjil la? Kouman ou ta reponn si

Kisa Levanjil la Ye?

yon moun mande ou: Ki mesaj nou menm kretyen yo preche e repêche ankò? E poukisa sa enpòtan?

Mwen sispèk ke anpil kretyen ta va reponn yon bagay ki lwen de sa Bib la soutni kòm "Levanjil Jezikri a". Petèt yo ta reponn, "Levanjil la se ke Bondye padone peche ou yo si ou kwè nan li". Oubyen petèt yo ta di, "Bòn nouvèl yo se ke Bondye renmen ou e li gen yon plan mèveye pou lavi ou". Oubyen, "Levanjil la se ke ou se yon pitit Bondye, e Bondye vle ke pitit li yo gen siksè an abondans nan tout sa yap fè". Kèk ladan yo ta va konnen ke se enpòtan mansyone kèk bagay de lamò Jezi sou kwa a ak rezireksyon li, men kesyon an se, Kouman tout bagay sa yo ranje la?

Travay la se ke pou kretyen yo rive nan yon akò nan repons kesyon sa a, Kisa levanjil la ye? Li pa tèlman fasil tankou li sanble sa. Mwen travay pou yon ministè ki rele 9Marks, yon òganizasyon ki afilye ak Legliz Batis Capitol Hill nan Washinton, DC. Gran majorite ki li e ki kòmante de materyèl nou an se yon pati de pousantaj trè piti nan mitan kretyen evanjelik yo. Yo kwè ke Bib la se vre epi enfalib, yo kwè ke Jezi te mouri sou kwa a, e li te resisite kòporèlman soti nan mitan mò yo, yo kwè ke moun se pechè ki gen nesessite sove, e yo eseye pou ke yo ka moun ki santre sou Bondye e plen' ak Levanjil la.

Men, Ki tèm ou kwè ki jenere plis kòmantè ak repons pi enèjik de tout sa nou ekri yo? Wi, Levanjil la. Nou ka ekri

e pale de disiplin pandan plizyè mwa, predikasyon, konsèy, gouvènman Legliz la, e menm mizik nan legliz la, e repons lektè nou yo entèrèsan men yo pa bay sipriz. Men si nou ekri yon atik ki konsène sa Bib la ansenye de bòn nouvèl krityanizm, enben repons la enpresyonan.

Gen kèk tan de sa, yon zanmi mwen te ekri yon ti atik nan sit entènèt nou de yon atis kretyen rekoni ke yo te mande pou defini, nan yon entèvyou, bòn nouvèl Krityanizm yo. Sa a se sa atis la te di:

Kèl gran kesyon. Mwen sipoze ke li ta va di... santiman mwen se pou ta di ke Jezikris te vini, li te viv, li te mouri, e li te resisite e li te inogire Wayòm Bondye a ak tout sa ki gen relasyon ak li... e tout sa te pase a travè limenm menm... restore tout bagay la... pwosè pou koumanse reyalyite a nan lavi ak kè anpil kwayan e anplis ankò tann jou kote li va reyalize konplètman. Men bòn nouvèl yo, levanjil la, pale de bòn nouvèl la, mwen ta ka di ke se nouvèl ke wayòm li a te vini, inogirasyon vini wayòm nan... sa a se ensten mwen.

Kèk nan nou reponn pandan nap poze kesyon tankou, "Si nap atikile levanjil kretyen an, Èske nou pa ta dwe mete kèk eksplikasyon de lamò ak rezireksyon Jezi a?". Oubyen, "Èske nou pa ta dwe di kèk bagay sou peche ak nesesitye lavi etènèl de kòlè Bondye?".

Repons ki te soti nan seri kòmantè yo, se te yon bagay

Kisa Levanjil la Ye?

enkreyib. Literalman pandan plizyè mwa nou resevwa dè douzèn mesaj de tèm nan. Kèk nan yo te ekri pou remèsye pou kesyon yo ki te souolve; e gen lòt ki tap mande kisa sa te genyen de mal pou atikile levanjil la nan fason sa a, poutèt Jezikri te preche sou vini wayòm nan. Gen lòt ki te santi yo ankouraje sèlman poutèt yo tap tande lòt kretyen ki tap panse profondman sou kouman atikile Levanjil la.

Nan sèten fòm, mwen kontan pou wè kretyen ki antouzyasme lè yon diskisyon de levanjil la koumanse. Sa vle di ke yap pran sa o serye, e ke te panse sou detay de kisa Levanjil la sinifi. Pa ta gen anyen an bòn sante nan kretyen yo ki ta genyen ensolans nan defini epi konprann Levanjil la. Pou yon lòt bò, mwen kwè ke enèji ki jenere nan diskisyon sou Levanjil la ak fikse sou yon nyaj konfizyon jeneral kap flannen jounen jodi a. Finalman, kretyen yo senpleman pa an akò nan sa ki Levanjil la-e menm kretyen yo ki rele tèt yo levanjil.

Si nou poze san moun ki pwofese ke yo se kretyen evanjelik kesyon sa a, kisa bòn nouvèl Jezikris la ye? Pwobableman nou ta va resevwa swasant repons diferan. Tande sèmon evanjelik, li liv evanjelik, konekte nan sit entènèt evanjelik, nou ka jwenn anpil deskripsyon de Levanjil la, e anpil ladan yo eskliziv youn de lòt. La a genyen kèk ladan yo ke mwen te jwenn:

Bòn nouvèl yo se ke Bondye vle moutre ou favè enkreyib li. Li vle plen lavi ou ak "diven tou nèf", men Èske ou dispoze

pou voye vye veso a jete? Èske ou va koumanse panse gran? Èske ou va lonje vizyon ou epi abandone panse negative kap kenbe ou yo?

Sa a se Levanjil la nan yon fraz. Paske Kris te mouri pou nou, sila yo ki konfye nan li ka konnen ke kilpabilite yo te padone yon fwa pou tout. Kisa nou va di nan prezans Jij Bondye a? Yon sèl bagay, Kris te mouri nan plas mwèn. Sa a se Levanjil la.

Mesaj Jezi a se pi revolisyonè nan tout tan yo: "Ampi revolisyonè epi radikal Bondye a la a, lap avanse a travè rekonsilyasyon ak lapè, lap gaye nan la fwa, espwa, ak lanmou-pandan lap koumanse ak sa ki pi pòv yo, sa ki pi fèb yo, ak sa ki pi dou yo. Li lè pou chanje fason ou panse . Tout bagay prèske chanje. Li tan pou yon fòm lavi tou nèf. Kwè nan mwèn. Swiv mwèn. Kwè nan bòn nouvèl sa yo pou ou ka viv a travè yo menm e fè pati revolisyon an".

Bòn nouvèl yo se ke fas Bondye va toujou sou ou, ke nenpòt sa ou te fè, ke nenpòt kote ou te ye, oubyen konbyen erè ou te komèt. Li renmen ou e lap chèche ou pou ba ou favè li.

Levanjil la nan limenm menm fè referans a pwoklamasyon ke Jezi te mouri e li te resisite, li se Mesi a, sèl Senyè mond lan.

Bòn Nouvèl yo! Bondye ap tounen Wa e lap fè sa a travè Jezi! E se poutèt sa, Jistis Bondye, La Pè li, ak mond li a, dwe renouvle.

E nan mitan tout bagay sa yo, sètènman, gen bòn nouvèl pou

Kisa Levanjil la Ye?

ou e pou mwen. Men sa a se yon efè ki derive de mesaj Jezi a ki genyen yon enpak nan ou ak nan mwen. Men mesaj Levanjil la se de ki klas moun ou ye oubyen kisa ki ka pase ou. Sa a se rezilta Levanjil la plis ke levanjil la li menm menm... Lavi etènèl la se rezilta Levanjil la, se pa sant Levanjil la nan limenm menm. Levanjil la se pwoklamasyon Jezi, nan (de) sans. Se pwoklamasyon ke Jezi anonse a-rive wayòm Bondye a nan mitan estrikti moun yo. Men tou se pwoklamasyon sou Jezi-bòn nouvèl yo kote nan lamò li ak rezireksyon li, Jezi te mete wayòm Bondye disponib pou nou.

Kòm kretyen, senpleman map eseye oryante mwen sou yon fòm lavi patikilye, fòm lavi ke Jezi te ansenye ki te posib la. E mwen kwè ke fòm lavi ke jezi ofri a se meyè fason pou viv... Pandan tan an ap pase lè ou eseye viv nan manyè Jezi, ou koumanse rann kont ke kèk bagay pi fon ap pase. Ou koumanse konprann ke rezon ki fè ou nan fòm kòrèk ke wap viv la se paske ou anrasinen nan verite ki fon de kijan mond lan ye reyèlman. Ou vin rann ou kont ke wap viv plizanpli an akò ak reyalyte definitive la. Ou vin plizanpli pazapa ak nivo ki pi pwofon yon an inivè a... Kretyen yo te anonse fòm lavi Jezi sa a tankou "bòn nouvèl la".

Antandman mwen de mesaj Jezi a se ke li moutre nou viv nan reyalyte Jezi kounye a-la a menm e jodi a. Se prèske si Jezi kontinye, "Chanje lavi ou. Viv nan fason sa a".

Èske ou wè sa mwen di lè m di ke Levanjil la antoure ak yon nyaj konfizyon an? Si ou pat janm tande pale de krityanism nan, Kisa ou ta va panse apre ou fin li sitasyon sa yo? Ou ta va konnen ke kretyen ap eseye kominike yon jan de mesaj ki bon. Men pi lwen se yon bwase mele. Èske bòn nouvèl yo se sèlman ke Bondye renmen mwen, e ke mwen dwe koumanse panse plis pozitivman? Èske Jezi se yon gran egzanp ki moutre mwen viv yon lavi ki plen ak lanmou e konpasyon? Petèt li gen kèk bagay pou wè ak peche e padon. Aparàman kèk kretyen panse ke bòn nouvèl sa yo gen kèk bagay pou wè ak lamò Jezi. Gen kèk lòt ke aparàman, non.

Objektif mwen se pa decide la a epi kounye a menm kilès nan sitasyon sa yo ki pi bon oubyen ki pi mal (menm si mwen espere ke lè ou li liv sa a ou kapab decide pou tèt pa ou). Se senpleman pou enfatize sou anpil diferan opinyon ki soti nan lespri moun yo lè yo mande yo, Kisa Levanjil la ye?

Nan liv sa a mwen vle eseye ofri yon repons klè ak kesyon sa a, youn ki fonde nan sa Bib la menm ansenye de Levanjil la. Pandan pwosè sa a, map espere e map priye pou bagay swivan sa yo.

Premyèman, si ou se kretyen, mwen priye pou ti liv sa a-e plis enpòtan, verite gloriye yo ke li tante atikile-ka koz kè ou plen ak jwa ak adorasyon anvè Jezikri pou sa ki Li te konplete pou ou. Yon Levanjil mèg mennen nan yon adorasyon mèg. Li devye rega nou de Bondye de li devalorize sa ke Bondye te fè pou nou nan Kris. Levanjil bibliik la, o kontrè, se tankou yon konbistib nan

Kisa Levanjil la Ye?

founèz adorasyon. Lè ou plis konprann li, e kwè li, e repoze nan li, adorasyon anvè Bondye va pi plis pase sa Li ye e ke sa li te fè pou nou nan Kris. Pòl te di: "O pwofondè richès yo ki nan sa jès ak la syans Bondye!" (Women 11:33), e sa se poutèt kè li te plen ak Levanjil la.

Dezyèmman, mwen swete que lekti liv sa a ba ou yon konfyans ki pi fon lè wap pale ak lòt yo de bòn nouvèl Jezi yo. Mwen te konnen yon bon kantite kretyen ki ezite pandan yap pataje levanjil la ak zanmi yo, fanmi yo, ak moun yo konnen, sèlman paske yo pa genyen repons pou tout kesyon yo poze yo. Bon, petèt se vre, ke nenpòt moun ou ye a, ou pap janm kapab reponn tout kesyon, e mwen swete ke liv sa a ede ou pou reponn plis ladan yo.

Twazyèmman, mwen priye pou ou ka wè enpòtans Levanjil sa a pou lavi legliz ou, e kòm rezilta sa ou ka travay pou asire ke Levanjil la preche, chante, priye, panse, pwoklame, epi tandè nan chak aspè nan lavi legliz ou. Pòl te di ke se a travè legliz la ke inivè a va konnen sa jès miltifòm Bondye a. E kòmna sa ye menm? A travè predikasyon Levanjil la ki pote "pou tout moun" limyè plan etènèl Bondye a pou sove lemond (Efezyen 3:7-12).

Katriyèmman, mwen swete ke liv sa a ka file epe levanjil la nan lespri ou ak nan kè ou. Levanjil la se yon mesaj brèf, e li entèveni nan fason mond la viv ak priorite li yo, ak verite ki di e ki rafrechisan. Ak tristès, te toujou genyen yon tandans nan mitan

kretyen yo-e menm nan mitan levanjil yo-pou fè verite yo swa pou mond la ka asepte li. Youn nan priyè mwen se pou liv sa a ede pou prezève verite sa yo e pou prevni destriksyon pwòp yo menm menm, menmsi li difisil pou mond lan dijere, yo endispansab pou bòn nouvèl Jezi yo. Nou tout gen tanta pou prezante levanjil nan fòm ki pi atraktiv ke nou kapab pou nou ka tounen temwen anchante. Sa bon nan kèk fòm-yo "se bòn nouvèl" apre tou-men nou dwe pridan tou pou nou pa detwi verite levanjil la. Nou dwe prezève li, e mwen swete ke liv sa ede nou fè sa.

Finalman, si ou pa kretyen, mwen priye pou, pandan ke wap li liv sa a , li ka pwovoke yon panse pwofon de bòn nouvèl Jezikri yo. Sa a se mesaj kote noumenm kretyen nou te fonde lavi nou, e sa a se mesaj ke nou kwè kap tann yon repons de oumenm tou. Si gen yon bagay nan mond lan ke ou pa pran pòz bliye, se vwa Bondye kap di, "Bòn Nouvèl yo! Sa se solisyon pou ka sove anba jijman mwen!". se klas demand sa ki merite atansyon ou.

CHAPIT EN (1)

JWENN LEVANJIL LA NAN BIB LA

Èske ou te konnen ke sistèm pozisyonman global yo (GPS) ak lakòz anpil konfizyon nan lavil Eta Zini yo? Espasyalman nan ka lavil yo ki piti. Pou moun ki viv nan gran vil yo, ti teknoloji sa a se te tankou yon sovtaaj. Konekte GPS la, ekri nou adrès, e ou prè pou ale nan desten ou. San fè dètou, san pèdi nan lòt chemen-sèlman oumenm, machin ou, GPS ou, e ou la! "Ou te rive kote ou ta prale a".

Pa fè lontan, mwen te achte premye aparèy GPS mwen, ki te prensipalman premyeman yon zak de defi kont moun ki te responsab plan lari yo nan Washington DC, ke li prèske enposib pou sikile ladan yo. De tout fason, premye eksperyans mwen ak GPS se pat nan Washington. Se ten an Linden, Texas, nan ti vil riral kote mwen te grandi.

Kisa Levanjil la Ye?

Se ke GPS mwen an pa gen okenn pwoblèm pou navige lari ki kwaze nan Washington yo ki genyen doub sans. Sa ki ra se ken an Linden li gen pwoblèm. Gen kèk lari ke GPS la te kwè ki te egziste... an reyalye yo pat egziste. Koub yo ke GPS la te ensiste ke yo te posib, e yo pat posib. Adrès yo ke li te kwè ki te nan kèk kote, yo te plizyè kilomèt pi lwen-pi mal toujou, yo pat egziste.

Aparàman, inyorans sistèm GPS yo nan lavil piti se yon pwoblèm kap grandi. Nouvelis ABC te rakonte yon istwa sou kote rezidansyèl ke lari yo, pratikman, te konvèti an otowout, paske sistèm GPS yo tap mennen trafik la nan direksyon wout sa yo, angiz pou ta mennen yo nan avni prensipal yo. Gen lòt pwoblèm tou. Yon nonm pòv California tap ensiste ke sèlman li tap swiv enstriksyon GPS li lè li te dirije nan yon chemen riral, e li te vin kole nan ray tren yo fas a fas ak yon vagon. Nonm nan te sove, men sa te ale trè mal pou machin li te lwe a, ak GPS kit e koupab la.

Yon reprezantan Asosyasyon Otomobil Ameriken te demontre senpati, li te di: "Klèman sistèm GPS la te twonpe kondiktè a nan sans ke li pat dwe di li pou pase nan ray tren an", "Men sèlman paske yon aparèy di ou pou fè yon bagay ki danje anpil, sa pa vle di ke ou dwe fè sa", Non!

Donk, kisa kap pase? Fabrikan GPS yo di ke petèt pwoblèm nan se pa nan aparèy yo, kap fè egzakteman sa ke yo dwe fè. Vre pwoblèm nan se nan kat jeografik ke aparèy yo genyen an. Es-

pesyalman nan lavil piti, kat jeografik ki disponib pou sistèm GPS yo genyen plizyè ane oubyen dizèn dane depi yo trase. Gen kèk fwa kat jeografik yo se pito plan-sa ke moun ki te rive anvan yo te planifye pou si yon jou kote a ta vin grandi. Rezilta? Pafwa adrès ki parèt nan kat jeografik ki yo te planifye a vin tonbe nan lòt kote lè vil la vin konstwi. Kèk ti chemen ke moun ki te planifye yo te panse konstwi, e ki pat janm konstwi an reyalyite- e pafwa sa ki te nan plan an se te yo lari, li vin rete pou ray tren an!

Nan mond GPS yo, menm jan an tou nan lavi, li enpòtan pou jwenn enfòmasyon ou nan sous yo ki konfyab.

KILÈS KI OTORITE NOU?

Se menm bagay la tou lè nou abòde kesyon sa a, Kisa Levanjil la ye? Depi nan koumansman nou dwe pran yon desizyon sou ki sous enfòmasyon ke nou pral itilize pou reponn kesyon sa a. pou evanjelik yo, jeneralman repons la senp: Nou jwenn repons la nan Bib la.

Sa a se vre, men li itil pou konnen depi anvan ke se pa tout moun ki dakò ak repons sa a. Diferan tradisyon "kreyèn" te ofri repons diferan a kesyon sa a sou otorite. Pa egzanp, gen kèk ki te di ke nou pa dwe baze antandman nou de levanjil la sèlman nan pawòl yo ki nan Bib la, sinon nan tradisyon Kreyèn. Yo di ke si legliz te kwè yon bagay pou anpil tan, enben nou dwe asepte li tankou verite. Gen lòt ki te di ke nou konnen verite a

Kisa Levanjil la Ye?

nan itilizasyon rezon. Pandan nap konstwi antandman nou soti anba pou rive anlè-A mennen a B mennen a C mennen a D-va bannou yon antandman vrè de nou menm menm, de mond lan, e de Bondye. Gen lòt ki di ke nou dwe chèche laverite levanjil la nan pwòp eksperyans nou. Sa ki sonnen nan kè nou se sa ki finalman nou konprann kòm laverite de Bondye nou an.

Sepandan, si ou pase tan sifi pou panse sou sa, ou va rann kont ke chak sous potansyèl otorite sa yo, te fayi nan konpliman sa ke yo pwomèt la. Tradisyon an kite nou konfyè sèlman sou opinyon moun. Rezon an, tankou nenpòt etidyan filozofi va di ou, li kite nou mouye nan enkredilite. (Eseye pwouve, pa egzanp, ke ou pa pwodwi imajinasyon de lòt moun, oubyen ke senk sans ou yo reyèlman konfyab). E eksperyans la kite nou konfyè nan kè nou ki enkonstan pou deside sa ki verite-menm moun ki pi onèt yo pa estab nan pi bon moman yo.

Donk, Kisa nou fè? Ki kote nou va ale pou konnen sa ki verite, e konsa pou konnen vrèman bòn nouèl Jezikri yo? Tankou kretyen, nou kwè ke Bondye te pale ak nou nan Pawòl li, ki se Bib la. Anplis, nou kwè ke sa Bondye te di nan Pawòl li enfayib epi li pa varye, se poutèt sa li pa kite nou nan dout, desespasyon, oubyen ensètitud, sinon nan konfyans. Pòl te di: "Tout Ekriti a enspire pa Bondye", epi "itil pou ansenye" (1 Timote 3:16). Wa David te ekri, *Kanta Bondye, chemen li pafè, E pawòl Jeova a deja sonde.* (Sòm 18:30)

Donk se konsa nou gade Pawòl Bondye a pou jwenn sa ke li te di de Pitit Gason li a Jezi ak bòn nouvèl levanjil yo.

KIBÒ NOU CHÈCHE NAN BIB LA?

Men, Ki kote nou chèche nan Bib la pou jwenn sa? Mwen sipoze ke genyen plizyè pwèn ke nou ta ka pran. Youn ladan yo se chèche tout okazyon kote pawòl *levanjil la mansyone* nan Nouvo Testaman an e epi eseye rive nan yon konklizyon de sa otè yo vle di lè yo itilize pawòl sa a. Se sèten ke nan kèk enstan ekriyen yo fè anpil atansyon lè yo defini li.

Ta ka genyen kèk bagay enpòtan pou aprann sou apwòchman sa a, men genyen enkonvenyan tou. Youn nan yo se ke nan Nouvo Testaman an ekriyen yo, evidaman eseye bay yon adisyon de tout bòn nouvèl yo Krityanism nan, men yo pa itilize mo *levanjil* nan sa. Pran sèmon Pyè a, pa egzanp, jou pannkot la nan Ak 2. Si te genyen yon pwoklamasyon de bòn nouvèl Krityanism yo, sètènman se te sa-e atout sa Pyè pa mansyon mo *levanjil*. Lòt egzanp se apòt Jan, ki itilize mo sa a yon sèl fwa sèlman nan tou ekri li yo nan Nouvo Testaman an (Apokalips 14:6).

Pèmèt mwen sijere ke, pou kounye a, nou pap abòde travay pou defini kontou bazik levanjil kretyen an a travè etid pwòp pawòl la, sinon, gade sa premye kretyen yo te di de Jezi ak kisa lavi li, lamò li, ak rezireksyon li sinifye. Si nou chèche nan ekri ak sèmon apòt yo nan Bib la, nou va jwenn ke yap eksplike, kèk fwa an brèf

Kisa Levanjil la Ye?

e kèk fwa lajman, sa ke yo te aprann de Jezi menm de bòn nouvell yo. Petèt nou va kapab disène kèk seri kesyon an komen, oubyen kèk verite ki pataje nan mitan apòt yo ak premien kretyen yo, ki te konstwi prezantasyon bòn nouvell Jezi yo.

LEVANJIL LA NAN WOMEN 1-4

Youn nan pi bon kote pou koumanse chèche eksplikasyon preliminè de levanjil la se nan lèt Pòl te voye bay Women yo. Petèt ak plis klète ke nenpòt lòt liv nan Bib la, Women yo genyen yon ekspresyon delibere ak pa yo ke Pòl te konprann tankou bòn nouvell yo.

Liv Women an, se pa yon *liv*, o mwens, se pa jan ke nou imajine yon liv jeneralman. Se yon lèt. Yon lèt kote Pòl prezante tèt li limenm menm epi ofri mesaj li a bay yon gwoup kretyen ke li pat janm rekonèt. Se poutèt sa yo ka jwenn yon estil sistematik, pazapa. Pòl te vle pou kretyen sa yo konnen de ministè li, e espesyalman de mesaj li a. Li te vle pou yo konnen ke bòn nouvell ke li tap preche a se te menm bòn nouvell ke yo te gentan kwè a.

Pòl di, "Mwen pa wont de levanjil la", "paske se pouvwa Bondye pou sove tout moun ki kwè" (Women 1:16). A pati de la, espesyalman nan kat premye chapit yo, Pòl eksplike bòn nouvell Jezi yo ak anpil detay. Lè nou avanse etid nou sou pasaj sa yo, nou wè ke Pòl konstwi prezantasyon levanjil la alantou kèk verite fondamantal, verite yo ki parèt plizyè fwa nan ansèyman apòt yo. Ann gade pwogre panse Pòl nan Women 1-4.

Premyeman, Pòl di lektè li yo ke se bay Bondye sèlman ke yo dwe rann kont. Apre pwen nan entwodiksyon an nan Women 1:1-17, Pòl koumanse prezantasyon li de levanjil la pandan li tap deklareke “kòlè Bondye te manifeste depi nan syèl la” (v. 18). Ak premye pawòl li yo, Pòl ensiste ke limanite pa otonòm. Nou pat fè tèt nou noumenm menm, nou pa oto-depandan ni oto-jistifyab. Non, se Bondye ki te kreye mond la e tout sa ki genyen ladan li, e limanite tou. E poutèt se li ki te kreye nou, Bondye genyen dwa pou reklame adorasyon nou anvè li. Gade sa Pòl di nan vèsè 21: “Lè yo te konnen Bondye, yo pat glorifye li tankou Bondye, ni yo pat dil mèsì, sinon ke yo te egare tèt yo nan pwòp rezonman yo, e kè yo ki san konprann te vin nan tenèb”.

Sa a se akizasyon Pòl sou limanite: Yo te peche paske yo pat ni onore Bondye ni di l mèsì. Se obligasyon nou tankou moun ke Bondye te kreye e li se mèt nou, pou ba li glwa ki apatyen a li, e viv, pale, aji, e panse de yon manyè ki rekonèt e asepte otorite li sou nou. Se li ki fè nou, se pou li nou ye, nou depann de li, e poutèt sa nou dwe rann li kont. Sa a se premye pwen ke Pòl elabore pandan li tap eksplike bòn nouvèl krityanism nan.

Dezyèmman, Pòl di lektè li yo ke pwoblèm yo genyen se ke yo te fè rebèl kont Bondye. Yomenm-asanm ak tout lòt moun- yo pat onore Bondye, ni yo te dil mèsì jan yo te dwe a. Kè yo ki san konprann te vin nan tenèb “e yo te chanje glwa Bondye enkoriptib la an sanblans imaj moun koriptib, zwazo, kwadripèd ak

Kisa Levanjil la Ye?

reptil (v. 23). Sa a se yon imaj ki bay kè plen, Se pa vre? Ke moun yo konsidere Kreyatè yo e apre sa yo decide ke yon imaj an bwa oubyen an metal, de krapo ou de yon bèt kap vole, e yo menm menm, pi gloriye, ak plis satisfaksyon, se ensilt ki pi gwo ak rebelyon kont Bondye. Sa a se rasin esans peche a, e rezilta li yo orib menm jan an.

Nan twa chapit swivan yo, Pòl enfoke sou pwen sa yo san rete, pandan li tap akize tout limanite de pechè devan Bondye. Nan chapit 1 an li enfatize sou Janti yo (Moun lòt nasyon ki pa jwif) e apre sa nan chapit 2 a li akize Jwif yo ak menm fòs la. Se kòm si Pòl te konnen ke sila a ki pi sen nan jwif yo tap aplodi kout fwèt nan do Janti yo, se konsa li fè demi tou e nan Women 2:1 li pwen-te dwèt akizate li sou sila yo kap aplodi a: "Se poutèt sa nou pa gen eskiz". Menm jan tankou Janti yo, Pòl di ke Jwif yo te vyole la lwa Bondye e yo anba jijman.

Pou rive nan mwatye chapit 3 a, Pòl te gentan akize tout moun yo kin an rebelyon kont Bondye. "Nou te gentan akize Jwif yo ak janti yo, ke yo tout anba peche" (v. 9). E konklizyon li a reflektiv se ke lòske nou devan Bondye, Jij la, tout bouch va fèmen. Pèsonn pa va kapab defann tèt li. Yo pap chans ni a yon eskiz. Tout moun-Jwif, Janti, e chak nan nou-va responsab pou lavi li devan Bondye (v. 9).

Kounye a, pandan nap pale sensèman, de premye pwen sa yo pa gen anyen de pa bòn nouvèl ladan yo. Yo se trè movèz nouvèl.

De fê ke mwen te rebele kont yon Bondye ki sen e jis, e ki te kreye mwen, se pa yon bon panse. Men se enpòtan, paske li prepare chemen bòn nouvèl yo. Sa genyen sans si ou panse sou sa. Si yon moun di li, "mwen vin sove ou!" se pa yon bòn nouvèl, a mwens ke ou kenvenk totalman ke ou gen bezwen pou yo sove ou.

Twazyèmman, Pòl di ke solisyon Bondye pou peche limonite se lamò sakrifisyèl e rezireksyon Jezikri. Lè li te fin eksplike move nouvèl nan ki pwoblèm noumenm pechè nou ye devan yon Bondye ki jis, Pòl entwodwi bòn nouvèl yo, levanjil Jezikri a.

Pòl di, "Men kounye a", malgre peche nou, "kounye a apa de la lwa a, jistis Bondye te manifeste" (v. 21). Nan lòt mo, egziste yon mwayen pou moun yo ka konte tankou jis devan Bondye angiz de enjis, pou deklare inosan angiz koupab, pou jistifye angiz de kondane. E sa pa gen anyen pou wè ak aji pi byen oubyen viv yon lavi ki pi sen. Jistis sa a vini "apa de la lwa a".

Donk, Kouman sa fonksyone? Pòl eksplike li byen laj nan Women 3:24. Malgre rebelyon nou kont Bondye, ak sitiyasyon nou ki san espwa, nou ka "jistifye gratis pa gras li, a travè redansyon ki nan Jezi, Kris la". A travè sakrifis lamò ak rezireksyon Jezikri-pa mwayen san li ak lavi li- noumenm pechè yo nou kapab sove anba kondensasyon ke peche nou yo merite.

Men gen yon lòk kesyon ke Pòl reponn. Kijan sa konvèti an bòn nouvèl pou mwen? Kouman pou m rive fê pati lavi etènèl sa a ke li pwomèt la?

Kisa Levanjil la Ye?

Finalman, Pòl di lektè li yo kouman yo menm menm kapab antre nan lavi etènèl sa a. Se de sa ke li ekri depi final chapit 3 a jis chapit 4 la. Lavi etènèl ke Bondye bay la vini "pa mwayen la fwa nan Jezi Kris", e se "pou tout moun ki kwè" (3:22). Donk, Kijan pou lavi etènèl sa tounen bòn nouvèl pou mwen e non sèlman pou lòt moun yo? Kouman mwen ka antre nan plan sa a? Pandan wap kwè nan Jezi. Pandan map konfye nan li e nan pèsonn lòt pou sove mwen. "Men sila a ki pa fè zèw, men ki kwè nan sila a ki jistifye enpi a, la fwa li konte tankou jistis" (4:5).

KAT KESYON ENPÒTAN

Kounye a, lè nou fin analize agiman Pòl la nan Women 1-4, nou ka wè ke anndan pwoklamasyon li yo de levanjil la, nou rankontre kat kesyon enpòtan:

Kilès ki te fè nou e a kimoun nou dwe rann kont?

Ki pwoblèm nou genyen? Nan lòt mo, Èske nou nan difikilte? Poukisa?

Ki solisyon Bondye genyen pou pwoblèm nan?

Kisa Bondye te fè pou sove nou?

Kouman ke mwen menm-la a menm e kounye a-mwen ka antre nan lavi etènèl sa a? Kisa ki fè ke bòn nouvèl sa yo kapab pou mwen e non sèlman pou lòt moun yo?

Nou ta ka rezime kat pwen sa yo nan fason sa a:

Bondye, lòm, Kris, e repons.

Se vre ke Pòl kontinye moutre yon enfinite de lòt pwomès Bondye te fè pou sila yo ki sove nan Kris, e anpil nan pwomès sa yo kapab defini trè byen tankou bòn nouvell Krityanism nan, levanjil Jezikri a. Men li enpòtan pou nou konprann depi nan koumansman an ke tout gwo pwomès sa yo depann de kat sa yo e yo pase a travè kat sa yo. Pwomès sa yo se sèlman pou sila yo ke te resevwa padon pou peche yo pa mwayen la fwa nan Kris la kit e krisifye e resisite. Se poutèt sa, lè Pòl prezante levanjilla, li koumanse la a-ak kat verite enpòtan sa yo.

LEVANJIL LA NAN RÈS NOUVO TESTAMAN AN

Se pa sèlman Pòl ki fè sa. Selon jan ke mwen li ekriti apòt yo nan Nouvo Testaman an, mwen rann mwen kont ke kat kesyon sa yo jwenn repons yo plizyè fwa. Ke nenpòt lòt bagay ke yap di, kat kesyon sa yo la anndan sant prezantasyon yo de levanjil la. Kontèks yo chanje, pèspektiv yo chanje, mo yo chanje, fokis yo chanje, men nan kèk fòm premye kretyen yo toujou mennen lektè a sou kat di-lèm sa yo: Nou responsab devan Bondye ki te kreye nou. Nou te peche kont Bondye e nou va al nan jijman. Men Bondye te aji a travè Jezikris pou sove nou, e nou ka posede lavi etènèl sa a pa mwayen repantans peche nou yo e la fwa nan Jezikris:

Bondye. Lòm. Kris. Repons.

Annou gade lòt pasaj nan Nouvo Testaman an kote levanjil Jezikris la rezime. Pa egzanp pawòl selèb Pòl yo nan 1 korentyen 15:

Kisa Levanjil la Ye?

Anplis de sa mwen deklare nou, frè yo, levanjil ke mwen te preche, ke nou te resevwa tou, e nou te kanpe ladan li; pa mwayen sa a menm jan an tou, si nou kenbe pawòl la ke mwen te preche nou an, nou sove, si nou pat kwè an ven. Paskè premyeman mwen te ansenye nou sa ke mwen te resevwa konsa menm: Ke Kris te mouri pou peche nou yo, selon Ekriti yo; e yo te antere li, e ki te resisite sou twazyèm jou a, selon Ekriti yo; e ke li te parèt devan Sefas, e apre sa devan douz yo (v. 1-5).

Èske ou rive wè estrikti santral pasaj la?

Pòl pa antre nan anpil detay tankou nan Women 1-4, men kontou prensipal yo tou klè. Moun yo nan pwoblèm, plonje nan “peche nou yo” ak nesosite pou “sove” (de yon fòm ki eksplike tèt li, men ki pa site, lavi etènèl de jijman Bondye a). Men lavi etènèl la vini nan sa: “Kris te mouri pou peche nou... yo te antere li... y li te resisite”. E tout sa yo kapab jwenn “si nou kenbe pawòl ke mwen te preche nou an”, pandan nap kwè tout bon vre e non an ven. Donk men li: Bondye, lòm, Kris, repons.

E menm nan sèmon yo ki ekri nan liv Ak yo, kontou santral sa a de levanjil la trè klè. Lè Pyè di moun yo nan jou pannkot la sa yo te dwe fè kòm repons a pwoklamasyon li yo de lamò e rezireksyon Jezi a, li di yo, “repanti, e batize nou chak, nan non Jezikri pou padon peche yo” (Ak 2:38). Ankò, egzòtasyon Pyè pa twò elabore, e jijman Bondye a, la a ankò yon jan pa deklare, men

li la a nan menm fason an. Pwoblèm nan: ou bezwen Bondye pou padone peche ou yo, pou l pa jije ou pou yo. Solisyon: lamò ak rezireksyon Jezikris, ke Pyè te pale de sa anpil nan sèmon li a: Repons nesèsè a: repantans e la fwa, e mete sa an evidans pa mwayen batèm.

Nan lòt sèmon Pyè, nan Ak 3:18-19, kat verite enpòtan sa yo evidan ankò:

Men Bondye te akonpli konsa sa ke li anonse anvan pa bouch tout pwofèt yo, ke Kris li a te dwe souffri. Donk, repanti e konvèti, pou peche nou yo ka efase; pou tan rafrechisman an ka vini soti nan prezans Senyè a.

Pwoblèm: ou bezwen pou yo efase peche ou yo, pou Bondye pa jije yo. Solisyon: Kris te souffri. Repons: Repanti e konvèti a Bondye ak la fwa.

Oubyen konsidere a Pyè kap preche Kònèy ak fanmi li levanjil la:

E nou menm nou se temwen tout bagay ke Jezi te fè sou tè Jide a ak nan Jerizalèm; sila a ke yo te touye pandan yo te pann li sou yon bwa. Bondye te leve li sou twazyèm jou a, e li te fèl manifeste; non devan tout pèp la, sinon devan temwen yo ke Bondye te òdone anvan sa, a nou menm ki te manje a bwè ak li apre li te resisite soti nan lamò. E li te voye nou pou preche

Kisa Levanjil la Ye?

pèp la, e pou temwaye ke se limenm ke Bondye te mete pou jij vivan yo ak moun mouri yo. Tout pwofèt yo bay temwanyaj de li, ke tout moun ki kwè nan li, va resevwa padon pou peche nan non li. (Ak 10:39-43)

Padon pou peche. A travè non de sila a ki te krisifye e resisite. Pou tout moun ki kwè.

Pòl tou, preche menm levanjil la nan Ak 13:

Se pou n konnen sa, gason frè yo: ke pa mwayen li yo anonse nou padon peche yo, e ke tout sa yo ki pat ka jistifye pa la lwa Moyiz la, nan li, tout sila yo ki kwè, jistifye. (v. 38-39)

Ankò, patwon ki klè la a se Bondye, lòm, Kris, e repons. Ou bezwen pou Bondye ba ou "padon pou peche yo". Sa pase "pa mwayen Jezi", e se pou "tout moun ki kwè".

PANDAN NAP EKSPLIKE VERITE ENPÒTAN YO NAN ANPIL FASON

Evidaman estrikti sa de Bondye-lòm-Kris-repons se pa yon fòmilkonkondisyonèl. Apòt yo pa wè pwen sa yo nesèsèman tankou yon resèt lè yo pwoklame levanjil la. Yo eksplike kat pwen sa yo de divès fòm sa depan de kontèks la, tan yo genyen pou preche, e ki moun ki nan odyans yo. Gen okazyon ke kèk nan pwen sa yo enplisit angiz eksplisit-espesyalman paske se a Bondye ke nou dwe rann kont e se nan li nou jwenn kado padon an. Men yon fwa

ankò, sa a se yon konsèp ke yo te plante pwofondman nan lespri Jwif yo, a sila yo ke apòt yo te konn pale ak frekans.

Pou yon lòt bò, lè Pòl pale ak yon gwoup filozòf payen nan aewoplaj la, li koumanse egzaktman nan koumansman an, ak Bondye menm. Sèmon Pòl la nan Ak chapit 17 sa site trè frekàman tankou yon modèl predikasyon bòn nouvel la nan yon kilti payen. Men gen yon bagay trè enteresan e ki ra de sèmon sa a. si ou analize li ak atansyon ou ka rann ou kont ke Pòl pap pwoklame reyèlman bòn nouvel Kris yo, sinon move nouvel yo!

Pòl koumanse, "Banm pale nou de Bondye enkonni sa a ke nou te dedye yon lotèl la". Apre sa li eksplike yo nan vèsè 24-28 ke genyen yon Bondye, e ke Bondye sa a te fè mond lan, e li rele yo adore li. Lèl te fin etabli sa, li te kontinye nan vèsè 29 la pou eksplike konsèp peche a e rasin li nan adorasyon a bagay ki kreye angiz Bondye. Anplis de sa li di yo ke Bondye va jije a moun kap koute l yo "poutèt gason sa a ke li te dezinye", yon nonm ke Bondye te leve nan mitan mò yo (v. 31)

E apre sa li kanpe la! Gade byen pre. Pa gen okenn mansyon de padon, oubyen de kwa a, oubyen de pwomès lavi etènèl la- Sèlman yon deklarasyon de sa Bondye vle, ak yon pwoklamasyon de rezireksyon an kòm prèv de jijman li a ki gen pou vini an! Pòl pa menm mansyonnen non Jezi!

Enben, Kisa kap pase la a? Èske Pòl pap preche levanjil la la a? Bon, non, se pat nan menm moman an. Pa gen levanjil, pa gen

Kisa Levanjil la Ye?

bòn nouvèl nan sèmon piblik li a. Nouvèl ke Pòl ofri yo se move nouvèl tout ye. Men obsève vèsè 32-34 yo, kote Bib la di moun yo te vle tandè Pòl yon fwa ankò, e kèk ladan yo te kwè. Aparàman, Pòl te preche bòn nouvèl yo-ke pechè yo ka chape anba jijman kap vini an-nan kèk lòt moman, petèt an piblik, petèt an prive.

Menm jan ak lòt apòt yo, Pòl te pafètman fleksib pou prezante verite fondamantal levanjil la nan diferan manyè. Men sa ki enpòtan vre e ke nou dwe aprann se ke si te genyen kèk verite fondamantal nan levanjil la, e nan sèmon yo ak lèt yo ki konsève jis jounen jodi a nou ka genyen yon bon lide ki verite sa yo te ye e ki sa yo ye. Nan Women, 1 Korentyen, nan sèmon yo ki nan Ak yo, ak nan rèz Nouvo Testaman an, premye kretyen yo te konn estriktire deklarasyon yo de bòn nouvèl la alantou de kèk verite ki kritik.

Premyèman move nouvèl yo: Bondye se yon Jij, e ou te peche kont li. E apre sa levanjil la: men Jezi te mouri ke anpil pechè ka padone de peche yo si yo repanti epi kwè nan li.

CHAPIT DE (2)

BONDYE KREYATÈ JIS LA

Pèmèt mwen prezante ou bondye. (Gade byen lèt miniskil la).

Mwen konseye ou pou pale dousman pandan nap antre. Petèt wap dòmi nan moman sa a. gade li fin granmoun, e li pa konprann ni li pa renmen mond modèn sa a. Epòk lò li-de sa ke li pale lè li kontan-sa gen anpil tan de sa, anvan ke anpil nan nou te fèt. Se de tan sa yo kote moun yo te bay sa li panse de bagay enpòtans, e yo te konsidere li pou yon moun trè enpòtan nan lavi yo.

Mè wi, tout bagay sa yo te chanje jodi a, ti bondye pòv la, senpleman pat janm adapte byen. Lavi a te kontinye chemen li, e li te kite li dèyè. Kounye bondye pase plis tan li nan jaden dèyè kay la. Pafwa mwen ale wè li, e se la ke nou pase tan nou, pandan nap mache epi pale dousman ak afeksyon nan mitan flè yo...

Kisa Levanjil la Ye?

De tout fason, sanble ke anpil moun toujou renmen li, oubyen omwen li te fè yon jan pou kenbe pousantaj asepsasyon an wo. E li ta siprann pou wè ki kantite moun ki ale vizite li e poze li kesyon sou anpil bagay pafwa konsa. Men sa pa anniyè li. Li la pou ede.

Nou remèsye syèl la, tout moman de iritasyon sa yo ke ou li nan vye liv ou yo, pa egzanp, lè tè a te louvri e konsime kèk moun, oubyen lè dife te soti nan syèl la tonbe sou plizyè vil, jan de bagay sa yo- tout sa te sanble pèdi vale yo lontan sa. Kounye a bondye se yon bon zanmi, de zanmi sa yo ke moun pa bezwen envesti anpil tan ak yo, e anplis de sa li fasil pou etabli yon konvèsasyon ak li-espesyalman depi lè li prèske pa pale, e lè li fè li se pou di mwen pa mwayen yon "sinyal" etranj ki an akò ak sa ke mwen vle fè. Sa a se pi bon klas zanmi, Se pa sa?

Men ou konnen kisa ki fè sa pi bon toujou? Li pa jije mwen. Janmen, pou anyen. Bon, mwen konnen nan fon kè mwen ke li swete pou m ta yon pi bon moun-ki gen plis lanmou, mwens egoyis-men li reyalis. Li konnen ke mwen se moun e ke pèsonn pa pafè. E mwen konplètman sèten ke anyen nan sa yo anniyè li. Anplis de sa, padone moun fè pati travay li. Se pou sa ke li la. Aprè tou, li se lanmou, pa vre? E mwen renmen panse sou lanmou kòm li "pa janm jije, sèlman padone". Sa a se bondye ke mwen rekonèt la. E se vre ke mwen pa bezwen okenn lòt.

Oke, tan yon moman... Oke, nou pa antre kounye a. E pa okipe ou, nou pa bezwen rete pou anpil tan. Se vre. Li gen gratitud pou chak minit ke nou ba li.

SIPOZISYON SOU BONDYE

Bon, se vre ke, ti istwa sa a te agzajere de ridikil. Mwen mwen poze tèt mwen kesyon ke si reyèlman lwen de sa ke anpil moun panse de Bondye, e menm moun sa yo ki rele tèt yo Kretyen. Pou majorite moun, Bondye se tankou yon gran papa emab, bon, yon ti jan konfonn e ki nesosite, men ki gen anpil lanmou, ki gen dezi, men ki pa pase lòd, e ou ka bliye li trankilman si ou pa gen tan pou li, e li trè, trè, trè konpreyansib poutèt moun yo komèt anpil erè. Bon, li pi konpreyansib ke nou tout.

Lontan, sa te konn pase, menm lè anpil moun pat pale de tèt yo tankou kretyen, yo te genyen yon antandman bazik de ansèyman Biblik la de Bondye e karaktè li. Sa te fè pati atmosfè a ke moun yo tap respire, e-jan apòt yo te fè ak zanmi jwif yo-ou te ka fè anpil sipozisyon de sa ke moun yo te konnen lè yo te prezante yo levanjil la.

Sa pa verite kounye a, o mwen nan pifò plas nan mond lan. Mwen te grandi nan ti vil sou lès Texas, e majorite moman yo, rakonte yon moun sou levanjil la te vle di pou repase yon mesaj ke yo te gentan tande mil fwa. E lè m tale nan Inivèsite nan New Haven, Connecticut, se te yon anbyans diferan. Brip sou kou, mwen te antoure ak moun ki pat ko tande pale de Bondye, e depi nan koumansman mwen te vle debat. Mwen sonje ke premye fwa ke mwen te rekonèt yon moun ki te tande mwen fè mansyon Bondye nan konvèsasyon an, li te di, "Se blag wap fè. Reyèlman ou kwè sa?" E apre sa li te ri.

Kisa Levanjil la Ye?

Epizòd sa a te repete douzèn fwa pandan ane swivan yo, e mwen te sèlman aprann pou m di “Wi, mwen kwè sa”. Men mwen te aprann rapid tou ke mwen pa ka fè sipozisyon sou sa moun yo kwè de Bondye. Si mwen pral pwoklame levanjil Bondye a jounen jodi a, mwen va koumanse depi nan koumansman an-ak Bondye menm.

Bon, ou ta ka (ta dwe) tout yon lavi ap etidye sa Bondye te revele nou de limenm menm, e ou pa bezwen di tout sa ke ou konnen de Bondye pou prezante levanjil la fidèlman. Men gen kèk verite sou Bondye ke yon moun dwe konnen pou ka konprann sa kap pase nan bòn nouvell Krityanism nan. Panse sou sa kòm si se te bòn nouvell yo ki anvan move nouvell yo ki anvan Bòn Nouvell yo.

Gen de pwen ki pou byen klè depi nan koumansman an-ke Bondye se Kreyatè, e ke li sen e jis.

BONDYE KREYATÈ A

Koumansman mesaj Krityanism nan-bon, se koumansman Bib kretyen an- se ke “*Bondye te kreye syèl yo ak tè*”. Tout bagay koumanse nan pwen sa a, tankou yon flèch ke yon moun tire ak yon desten, nou komèt erè nan pwen sa a, pa konsekans tout sa ki vini apre va nan erè tou.

Liv Jenèz la koumanse ak narasyon istwa Bondye kap kreye mond la: Mòn li yo ak vale yo, animal ak pwason yo, zwazo ak

reptil yo, tout bagay. Bondye te kreye rès inivè a tou: etwal yo ak la lin nan, planet yo ak galaksi yo. Tout bagay sa yo egziste pa mwayen pawòl Bondye pale e tout bagay te soti nan anyen. Bondye pat pran kèk materyèl ki te egziste anvan e li te bali fòm tankou tè wouj pou te fè tout divès bagay ke nou wè nan mond lan. Non, Jenèz di nou ke li te pale, e sa te fèt. Li te di: "Se pou gen limyè". E limyè a te fèt.

Anpil pasaj bibliik di nou kouman kreyasyon an temwanye glwa ak pouvwa Bondye. Sòm 19:1 di: "*Syèl yo rakonte glwa Bondye*". "*E fimaman an zèv men li*". Pòl di nan Women 1:20: "*bagay envizib li yo, pouvwa etènèl ak divinite li, vizib klèman klèman depi nan kreyasyon mond lan*". Si kèk fwa ou te kanpe bò kèk kanon e ou te wè zwazo yo kap vole devan ou e ou te santi nyaj yo nan men ou, oubyen si ou te nan bwa kèk fwa anba yon gwo tanpèt, enben ou dwe konnen de kisa Pòl ap pale a. Gen yon bagay de grande kreyasyon an ki pale byen ba nan kè moun kap di, "Ou pa poukont ou nan egzistans lan".

Istwa kreyasyon an ale lwen kanta enpòtans ak objektif selon jan jou yo ap pase. Premyeman se te kreyasyon limyè, apre sa lame a, apre sa tè a, apre sa lalin nan ak solèy la, apre sa zwazo yo pwason yo ak animal yo, e apre sa sou tè kreyasyon Bondye a-gason an ak fanm nan.

"E Bondye te di: Ann fè lòm tankou imaj nou, selon resanblans nou; e pou domine sou pwason nan lamè yo, sou bèt yo, nan tout

Kisa Levanjil la Ye?

latè, ak tout animal ki trennen sou tè a. E Bondye te kreye lòm selon imaj li, selon imaj Bondye li te kreye li; li te kreye yo gason ak fanm
: (Jenèz 1:26-27)

Ke nenpòt bagay ke ou panse de kreyasyon an, enplikasyon deklarasyon sa yo-ke Bondye te kreye mond lan e espesyalman te kreye ou- trè gran. Sèlman kounen ke tè a se pa yon fen nan limenm menm, sinon ke li te soti nan lespri, pawòl, ak men Yon Moun se yon lide revolisyonè, espesyalman nan jou nou yo. Kontrèman ak enkredilite ki predominans nan panse moun, sa vle di ke tout linivè a gen yon objèktif-e menm nan moun yo. Nou pa rezilta yon aza ak chanjman jenetik, oubyen entèchanj materyèl, oubyen aksidan kwomozom yo. Nou se kreyati! Nou tout se rezilta yon lide, yon plan, yon aksyon Bondye menm. E sa mennen sou de bagay pou lavi moun: sinifikasyon ak responsabilite (Jenèz 1:26-28).

Okenn nan nou otonòm, e konprann konsèp sa a se kle pou konprann levanjil la. Malgre chita pale nou toujou fè de libète ak dwa, reyèlman nou pa tèlman lib jan nou ta renmen lan. Yo te kreye nou. Yo te fè nou. E poutèt sa nou gen mè.

Paske li te kreye nou, Bondye gen dwa pou l di nou kijan nou dwe viv. Se konsa nan jaden Edenn nan, li te di Adan ak Èv nan ki pye bwa ke yo te ka manje fwi, e nan ki pye bwa yo pat ka manje fwi (Jenèz 2:16-17). Bondye pa tap aji tankou yon timoun yo tolere, ki tap anniyè ti frè ak yon seri prensip kaprisye pou wè sa

ki ta pral pase. Non, Bib la di ke Bondye bon. Li te konnen sa ki te bon pou pèp li, e li te ba yo règ sa yo ki ta ka prezès a e ogmante bonè yo ak byennèt yo.

Yon degre antandman sou sa absoliman nesèsè si yon moun vle konprann bòn nouvè Krityanism nan. Levanjil la se yon repons a move nouvèl peche yo, e peche a se kote lòm rejte dwa yo ak otorite Bondye Kreyatè genyen sou li. Donk verite fondamantal egzistans moun, sous kote tout règ bagay yo soti, se ke Bondye te kreye nou, e poutèt sa, se pou li nou ye.

BONDYE SEN E JIS LA

Si ou te ka dekri karaktè Bondye nan kèk mo sèlman, Kisa ou ta di? Ke li gen lanmou e bon? Ke li gen konpasyon e padone? Tout sa yo se verite. Lè Moyiz te mande Bondye pou moutre li glwa li e pou l te di li non li, men sa Bondye te di:

E pandan Jeova tap pase devan li,

Li te pwoklame: Jeova! Jeova! Fò, mizerikòdye e gen pyete; lan pou fè kòlè, e gran nan mizerikòd ak verite; ki kenbe mizerikòd a milye, ki padonnen inikite, rebelyon ak peche. (Egzòd 34:6-7)

Sa se yon mèvèy lè Bondye vle di nou non li epi moutre nou glwa li-ki se reyèlman moutre nou pwòp kè li- Kisa li di? Ke li gen lanmou e li konpasif, li lan pou fè kòlè e li plen ak lanmou.

Men gen kèk bagay anplis nan pasaj sa ke jeneralman yo kite yo bò, e sa pa trè rekonfòtab. Èske ou konnen kisa Bondye te di

Kisa Levanjil la Ye?

Moyiz imedyatman apre li te ke li se yon Bondye konpasif ki gen lanmou?

"e de okenn fason li va pran inosan pou koupab" (v.7)

Gade pasaj sa a ankò, paske li gen kontradiksyon sa ke 90 pou san moun panse ke yo konnen de Bondye jodi a. Bondye ki renmen e konpasiv la ki pa va pran inosan pou koupab nan okenn fason.

Yon pèsèpsyon komen de Bondye se ke li sanble ak yon bòn ki salòp. Angiz pou ta trete ak fatra ki nan mond lan-peche li, mechanste li, ak pèvèsite li-li sèlman bale li e kouvri li anba kapèt la, li bliye li, e li vle pou okenn moun pa wè sa. Gen anpil moun ki pa ka panse ke Bondye ki fè lòt bagay ke sa. Yo di: "Bondye va jije mwen pou peche mwen?", "Chatye mwen pou mechanste mwen? Non. Sa a se pa ta lanmou".

Nou va wè pi devan kouman ke kontradiksyon aparant enpenetreb sa a nan Egzòd 34:6-7 (Yon Bondye "ki kenbe mizerikòd a milye, ki padone inikite, rebelyon ak peche" e konsa tou "de okenn fason va pran inosan pou koupab") sa rezoud nan lamò Jezi sou kwa a. men anvan nou rive la, nou dwe konprann ke malgre tout opozisyon kontrè yo, lanmou Bondye pa revoke jistis ak jijman li.

Ekriti a pwoklame anpil fwa youn dèyè lòt ke Bondye nou an se yon Bondye de jistis ki pafè e de jijman ke yo pa ka kesyone. Sòm 11:7 di,

*“paske Jeova jis,
E li renmen jistis”*

Sòm 33:5 deklare, “Li renmen jistis ak jijman”. E gen de sòm ki al pi plwen ki di, “*jistis ak jijman se fondasyon twòn li*” (Sòm 89:5, 97:2). Èske ou wè sa vèsè sa yo ap di vre? Rèy Bondye sou inivè a, dominasyon souveren li sou kreyasyon an, fonde sou jistis etènèl li ak jijman pafè li.

Se poutèt sa ke lide Bondye tankou yo bòn ki salòp la se yon lide trè ensatisfèzan. Sa fè Bondye parèt enjis e san jijman. Sa konvèti li an yon bondye ki sèlman sere peche- oubyen ki kache pou peche-angiz pou ta konfwonte li e detwi li. Sa konvèti li an yon imoral.

Kilès ki vle yon Bondye konsa? Sa toujou entèresan pou obsève sa ki pase lè moun ki ensiste ke Bondye pap janm jije yo pou peche yo a fè fas ak yon mal inegab. Lè yap konfwonte yon mal orib, enben yo vle yon Bondye jistis-e yo vle li kounye a. Yo vle pou Bondye fèmen je li sou peche yo, men non peche teoris yo. Yo di: “Padone mwen”, “men pa pèmèt ou padone li!” Èske ou rann ou kont?, Pèsonn pa vle yon Bondye ki pa vle trete ak mal. Moun yo sèlman ap chèche yon Bondye ki refize trete ak pwòp mal yo.

Pou yon lòt bò, Ekriti a di nou, paske Bondye pafètman jis, li va trete desizivman ak tout mal. Abaki 1:13 di,

*Ou twò pwòp nan je pou wè okenn mal;
Ni ou pa ka wè enjistis.*

Kisa Levanjil la Ye?

Si li ta fê sa, sa vle di ke li ta renonse a menm fondasyon twòn li. E plis ankò, se ta tankou renonse a Sa li Ye, e li pa va janm fê sa.

Anpil moun pa gen okenn pwoblèm pou konnen yon Bondye ki gen amoure e konpasiv. Noumenm kretyen yo nou te fê yon move travay lè nou te konvenk mond la ke Bondye renmen li san kondisyon. Men si nou pral konprann kijan levanjil Jezikri a gloriye e abondan, nou bezwen konnen ke Bondye konpasiv e amoure sa a, sen e jis tou e li gen detèminasyon pou pa janm fèmen je li, oubyen inyore, oubyen tolere peche a.

E menm peche pa nou yo. E poutèt sa, sa mennen nou nan move nouvèl yo.

CHAPIT TWA (3)

LÒM PECHÈ A

Mwen te fenk peye yon kontravansyon lòt jou. Li te fasil. Mwen te li chaj yo kont mwen, mwen te li revè tikè a e mwen te sinyale mak ki te di "mwen koupab de chaj ke yo mansyone anlè yo", apre sa mwen te fè yon chèk pou \$ 35 dola nan non Depatman Trafik Metropolitan an, mwen te sele anvlòp la, e mwen te mete li nan bwat kourye a.

Mwen se yon kriminel kap konpli yon pèn.

Sepandan, menm si mwen te make ke mwen te koupab de kontravasyon an, a la verite mwen pat santim tèlman koupab. Mwen pa pral pèdi dòmi mwen poutèt mwen pat vyole la lwa. Mwen pa santi m gen nesesite pou mande pèsonn padon, e kounye a ke map panse, mwen santi m yon ti jan fache paske kontravasyon an te \$10 dola pi chè ke anteryè a.

Kisa Levanjil la Ye?

Poutèt kisa mwen pa santi m mal apre ke mwen te fin vyole la lwa? Mwen sipoze ke se paske an fen de kont, komèt yon enfraksyon nan sikilasyon veyikil pa tèlman enpòtan pou mwen-oubyen terib. Wi, pwochèn fwa mwen va bwoche sentiwon an, men konsyans mwen pa boulvèse pou tout sa.

Yon bagay ke mwen te note pandan tan yo se ke majorite moun panse sou peche a, espesyalman pa yo, tankou si se te yon kontravansyon. “Wi, se vre”, nou panse, “peche a se yon vyolasyon la lwa Bondye nan syèl yo te ekri, e tout sa, men li konnen ke genyen kriminèl pi mal pase mwen. Anplis de sa, pa gen blese, e mwen prè pou peye kontravansyon an. E ann ale-li pa nesèsè pou envestige a fon sou yon bagay konsa, pa vre?”

Bon, mwen sipoze ke non, non si ou panse de peche a yon jan frèt konsa. Men selon la Bib, peche plis ke sèlman yon vyolasyon de kèk règ trafik enpèsònèl, abitchè, e selès. Se pito koupe yon relasyon, e plis toujou, se yon refi ke ou bay Bondye menm-se rejte wayòm, swen, ak otorite Bondye, ak dwa ke li genyen tou pou kòmande sou sila yo ke li te bay lavi. Nan de mo, se yon rebelyon kreyati yo kont Kreyatè a.

KISA KITE SOTI MAL?

Lè Bondye te kreye moun, li te gen entansyon pou yo te viv nan yon jwa pafè anba wayòm li, pandan yo ta va adore li, obeyi li, e pou sa, viv nan yon kominyon ki pa ka koupe ak li. Kòm nou

te wè nan dènye chapit la, Bondye te kreye nonm nan ak fanm nan ak pwòp imaj li, e sa vle di ke yo te dwe tankou li, pou gen relasyon ak li, e deklare glwa li bay tout moun. Aplis de sa, Bondye te genyen yon travay pou moun yo. Yo te dwe vis-retè li, pou gouvènènan mond lan. Bondye te di yo "kwaze y miltipliyè", "plen tè a, mete li anba jouk, e domine sou pwason nan lamè yo, sou zwazo nan syèl yo, ak tout bèt ki sou tè a" (Jenèz 1:28).

Sepandan, dominasyon nonm nan ak fanm nan se pat tout sa. Otorite yo se pat pou yo; se Bondye ki te ba yo li. Se konsa, ke menm lè Adana k Èv tap egzèse otorite sou tè a, yo te dwe sonje ke yo te anba titè Bondye e ke yo te anba gouvènman li. Bondye te kreye yo, e poutèt sal i te gen dwa pou kòmande.

Pye bwa konesans byen ak mal ke Bondye te plante nan mitan jaden an, se te yon gran memwa sou sa (Jen. 3:17). Lè Adan ak Èv wè pye bwa a e gade fwi li, yo te dwe rekonèt ke otorite yo te limite, yo te dwe sonje ke yo se kreyati, e ke pwòp lavi yo te depann de Bondye. E yo te administratè sèlman. Li te Wa.

Lè Adan ak Èv manje fwi a, se pa sèlman ke yo tap vyole yon kòmandman abitè, "Pa manje nan fwi a". Non, yo tap fè yon bagay pi tris e pi serye. Yo tap rejte otorite Bondye sou yo e yo tap deklare endepandans yo de li. Adan ak Èv te vle jan Sèpan an te pwomèt yo a, pou yo "menm ak Bondye", enben yo tou de te koule sou opòtinite pou pa vis-rektè ankò epi pou pran kouwòn lan. Nan tout linivè, sèlman te genyen yon bagay ke Bondye pat

Kisa Levanjil la Ye?

mete anba pye Adan: Bondye menm. E ak tout sa, Adan te deside ke aranjman sa a pat sifi pou li, se konsa li te fè rebèl.

Sa ki pi mal nan sa se ke lè yo dezobeyi kòmandman ke yo te resevwa a, Adan ak Èv te pran desizyon konsyàman pou rejte Bondye tankou Wa. Yo te konnen sak tap vini tankou konsekans si yo te dezobeyi. Bondye te di yo nan langaj byen klè ke si yo te manje nan fwi a "sètènman" yo ta mouri (Jen. 2:17). Anplis tout sa, sa sa te vle di se ke yo ta va mete yo deyò nan prezans Bondye e yo ta vin tounen lenmi li, angiz pou yo ta zanmi li ak asistan li ak jwa (Jen. 2:17). Men yo pat bay sa enpòtans. Adan ak Èv te chanje favè Bondye pou rechèch pwòp plezi yo ak pwòp glwa yo.

Bib la rele dezobeyisans sa a kòmandman Bondye a (swa ak pawòl, panse, oubyen aksyon) "peche". Literalman, mo a sinifi "manke objektif la", men sinifikasyon bibliik peche a pi pwofon. Se pa tankou si Adan ak Èv tap fè efò pou kenbe kòmandman Bondye yo epi yo sèlman te fè yon erè kèk santimèt, e yo pat tire nan objektif la. Non, Reyalite a se ke yo tap pwente sou yon direksyon kontrè! Yo te genyen objektif ak dezi ki te kategorikman kontrè a sa ke Bondye te vle pou yo, se konsa ke yo te tonbe nan peche. Yo te vyole de fason delibere kòmandman Bondye yo, yo te koupe relasyon yo ak li, e yo te rejte li tankou Senyè lejitim yo.

Konsekans peche Adan ak Èv la te katastwofik pou yo, pou de-

sandan yo, ak pou rè s kreyasyon an. Yo te mete yo deyò nan jaden Edenn nan. Tè a pa tap bay fwi li yo ak trezò volontè a ankò. Kounye a yo te dwe travay di ak doulè pou jwenn yo. Pi mal ankò, Bondye te egzekite santans lamò a sou yo ke li te pwomèt la. Se vre ke yo pat mouri imedyatman. Kò yo te kontinye viv, poumon yo te kontinye respire, kè yo tap palpate, e bouch yo tap pale. Men lavi espiyèl yo, ki genyen plis enpòtans, te fini imedyatman. Kominyon yo ak Bondye te koupe, e kòm rezilta, kè yo fennen, lespri yo te plen ak panse egoyis, je yo te vin nan fènwa devan bèl bagay Bondye yo, e nanm yo te seche, konplètman vid de lavi espiyèl sa a ke Bondye te ba yo nan koumansman an, lè tout bagay te bon.

SE PAT YO MENM SÈLMAN, SINON NOU MENM TOU

Bib la di nou ke se pa sèlman Adan ak Èv ki koupab. Nou-tout koupab. Pòl di nan Women 3:23, "Paske tout moun te peche, yo lwen glwa Bondye". E nan kèk paragaf anlè li te di, "pa gen moun ki jis, ni menm youn" (3:10).

Levanjil Jezikri a plen ak obstak, e mwen kwè k esa a se youn nan pi gwo yo. Lide sa a de ke moun yo se pechè fondamantal epi rebèl tou, se pa sèlman yon eskandal, sinon tou sa bay kè plen pou kè yo ki panse nan mal konprann ke yo se bon moun bazikman e yo oto-sifizan.

Se poutèt sa li absoliman enpòtan pou nou konprann nati ak pwofondè peche nou. Si nou pwoche a levanjil la pandan

Kisa Levanjil la Ye?

nap panse ke peche a se ki plis oubyen ki mwens a sa li ye an reyalite, nou va mal entèprete de fason tèrib bòn nouvèl Jezi-kri yo. Kite m ba ou kèk egzanp sou kouman kretyen yo mal entèprete peche a.

KONFONN PECHE AK EFÈ PECHE

Li a la mòd pou prezante levanjil la pandan wap di ke Jezi te vini sove limanite de yon sansasyon de kilpabilite oubyen san objektif oubyen sansasyon vid ke moun yo fèt ak li. Kounye a, bagay sa yo, se vre ke yo se yon pwoblèm, e anpil moun santi sa trè pwofon. Men Bib la ansenye ke pwoblèm fondamantal limanite-anba pwoblèm ke nou bezwen soti a-se pa si ou pa gen objektif, oubyen mank de entegrite nan lavi nou, oubyen yon santiman kilpabilite. Tout bagay sa yo se sentom yon pwoblèm ki pi fon: Peche nou. Sa nou bezwen konprann se ke nan pwoblèm ke nou ye a, se yon pwoblèm ke nou menm te kreye. Nou te dezobeyi pawòl Bondye. Nou te inyore kòmandman li yo. Nou te peche kont li.

Pou pale de lavi etènèl, de san objektif, oubyen vid sa a, sa nou pa moutre rasin ki lakoz li a, ka pwovoque ke yo pran remèd la ak plis fasilite, men remèd ki pa kòrèk la. Sa pèmèt ke moun nan kontinye panse ke li se yon viktim, san li pa trete reyèlman ak verite ke limenm menm se yon kriminèl enjis ki merite jijman Bondye.

REDWI PECHE A A YON RELASYON KI KOUPE

Relasyon yo se yon kategori ki enpòtan nan Bib la. Moun yo te kreye pou te ka viv nan kominyon ak Bondye. Sepandan, sa nou dwe sonje ke se te yon relasyon espesifik kote yo de sa yo te dwe viv: se pa yon relasyon ant de endividi ki menm kote la lwa, jijman an, ak chatiman pat gen plas, sinon yon relasyon ant yon Wa ak sèvitè li yo.

Anpil kretyen pale de peche a tankou si se te yon ti diskisyon ant Bondye ak lòm, e ke sèlman sa nou bezwen fè, se eskize nou, epi asepte padon Bondye. Sepandan, imaj peche sa a se tankou yon mal antandi ant de moun ki renmen, tòde relasyon reyèl ke nou genyen ak Bondye. Imaj sa a kominike ke pa genyen vyolasyon lwa, ni vyolasyon jistis, ni chatiman jis, ni jijman sen, e pa konsekans, pa gen nesosite pou okenn sèvitè chaje ak jijman an.

Ansèyman Biblik la se ke, wi, peche a se yon ripti de yon relasyon ak Bondye, men relasyon sa a ki koupe a se rejte majeste wayal li. Se pa sèlman adiltè (menm si sa se sa), se rebelyon tou. Se pa sèlman enfidelite; se trayizon tou. Si nou redwi peche a yon senp ripti de yon relasyon, angiz pou konprann li tankou yon rebelyon trayizon de yon sèvitè ke yo renmen kont Wa li ki jis e bon, nou pa va janm konprann poukisa lamò Pitit Gason Bondye a te nesèsè pou ranje sa.

KONFONN PECHE AK PANSE NEGATIF

Lòt fòm pou mal entèprete peche a se pandan wap di ke se sèlman yon panse negatif. Nou te wè sa nan kèk fraz entwodiksyon liv sa a. Voye vesò vye yo jete! Panse gwo! Bondye vle moutre ou favè enkreyib li si ou sèlman wete panse negatif sa yo kap kenbe ou a!

Sa a vre se yon mesaj konvenkan pou moun ki oto-depandan yo, sila yo ki renmen panse ke yo ka livre tèt yo pou kont yo anba peche yo. Petèt se pou rezon sa a ke lòm yo ki pwoklame mesaj sa a ranje l yon fason pou konstwi legliz yo ki pi gwo nan mond lan. Fòmil la byen sen an reyalyte. Sèlman di moun yo ke peche se pa plis ke panse negatif, e se sa menm kap separe yo ak la sante, richès, ak kè kontan. Apre sa di yo ke si yo te sèlman panse pozitivman de pwòp tèt yo (ak èd Bondye byen si), yo ta ka wete peche yo sou yo e yo ta trè rich. Lotri! Kounye a ou genyen yon mega legliz menm kote a!

Pafwa pwomès la se richès, pafwa se sante, pafwa se kèk bagay konplètman diferan. Men nan nenpòt fason ou wè li, pou ta di ke Jezikri te mouri pou sove nou anba panse negatif ke nou genyen sou nou menm menm se yon bagay ki trè antibiblik. Bon, Bib la ansenye ke yon gran pati nan pwoblèm nou yo se paske nou panse twò wo de nou menm menm, non twò ba. Kanpe e panse sou sa pou yon moman. Kouman Sèpan an te tante Adan ak Èv? Li te di yo ke yo tap panse trè negativ de yo menm menm. Li te di yo

ke yo te dwe panse plis pozitif, ke yo te bezwen ouvè orizon yo, e ke yo te bezwen rive nan potansyèl maksimòm yo pou yo te ka tankou Bondye. Nan enpe mo, li te di yo ke yo te bezwen panse gwo. E kouman ou kwè ke sa te fonksyone pou yo?

KONFONN PECHE A AK PECHE YO

Gen yon gran diferans ant panse de oumenm menm tankou koupab peche yo, e panse de oumenm menm tankou koupab peche. Majorite moun yo pa gen pwoblèm pou yo admèt ke yo te komèt peche yo (pliryèl), pandan yap panse de peche sa yo tankou kèk ti erè pandan tout yon lavi an general-yon kontravasyon la a oubyen lòt bò nan yon rejis byen pwòp.

Peché yo pa fè nou gen tèlman tèrè. Nou konnen ke yo la, nou wè yo nan noumenm menm ak nan lòt moun yo chak jou, e nou te abitye ak yo. Sa ki fè nou gen tèrè se ke Bondye moutre nou ke peche a vini nan sant kè nou, depo bagay sal ak koripsyon pwofon sa yo ke ni noumenm pat konnen ke yo te la e ke nou pa ta janm dekouvri yo ak pwòp fòs pa nou. Se konsa Bib la pale de pwofondman ak fènwa peche nou-li pa sèlman sou nou; li nan nou e se pou nou.

Nan dezyèm etaj Mize Nasyonal Istwa Natirèl nan Washington, ou jwenn sa ki esfè silis ki pi gwo nan lemond. Esfè a yon ti kras pi gwo ke yon balón baskèt bòl, e li pa genyen ni yon ti grafouyen, pa gen anyen ki penetre ladan l, ni dekolòrizasyon. Li

Kisa Levanjil la Ye?

pafè. Jeneralman moun panse ke nati moun se tankou esfè sa a. wi, petèt nan kèk okazyon nou ka sal li ak tè oubyen labou, men anba eskonb yo esfè a toujou la, e tout sa ke nou bezwen se newe li yon ti kras poul ka briye ankò.

Sepandan, imaj Biblik de nati moun pa bèl. Selon Ekriti yo, esfè nati moun nan pa tèlman konsa, e labou a se pa sèlman sou sipèfisi a li ye. O kontrè, nou plen ak peche. Ouvèti yo, labou a, fatra a, ak koripsyon, se nan sant la yo ye. Tankou Pòl te di, "natirèlman nou se pitit kòlè" (Efezyen 2:3). Nou nan koripsyon ak kilpabilite Adan (Women 5). Jezi te ansenye sa tou: "Se nan kè a panse mal yo soti, panse touye moun yo, adiltè yo, fònikasyon yo, vòl yo, fo temwanyaj yo, blasfèm yo" (Matye 15:19). Pawòl peche ke ou di yo ak zak peche ke ou fè yo se pa ensidan apa. Yo soti nan mekanste pwòp kè ou.

Chak pati nan egzistans nou kowonpi ak peche e li anba pouvwa li. Antandman nou, pèsonalite nou, santiman nou ak emosyon nou, e menm volonte nou, yo tout anba jouk peche. Se poutèt sa Pòl di nan Women 8:7, "Paske sa ki dapre lachè kont Bondye, paske li pa soumèt anba la lwa Bondye, e li pa kapab nonplis". Kèl deklarasyon enpaktan ki bay tèrè! Pouvwa peche a tèlman devastè sou nou-antandman nou, lespri nou, volonte nou-ke lè nou wè glwa Bondye, nou oblije endinye e bal do.

Li pa sifi pou di ke Jezi te vini sove nou anba peche yo, si sa nou vle di ak sa se ke li te vini sove nou de erè apa nou yo. Sèlman

se lè nou konprann ke “nou mouri nan delit ak peche nou yo” (Efezyen 2:1,5), ke nou ka wè jan nouvel sa yo bon pou wè ke gen yon fason poun ka sove.

JIJMAN AKTIF BONDYE KONT PECHÈ A

Youn nan deklarasyon ki plis bay panik nan Bib la nan Women 3:19. Ou jwenn li nan final vèdik Pòl de tout limanite (janti ak jwif) kote li endike ke yo nan peche yo e ke yo enjis devan Bondye. Sa a se sa Pòl di kòm konklizyon agiman li: “pou tout bouch ka fèmen e pou tout moun rete anba jijman Bondye”.

Ou ka panse kisa sa va vle di kanpe devan Bondye e san eksplikasyon, ni ekskiz, ni plent, ni yon ka pou defan? E sa sa vle di “anba jijman Bondye”? Bib la trè klè, jan nou te wè nan chapit anteryè a, ke Bondye jis e sen, e poutèt sa li pa va eskize peche a. Men kisa sa va vle di ke Bondye trete ak peche a, e pou l jije l epi chatye li?

Women 6:23 di, “Salè peche se lamò”. Nan lòt mo, salè nou genyen sanble pou peche nou se mouri. Sa pa sèlman vle di lamò fizik. Se yon lamò espirityèl, yon separasyon obligatwa de nou menm ak prezans Bondye a ki jis e sen. Pwofèt Ezayi te dekri li konsa:

Inikite nou yo te fè divizyon ant noumenm ak Bondye nou a, e peche nou yo te fè li kache fās li de nou pou li pa koute nou (Ezayi 59:2).

Kisa Levanjil la Ye?

Pafwa moun yo pale de sa, se tankou si se te absans pasif Bondye sèlman. Men se plis ke sa. Se jijman aktif kont peche a, e Bib la di ke sa va bay tèrè. Gade kouman liv Apokalips la dekri kouman dènve jou a nan bon jijman jis Bondye a. sèt zanj yo va vide "sèt koup kòlè Bondye yo", e "tout moun sou tè a va lamante pou li" (Apokalips 16:1; 1:7). Yo va di mòn yo ak wòch yo pou "*tonbe sou yo, e kache nou de figi sila a ki chita sou twòn nan, ak kòlè ti Mouton an; paske gran jou kòlè li a te rive; e kilès ki va kapab rete debou?*" (Apokalips 6:16-17) Yo va wè Jezi, Wa tout wa yo, Senyè tout senyè yo, e yo va pè, paske li va plati "diven firè ak kòlè Bondye ki gen tout pouvwa a" (Apokalips 19:15).

Bib la ansenye ke desten final pechè enkredil yo ki pa repanti se toumant etènèl e konsyan an, ki rele "lanfè". Apokalips dekri li tankou "letan dife ak souf la", e Jezi di ke se yon kote ki gen "dife ki pa ka etenn" (Apokalips 20:10; Mak 9:43).

Piske Bib la pale nou e avèti nou de chatiman nan lanfè, mwen pa konprann kouraj ke kèk kretyen genyen pou eksplike li yon jan pou parèt tolerab. Lè Apokalips pale de Jezi kap plati diven firè ak kòlè Bondye ki gen tout pouvwa a, lè Jezi menm avèti pèp la de "dife ki pa ka etenn nan... kote vè yo pap mouri" (Mak 9:43), kesyon enkredil mwen an se, poukisa kèk kretyen ta genyen enterè nan konsole pechè yo avèk lide ke petèt lanfè a pa va pi mal pase sa?

NOU PA ENVANTE SA

Imaj ke Bib la itilize pou pale de de jijman Bondye a kont peche a reyèlman pwodwi tèrè. Se pa yon sipriz ke mond lan li deskripsyon yo nan Bib la de lanfè a e di ke kretyen se “moun fou” poutèt yo kwè li.

Men sa a, se twonpe sou sèvo bagay la. Nou pap envante lide sa yo. Noumenm kretyen yo, nou pa li, kwè, epi pale de lanfè paske de kèk fason nou renmen panse sou li. Piga Bondye pèmèt sa! Non, nou pale de lanfè paske nan dènye enstan, nou kwè nan Bib la. Nou kwè nan li lè li di ke lanfè a reyèl, e nou kwè nan li ak dlo nan je lè li di ke moun ke nou renmen yo nan danje pou ale nan letènite nan lanfè.

Sa a se vèdik edifikan an sou nou. Pa gen menm yon jis nan mitan nou, menm youn. E se pou sa, yon jou tout bouch va fèmen, tout lang va fè silans, e tout moun va rann Bondye kont.

Men ...

CHAPIT KAT (4)

JEZIKRIS SOVÈ A

Men... Mwen kwè ke sa a se pawòl ki plis pouvwa ke yon moun ka di. Li piti men li gen pouvwa pou efase tout sa ki te de li anvan sa. Aprè nou fin tandè move nouvèl yo nan chapit anteryè a, pawòl sa a genyen pouvwa pou fè nou leve je nou pou chèche esperans. Plis ke nenpòt lòt pawòl nan lang moun yo, sa a genyen abilite pou chanje tout bagay yo.

- Avyon an te tonbe. Men pèsonn pa blese.
- Ou gen kansè. Men se fasil pou trete.
- Pitit ou te souffri yon aksidan machin. Men li pa an danje.

Avèk tristès, pafwa mo *men an* pa parèt. Pafwa fraz la rete la,

Kisa Levanjil la Ye?

e nou rete ak move nouvèl yo sèlman. Men moman sa yo sèlman entansifye nan sila yo ke mo *men an* parèt. E yo gen glwa.

Mèsi Bondye paske move nouvèl peche moun ak jijman Bondye a se pa fen istwa a. si Bib la te fini ak deklarasyon Pòl la de ke tout moun va fè silans devan twòn Bondye a, pa ta genyen okenn esperans pou nou. Sèlman ta genyen dezolasyon. Men (pawòl mèveye sa a!) mèsi Bondye paske istwa a kontinye.

Ou se yon pechè ki destine pou kondensasyon. *Men...* Bondye te aji pou sove pechè tankou ou!

YON PAWÒL ESPWA

Mak koumanse istwa li a sou lavi Jezi ak pawòl sa yo "Koumansman levanjil Jezikri, Pitit Gason Bondye a". Depi nan koumansman an, Mak ak lòt Kreyen primitive yo te konnen ke vini Jezikris la se te yon bòn nouvèl ki soti nan Bondye pou yon mond ki detwi e mouri nan pye peche a. Devan dominasyon peche a, vini Jezikris la se te anons apèsi ke tout bagay te chanje.

E menm nan Jaden Edenn nan, Bondye te bay Adan ak Èv yon mo espwa-kèk bòn nouvèl nan mitan dezolasyon yo. Li pat anpil, se te sèlman yon ti tras, yon fraz nan fen santans Bondye kont Sèpan an.

Li va blese ou nan tèt,

E ou va blese li nan talon li (Jenèz 3:15)

Men, wi, sa vle di yon bagay. Malgre rebelyon yo, Bondye te vle ke Adan ak Èv konnen ke istwa a pat rive nan fen li. La a nou genyen pati nan levanjil la, bòn nouvèl nan mitan dezaz sa a.

Rès Bib la rakonte sou istwa kouman ti semans bòn nouvèl sa a te rive jèmen, leve, epi grandi. Pandan anpil milye ane, Bondye te prepare mond lan a travè la lwa ak pwofèt yo, pou atak sipriz final li kont Sèpan an pa mwayen lavi, lamò, ak rezireksyon Jezikri. Lè tout bagay ta va fini, kilpabilite ki te afekte Adan an te afekte tout limanite a te pèdi batay, lamò ke Bondye te pwononse sou pwòp kreyasyon li a ta va anile, e menm lanfè ta va mete ajenou. Bib la se istwa kont ofansif Bondye sou peche. Se kouman sa rakonte kouman Bondye te ranje tout bagay, tout bagay ranje, e menm jan ke yon jou li va ranje tout bagay nan yon fason desizif ak etènèl.

KONPLÈTMAN BONDYE, KONPLÈTMAN LÒM

Tout ekriven levanjil la koumanse istwa yo sou lavi Jezi pandan yo tap demontre ke se pat okenn nonm òdinè. Matye ak Lik koumanse istwa a ak yon zanj ki te vizite yon jenn fi vyèj ki te rele Mari e ki tap di li ke li va fè yon pitit gason. Li pat kwè nouvèl la, Mari te mande, “kouman sa va fèt menm, piske mwen pa konnen gason?” Zanj lan te eksplike li, “Lespri Sen an va vini sou ou, e pouvwa ki Anlè a va kouvri ou ak lonbray li; poutèt sa Sen ki va fèt la va rele Pitit Gason Bondye” (Lik 1:34-35). Jan koumanse ak

Kisa Levanjil la Ye?

yon deklarasyon ki te sipriz toujou: "Nan koumansman an" (note ke pawòl sa yo transpòte nou otomatikman a Jenèz 1:1) "Pawòl la te la, e Pawòl la te avèk Bondye, e Pawòl te Bondye... e Pawòl sa a te tounen moun e li te abite nan mitan nou" (Jan 1:1, 14)

Tout bagay sa yo-nesans Jezi a travè yon vyèj, ti "Pitit Gason Bondye a" ansanm ak anons de ke "Pawòl la te tounen moun"- te chematize pou di nou kilès ki Jezi.

Nan mwens mo, Bib la di nou ke jezi konplètman lòm e konplèman Bondye. Sa se yon pwèn enpòtan pou konprann kilès li ye, paske sèlman sila a ki konplètman lòm e konplètman diven kapab sove nou. Si Jezi se te sèlman yon lòt nonm-tankou nou nan tout sans yo, nan erè nou yo ak peche nou yo-li pa tap kapab sove nou menm fason ke okenn moun mouri ka sove lòt moun. Men paske li se Pitit Gason Bondye a, san peche e egal ak pèfeksyon diven Bondye Papa a, li kapab venk lamò e sove nou anba peche. Menm jan an tou, li endispansab pou ke Jezi tankou youn nan nou-sa vle di, konplètman moun-pou l ka reprezante nou nan sentete devan Papa li. Tankou li di nan Ebre 4:15, Jezi se "youn ki te tante nan tout bagay selon resanblans nou, men san peche".

WA A E MESI A ANSANM AK NOU!

Lè Jezi te koumanse ministè li, li tap pwoklame yon mesaj fantastik: "Lè te rive! Wayòm Bondye tou pre. Repanti e kwè bòn nouvèl yo!"

Rimè ke nonm sa a tap preche ke wayòm Bondye a te vini an te gaye rapidman nan tout rejyon an, e foul moun yo te konn antoure Jezi pou tande “bòn nouvèl yo” ke li tap pwoklame a ak emosyon. Men kisa ki te tèlman emosyonan?

Pandan plizyè syèk, a travè la lwa li ak pwofèt li yo, Bondye te predi yon tan kote tout mechanste nan lemond ta va rive nan fen li, e pèp li a ta va sove anba peche li yo. Li ta dwe bale tout rezistans moun pou etabli “wayòm li”, sou tè a. plis toujou, Bondye te pwomèt ke li ta etabli wayòm sa a pa mwayen yon Wa mesyanik, youn ki ta vini nan ras wayal gran wa David. Nan 2 Samyèl 7:11, Bondye te pwomèt David ke youn nan pitit li yo ta va renye sou twòn li a pou toutan. E pwofèt Ezayi te sa a de pitit wa sa a:

*E yo va rele li Admirab, Konseye, Bondye Fò, Papa Etènèl,
Prens Lapè. Wayòm li ak Lapè pa ta va genyen limit, sou twòn
David la ak sou wayòm li a, pandan lap mete li e konfime li nan
jijman ak nan jistis depi kounye a e pou toutan. (Ezayi 9:6-7)*

Se konsa ou kapab imajine kijan foul moun yo te gen emosyon lè yo te resevwa Jezi pandan li tap koumanse anonse ke wayòm syèl yo te rive. Sa te vle di ke Mesi a ke yo tap tann de David la finalman te rive vre!

Ekriven levanjil la ensiste sou Wa ki soti nan David la se pa okenn lòt ke Jezikri menm. Lik rejistre pawòl zanj yo pandan li tap anonse nesans Jezi:

Kisa Levanjil la Ye?

Sila a va gran, e yo va rele li Pitit Gason trè wo a; e Senyè Bondye a va bali twòn David papa li a; e li va renye sou kay Jakòb la pou toutan; e wayòm li pa va gen fen. (Lik 1:32-33)

Matye koumanse liv li a ak jeneyaloji ki trase zansèt Jezi yo jis rive sou Wa David, e apre sa jis sou Abraam menm. De yon manyè fasinan Matye bay jeneyaloji a yon estil, pandan li te divize li an twa jenerasyon ki gen katòz yo chak. E katòz, tankou nenpòt jwif te ka konnen, se te rezilta nimerik ki te jwenn pa mwayen adisyon twa lèt Ebre D-V-D, "David". Matye, tankou tout lòt kretyen yo, pratikman ap rele di mo sa yo "Wa! Wa! Wa!" pandan li tap kouman ak istwa Jezi a.

BÒN NOUVÈL KE YO PAT ESPERE (SI OU KAPAB FÈ PATI YO)

Nouvo Testaman an rakonte kouman Wa Jezi te inogire wayòm Bondye a sou latè e kouman li te koumanse detwi malediksyon peche a. Malgre sa, wayòm ke Jezi te inogire a pat sanble nan anyen ak sa jwif yo tap espere a e sa yo te vle a. yo te vle yon Mesi ki ta va etabli yon wayòm terenal ak politik ki ta va kraze pouvwa dominan an e pran plas li nan tan sa yo: anpi Women an. Men Jezi pa tap chèche yon kouwòn terenal, sinon ke li tap preche, ansenye, li tap geri malad yo, padonen peche, li tap resisite moun mouri yo, e li tap di gouvènè Women an ke wayòm li " pa soti nan mond sa a" (Jan 18:36).

Sa pa vle di ke wayòm li a pa tap janm soti nan mond sa a. Anvan sa Jezi te gentan di chef sakrifkatè a, *“ou va wè Pitit Gason Lòm nan chita adwat pouvwa Bondye a, pandan lap vini nan nyaj yo nan syèl la”* (Mak 14:62), e nan Apokalips 21 nou li ke li va vini renye nan yon tè tou nèf ak yon syèl nèf, yon tè ki va transfòme radikalman ak pouvwa li e li va lib de esklavitud peche a.

Kounye a, tout bagay sa yo se bòn nouvèl-si ou kapab antre ladan yo. Men nou vin fas a fas ak pwoblèm peche nou yo ankò, Se pa vre? A mwens ke yon bagay ta pase pou wete kilpabilite dezobeyisans nou ak rebelyon nou kont Bondye, nou toujou separe de li e desten nou se pa pou al viv nan syèl nèf la ak tè nèf la, sinon nan lanfè anba chatiman etènèl.

Men se la a ke bòn nouvèl Kretyen yo vin trè, trè bon. Ou va wè, Wa Jezi a pat sèlman vini pou inogire wayòm Bondye a, sinon pou te ka mennen pechè yo vini, pandan li tap mouri nan plas yo, pandan li tap chaje ak peche yo, li tap pote chatiman yo sou li menm, li tap asire padon yo, pandan li tap jistifye yo devan je Bondye, e li te fè yo pre pou eritye pati pa yo nan wayòm nan (Kolosyen 1:12).

YON WA KI SOUFRI?

“Men ti Mouton Bondye a ki wete peche lemond”. Se sa Jan Batis te di-nonm sa a ki te vlope nan po chamo e ki te konn manje kri-kèt- lè li te wè Jezi ki tap vini jwenn li (Jan 1:29). Kisa li te vle di lè l te di ti Mouton Bondye a, ak, ki wete peche lemond?

Kisa Levanjil la Ye?

Tout jwif nan premye syèk la ta ka konnen sa Jan te vle di ak "ti Mouton Bondye a ki wete peche lemond". Se te yon referans a festival jwif yo de Pak la, memoryal lavi mirakile Bondye a lè li te libere Izrayelit yo anba esklavitud nan Ejip de mil senksan ane anvan.

Tankou jijman kont Ejipsyen yo, Bondye te gentan voye dis plè sou yo, e chak fwa ke Farawon Ejipsyen an te fè kè li di e li pat vle kite Izrayelit yo lib. Dènye plè a se pi terib nan tout. Bondye te di Izrayelit yo ke nan yon nwit ke li va sinyale, zanj lanmò a va vini pou detwi nan tè Ejip la, pandan li va touye chak premye pitit moun ak bèt nan tout peyi a. jijman terib sa a te sou Izrayelit yo tou, a mwens ke yo te obeyi fidèlman enstriksyon Bondye yo. Bondye te di yo ke chak fanmi te dwe pran yon ti mouton san tach pou sakrifye li. Apre sa, pandan yo tap itilize yon branch izòp, yo te dwe pran san ti mouton an pou pentire lento kay yo. Apre sa, Bondye te pwomèt ke lè zanj lanmò an va wè san an, "li ta pase sou" kay la e pa ta genyen jijman sou li.

Fèt Pak la-e espesyalman ti mouton Pak la-te konvèti an yon senbòl ki gen pouvwa de lide penalite mòtal pou peche yon moun, ki te ka peye ak lamò yon lòt. Lide sa a de "sistitasyon penal" se te baz tout sakrifis yo nan Ansyen Testaman an. Nan jou anyèl Espyasyon an, chèf sakrifikatè a te konn ale nan mitan tanp la, kote yo rele lye trè Sen an, e li te konn touye yon animal san tach tankou pri pou peye peche pèp la. Sa te konn pase ane apre

ane, ane apre ane penalite pou peche pèp la te konn plake yon fwa ankò pa mwayen san ti mouton an.

Sa te pran tan, men evantyèlman moun ki tap swiv Jezi yo te rann yo kont ke misyon Jezi se pat sèlman pou inogire wayòm Bondye a, sinon mouri tankou sakrifis ki pran plas pèp li a. Yo te rann yo kont ke Jezi se pat sèlman Wa. Jezi se te yon Wa ki soufri.

Menm Jezi te konnen depi nan koumansman ke misyon li se te mouri pou peche pèp la. Zanj lan te anonse nan nesans li ke *“li va sove pèp li a anba pechè”* (Matye 1:21), e Lik di nou ke *“lè tan an ke yo te dwe resevwa li anlè a te konpli, li te afime figi li pou ale Jerizalèm”* (Lik 9:51). Jezi te predi lamò li anpil fwa nan levanjil yo, e lè Pyè te eseye kwaze sou chemen li, Jezi te reprann li lè li te di l: *“Wete kò ou devanm, Satan! Ou se obstak pou mwen”* (Matye 16:23). Fas Jezi te afime sou direksyon Jerizalèm-e pa konsekan, sou direksyon lamò li.

Jezi te konprann tou objektif lamò li ak kisa sa te vle di. Nan Mak 10: 45 li te di, *“Pitit Gason Lòm nan pat vini pou yo sèvi li, men se pou sèvi, e pou bay lavi li pou rachte anpil”*. E nan Matye 26:28, pandan li tap pataje Sent Sèn nan ak disip li yo, li te pran yon vè diven e li te di, *“Nou tout bwè ladan l, paske sa a se san mwen de kontra tou nèfla, ki te koule pou remisyon peche yo”* (Matye 26:27-28). *“Mwen bay lavi mwen pou mouton yo”*, li te di nan yon lòt kote. *“Pèsonn pa pran li nan men mwen. Sinon ke mwen*

Kisa Levanjil la Ye?

menm menm mwen bay li (Jan 10:15,18). Jezi te konnen poukisa li ta pral mouri. Li te bay lavi li volontèman pou lanmou li gen pou pèp li a, yo te asesinen Ti Mouton Bondye a pou pèp li a te ka jwenn padon.

Ak ansèyman Lespri Sen an, kretyen primitiv yo te konprann tou l

Sa Jezi te reyisi sou kwa a. Pòl te dekri li konsa: "*Kris te reachte nou anba madichon la lwa a*" (Galat 3:13-14). E nan lòt plas li te di, "*Sila a ki pat konn peche, li te fèl tounen peche poutèt nou, pou nou te ka tounen jistis Bondye nan li*" (2 Korentyen 5:21). Pyè te ekri tou, "*Paske Kris te soufri tou yon sèl fwa pou peche yo, jis la pou enjis yo, pou mennen nou al jwenn Bondye*" (1Pyè 3:18). E, "*sil a ki te pote limenm menm peche nou yo nan kò li sou bwa a, pou ke noumenm, pandan nou mouri nan peche nou, nou ka viv nan jistis; e pa mwayen blese sa yo nou te geri*" (1 Pyè 2:24)

Èske ou rive wè kisa kretyen sa yo tap di de sinifikasyon lamò Jezi? Yo tap di ke lè Kris la te mouri, li pa tap resevwa chatiman pou pwòp peche li. (Li pat peche!) Men pito se te chatiman peche pèp li a. Pandan li te pandye sou bwa a, Jezi te chaje tout pwa peche orib pèp Bondye a. Tout rebelyon li, tout dezobeyisans li, tout peche li te tonbe sou zèpòl li. Menm jan an tou, li te chaje ak madichon ke Bondye te pwononse nan Edenn nan-santans lamò a.

Se poutèt sa Jezi te rele nan agoni, "Bondye mwen, Bondye

mwen, Poukisa ou abandone m?" (Matye 27:46). Papa li, ki sen e jis, e ki trè pi nan je pou wè mechanste, li te gade pitit li, li te wè peche pèp li a sou zèpòl li, li te endinye, e li te bal do, e li te vide kòlè li sou pwòp pitit li. Matye te di ke tè a te kouvri ak fè nwa pou yon espas de twa zè de tan pandan Jezi te pann sou bwa a. Sa a se te fè nwa jijman an, pwa kòlè Bondye a, ki tap tonbe sou Jezi pandan li tap chaje ak peche pèp li a e mouri nan plas li.

Ezayi te pwofetize sou sa kèk sèt syèk anvan sa te pase:

Sètènman li te pote maladi nou yo, e li te soufri doule nou yo; e nou te pran li pou lisa a ke yo fwete, blese Bondye a e sila a ke yo te bat. Men li te blese poutèt rebelyon nou yo, li te moulèn poutèt peche nou yo; chatiman lapè nou te sou li, e pa mwayen maleng li nou te jwenn gerizon. (Ezayi 53:4-5)

Èske ou wè sinifikasyon sa? Finalman, sa vle di ke se mwen menm ki te dwe mouri, e non Jezi. Yo te dwe chatye mwen, non Jezi. E ak tout sa li te pran plas mwen. Li te mouri pou mwen.

Se te transgresyon mwen yo, men se te blese li yo. Inikite mwen yo, men chatiman li. Se te peche mwen, men se te lapenn li. E lamò li te achte nan lapè mwen. Kout fwèt li yo te peye sante mwen. Tristès li, jwa mwen.

Lamò li, lavi mwen.

SANT LEVANJIL LA

Tristeman, doktrin sistitasyon sa a pwobableman se pati nan levanjil Kretyen an ke mond lan plis rayi. Lide sa a bay moun kè plen ke yo te chatye Jezi pou peche lòt moun. Anpil otè te rele sa "Abi infantil divèn". E malgres sa, si yo mete yon bò espyasyon sistitasyon an se tankou bay levanjil la yon kout ponya nan kè. Franchman, gen anpil imaj nan Ekriti yo de sa Kris te rive fè ak lamò li: Pa egzanp, rekonsilyasyon, ak viktwa, sèlman pandan nap mansyone de. Anba tout sa yo nou jwenn reyalyte kote sa yo enfokè-sistitasyon penal. Senpleman yo pa ka mete sa yon bò, oubyen bay preferans a lòt imaj, si se pa sa nou ta kite anpil kesyon san repons nan Bib la. Poukisa sakrifis yo te egziste? Kisa san ki koule a te konn fè? Kouman Bondye kapab gen mizerikòd pou pechè yo san li pa detwi jistis li? Kisa sa vle di ke Bondye padonnen inikite ak rebelyon, e konsa tou li pap pran inosan pou koupab? (Egzòd 34:7) Kouman yon Bondye jis e sen jistifye enpi a? (Women 4:5)

Repons pou tout kesyon sa yo nan kwa Kalvè a, nan lamò sistitwa Jezi a pou pèp li a. Yon Bondye jis e sen kapab jistifye enpi a paske nan lamò Jezi, mizerikòd la ak jistis la te rekonsilye pafètman. Madichon an te egzèkite kòrèkteman, e nou te sove pa mizerikòd.

LI TE RESISITE

Sètènman, ke tout bagay sa yo se verite e yo se bòn nouvell paske Wa Jezi ki te krisifye a, pa nan tonm nan ankò. Li te resisite soti nan mitan mò yo. Tout dout ki tap panike disip yo lè Jezi te

mouri a, te efase nan moman ke zanj lan te di fanm nan, " *Poukisa nap chèche nan mitan mò yo sila a ki vivan? Li pa la a, sinon ki li te resisite*" (Lik 24:5-6).

Si Kris la te rete nan tonm nan tankou nenpòt lòt "sovè" oubyen "mèt" oubyen "pwofèt", lamò li pa ta vle di anyen plis ke lamò pa ou oubyen lamò pa mwen. Vag lamò ta fini ak tout espwa, tout deklarasyon li yo tap koule nan fon lamè, e limanite ta rete san espwa pou sove anba peche toujou. Men lè souf lavi te antre ankò nan poumon resisite li yo, lè lavi rezireksyon an te elektrifye kò glorifye li a, tout sa Jezi te di te vin konplè, pa kesyonab, e irevokab.

Pòl te di ak antouzyas nan Women 8, sa rezireksyon Jezi sinifi pou kwayan yo:

Kilès ki va akize moun Bondye chwazi yo? Se Bondye ki jistifye. Kilès ki va kondane? Kris te mouri; plis ankò, se limenm tou ki te resisite, anplis se limenm ki chita a dwat Bondye, limenm tou ki entèsede pou nou. (Women 8:33-34)

Kèl panse mèveye!-ke Jezi moun nan chita kounye a chita ak tout esplanadè a dwat Papa li nan syèl la, pandan lap renye tankou Wa linivè! Se pa sa sèlman, lap entèsede tou pou pèp li a, nan menm tan ke nap tann retou final e gloriye li a.

Men tout bagay sa yo mennen nou nan yon lòt kesyon, non? Konsa, Kilès "pèp li a ye"?

CHAPIT SENK (5)

REPONS LA-LA FWA AK REPANTANS

Mwen te koumanse moutre pitit gason mwen naje depi piti. Se te yon gran defi. Lèl te gen yon ane, li pat renmen mouye figi li nan benywa a, nonplis nan pisin nan ki te sanble yon oseyan ki te devan li. Premyeman, “pou moutre l naje” te sinifi pou ankouraje li pou jwe ak dlo a yon ti kras tankou premye pa, e petèt pou mete bouch li nan dlo a pou ka soufle kèk kim nan dlo a sil te santi l vanyan.

Evantyéلمان mwen te konvenk li pou mache ak mwen arebò pisin nan, e bra li yo tap toufe mwen. Lè nou te fin domine sa, se te tan pou gran espektak la: vole soti nan arebò a. Pandan mwen tap akonpli ak devwa diven mwen tankou papa, mwen te chaje li e mwen te wete li nan pisin nan, e mwen te di li, “Sote!”

Kisa Levanjil la Ye?

Mwen kwè ke nan moman sa a pitit gason mwen te pran mwen pou moun fou. Pandan kèk segond, sanblans li te chanje de konfizyon a enkredilite, apre sa a li te rejte, e apre sa a yon bann bagay ki te mele. Li mete 4 pli nan fon li e li te di, "Non. Mwen pral wè manman m". Pandan mwen tap konpli ak responsabilite papa ankò, mwen pa rete la e mwen te ale dèyè li e mwen te konvenk li (ak kèk kado) pou te retounnen nan pisin nan. Nou te pwoche nan moman verite a.

Mwen te plonje nan dlo a ankò e mwen te kanpe devan li ak men mwen yo lonje pandan mwen tap gade li ki tap chanje lide nan chòt de beny pou timoun, tankou timoun ki gen yon ane yo konn fè, lè yo vle plonje men yap chanje lide. Mwen te di li "Kouraj pitit mwen". "Mwen la. Mwen va atrape ou, mwen pwomèt ou!" Li te gade mwen, e li pat vle kwè, li te balanse ankò, li te fè yon ti bese, e apre sa li te tonbe nan pisin nan, tankou yon bagay ki te kraze.

E mwen te atrape li.

Apre sa, nou te gentan sou lòt bò a. "Fèl ankò papi! Fèl ankò!" Se konsa nou te pase demi èdtan, ap vole, atrape, leve, epi koumanse ankò, vole, atrape, leve.

Lè tout bagay te fini, madanm mwen ak mwen nou te koumanse preokipe de ke petèt te renmen anpil ak dlo a. Kisa ki ta pase si li ta chèche mwayen pou plonje nan pisin nan lè pa gen moun ak li? Èske li va sonje tout lè ke li te plonje nan dlo a san pwoblèm, e li ta kwè ke li domine tout mouvman akwatik sa yo?

REPONS LA-LA FWA AK REPANTANS

Pandan semèn swivan yo nou te obsèvi li arebò pisin nan, e sa nou te wè a te konsole nou tankou paran, e sa te touche mwen pwofondman e espesyalman tankou papa. Pitit mwen pat ni panse plonje nan dlo a-non, jis kaske mwen te anba ak bra ouvè, pandan mwen tap pwomèt ke mwen ta va atrape li. Lè sa a, li plonje!

Ou kabap wè, malgre siksè pitit mwen an, li pat janm genyen konfyans nan pwòp fakilte li pou lite ak dlo a. Konfyans li te nan papa li, ak pwomès papa li, "ann ale pitit mwen! Vole! Mwen pwomèt atrape ou!"

ENTWODIKSYON LA FWA A AK REPANTANS LAN

Mak di nou ke Jezi te koumanse ministè li pandan li tap preche konsa: "tan an te akonpli, wayòm Bondye te apwoche; repanti, e kwè nan levanjil la" (Mak 1:15). Kòmandman sa a-repanti e kwè-se sa ke Bondye vle de nou kòm repons bòn nouvèl Jezi a.

Nan tout Nouvo Testaman an, nou li que se sa apòt yo tap di moun yo pou yo te fè. Jezi te pale ak odyans li a pou li te repanti e kwè nan bòn nouvèl la. Pyè, nan fen sèmon li a nan jou pannkot la, te di moun yo, "Repanti e batize nou chak nan non Jezikri" (Ak 2:38). Pòl te eksplike ministè li nan Ak 20:21, pandan li tap di, "nan temwanyaj mwen devan jwif yo ak janti yo de repantans lan devan Bondye, ak lafwa nan Senyè nou Jezikri". E nan 26:28, li rakonte kouman Jezi te voye li:

Kisa Levanjil la Ye?

Pou ou ka ouvè je yo, pou yo ka konvèti soti nan tenèb ale nan limyè, ak anba pouvwa Satan pou ale anba pouvwa Bondye (sa vle di, pou repanti); pou yo ka resevwa pa mwayen lafwa ki nan mwen an, padon pou peche yo ak eritaj moun ki santifye yo.

Lafwa ak repantans. Se sa ki distenge pèp Kris la oubyen “kreyen yo”. Nan lòt mo, yon kreyen se sila a ki tounen sot nan peche e ki konfye nan Senyè Jezikri-e anyen ankò- pou sove li anba peche li ak jijman kap vini an.

LAFWA SE DEPENDANS

Lafwa se youn nan pawòl sa yo ke yo te mal itilize pandan anpil tan e majorite moun pa konnen kisa sa vle di. Si ou mande nenpòt moun nan lari pou dekri kisa lafwa ye, petèt ou ka resevwa kèk mo respetab, men finalman, sant definisyon an, ke lafwa se kwè nan sa ki ridikil malgre tout evidans ki opoze yo.

Yon ane, mwen tap gade defile Jou Aksyon de Gras chòp Macy’s a nan televizyon ak pi gran pitit mwen an. Tèm evenman an se te “Kwè!” e sa te foki sou sa repòtè yo te rele Mezi lafwa. Chak fwa ke yon bann te jwe, oubyen yon lòt cha tap apwoche, oubyen dansè yo tap fè altibit anba gwo rad yo, zegwi mezi lafwa a te leve yon ti kras. Sa ki te pi parèt nan defile a se lè Papa Nowèl li menm menm te parèt nan sèn nan ki te tankou yon gwo gans

REPONS LA-LA FWA AK REPANTANS

majestyè. Mezi lafwa a te fou! Ak tout mizik la, dans la, festival la, e timoun yo tap rele fò, granmoun yo tap rele fò, ou te ka di-nenpòt moun te ka konkli ke moun sa yo an reyalyite te kwè nan bagay sa yo.

Pitit mwen ki te genyen sis ane, se pou Bondye beni li, te panse ke tout bagay sa yo se te yon enbesilite.

Men se sa ke mond lan panse de lafwa. Se yon komedi, yon jwèt ki amizan e fasil kote moun yo lib pou patisipe si se konsa yo dezire li, men pa gen yon koneksyo reyèl ak mond reyèl la. Timoun yo kwè nan Papa Nowèl ak Wa maj yo. Mistik yo kwè nan pouvwa wòch yo ak kristal yo. Moun fou yo kwè nan kont yo. E kreyen yo, bon, yo kwè nan Jezi.

Sepandan, li Bib la e ou va wè ke lafwa se pa konsa jan yo moutre li a. Lafwa se pa kwè nan yon bagay ki pa ka pwouve, tankou anpil moun defini li. Bibliyman, lafwa se depandans. Yon konfyans solid tankou yon wòk ki fonde nan pwomès ak verite ke Jezi te vin sove nou anba peche.

Pòl pale ak nou sou nati lafwa nan Women 4, nan diskisyon li a sou Abraam. Men kouman li dekri lafwa Abraam:

Li te kwè nan esperans kont esperans, pou ka rive papa anpil moun, selon sa ki te di a: Se konsan desandans ou va ye. E li pat febli nan lafwa pandan li tap konsidere kò li, ki te gentan tankou mò (ak prèske san ane), oubyen esterilite matris Sara. Li pat doute

Kisa Levanjil la Ye?

nonplis, pou enkredilite, pwomès Bondye a, sinon ke li tefòtifye nan lafwa, pandan li tap bay Bondye glwa, lit e konvenk plènmnan ke Bondye te gen pouvwa pou fè tout sa ke li pwomèt yo. (Women 4:18-21)

Malgre tout sikonstans ki te sanble kont pwomès Bondye a (laj Abraam, laj madanm li ak esterilite li) Abraam te kwè sa Bondye te di a. Li te kwè nan Bondye san doute e li te tann pou pwomès yo konpli. Se vre ke lafwa Abraam pat pafè; nesans Ismayèl pwouve ke Abraam te eseye konfyè premyeman nan pwòp fòs li pou reyalize pwomès Bondye yo. Men lè li te repanti de peche sa a, Abraam te mete lafwa li finalman nan Bondye. Li te depann de li, tankou Pòl te di a, "konplètman konvenk ke li te gen pouvwa tou pou fè tout sa ke li te pwomèt yo".

Levanjil Jezikri a rele nou pou egzaktman menm bagay la-mete lafwa nou nan Jezi, depann de li, e konfyè ke li va konpli sa li te pwomèt la.

LAFWA NAN JEZI POU JWENN YON VÈDIK KI JIS.

Men, poukisa egzaktman nap depann de Jezi a? tou senpleman, nap depann de li pou li ka asire nou yon vèdik ki jis ki soti nan Bondye Jij la, angiz yon vèdik kilpabilite.

Kite m eksplike. Bib la ansenye ke nesesite ki pi gran ke chak moun genyen se pou yo ka jwenn li jis e non pèvès nan je Bondye.

REPONS LA-LA FWA AK REPANTANS

Lè jijman an vini, nou bezwen ak dezesperasyon pou ke vèdik la ki va pwononse sou nou an ka "jis", angiz de "kondane". Se sa Bib la rele "jistifye"-se deklarasyon Bondye ke nou jis nan je li, angiz koupab.

E kouman nou asire yon veridik jis? Bib la di nou klèman ke se pa mande Bondye pou gade pwòp lavi nou. Non, sa a se ta yon mouvman enpridan. Si Bondye pral konte nou tankou jis, Li bezwen fè sa a baz de kèk bagay ki plis ke istoryal peche nou. Li va bezwen fè sa a baz istoryal yon lòt moun, yon moun ki va pran plas nou. Se la a ke lafwa nan Jezi vin rive. Lè nou mete lafwa nou nan Jezi, nap depann de li pou li ka pran plas nou devan Bondye, nan lavi pa fè li a, ak nan lamò li sou kwa a ki te peye dèt nou an. Nan lòt mo, nap konfyè ke Bondye va chanje istoryal nou an pou pa Jezi a, epi poutèt sa nou va deklare jis (Women 3:22).

Gade li nan fason sa a: lè nou konfyè nan Jezi pou sove nou, nou fè inyon ak li, e gen yon chanjman manifik ki fèt. Tout peche nou, rebelyon nou, inikite nou yo tonbe sou Jezi, e li mouri poutèt yo (1Pyè 3:18). E anmenm tan an, lavi pa fè ke Jezi te viv la te transfere a noumenm, e yo deklare nou jis. Bondye gade nou, e angiz pou ta wè peche nou yo, li wè jistis Jezi a.

Se sa Pòl vle di lè li ekri nan Women 4 ke Bondye "konte nou pou jistis" san li pa gade zèv nou, e peche nou yo "kouvri" (v. 5, 7). Sa ki pi enpòtan toujou, sa a se sa Pòl vle di lè li ekri siprizman ke Bondye "jistifye enpi a" (v. 5). Bondye pa deklare nou jis paske

Kisa Levanjil la Ye?

nou jis noumenm menm. E mèsì Bondye paske sa se verite, paske okenn nan nou ta va konpli ak estanda sa a! Non, Bondye deklare nou jis poutèt lafwa, e se konsa nou kouvri ak lavi pafè Kris la. Bondye sove nou pa mwayen gras, non pou kèk bagay ke nou te fè, sinon sèlman pou sa Jezi te fè pou nou. Pwofèt Zakari enfoke pwèn sa a ak yon bèl imaj Jozye gran chèf prèt la ki tap resevwa rad nèf. Men sa Zakari te ekri:

Li te moutre mwen Jozye gran chèf prèt la, ki te devan zanj Jeova a, e Satan te sou bò dwat li pou akize li. E Jeova te di Satan: Jeova reprann ou, o Satan; Jeova ki te chwazi Jerizalèm nan reprann ou. Èske sila a se pa yon tizon dife ke yo te wete nan dife a? E Jozye te gen vye rad sou li, e li te devan zanj lan. E zanj lan te pale, e li te di sila yo ki te devan li, e li te di: Wete vye rad sa yo sou li. E yo te di li: Gade mwen te wete peche ou yo, e mwen te fè mete rad chè sou ou. Apre sal i te di: Mete dekorasyon pwòp sou tèt li. E yo te mete dekorasyon pwòp sou tèt li, e yo te mete rad yo sou li. E zanj Jeova a te kanpe debou. (Zakari 3:1-5)

Rad chè, pwòp, e tou nèf sa yo, pat pou Jozye. Ni dekorasyon pwòp la tou. Tout sa ki te pou Jozye se te vye rad yo, menm rad sa yo ke Satan te vle itilize pou ridikilize li e akize li. Non, jistis ke Jozye tap jwi devan Bondye a se pat pou li. Yon lòt moun te bali li.

REPONS LA-LA FWA AK REPANTANS

Sa a se vre tou pou noumenm kretyen yo. Jistis nou devan Bondye se pa pou nou. Jezi te ban nou li. Bondye te gade Piti li e li te wè peche nou, e kounye a li gade nou li wè jistis Jezi a. Tankou chan an di:

Bondye jis la te satisfè, lè li te gade Li e padone mwen.

SÈLMAN PA MWAYEN LAFWA

Lè nou rann nou kont kouman depandan de Jezi pou sove nou-lamò pou peche nou yo, lavi li pou jistis nou-nou konprann poukisa ke Labib ensiste tèlman sou ke lavi etènèl sa se sèlman a travè lafwa nan li. Pa gen lòt chemen, ni lòt sovè, anyen ni pèsonn nan mond sa ke nou ka depann de li pou sove nou, e menm pwòp efò nou yo.

Tout lòt relijyon nan istwa limanite rejte lide sa a ke nou jistifye sèlman pa mwayen lafwa. O kontrè, lòt relijyon yo asire ke ou ka jwenn lavi etènèl la pa mwayen efò moral yo, bon zèv, ak yon balans kote pwa pozitif la dwe plis ke pwa negatif la. Sa a se pa yon sipriz, se vre. Li trè imen pou panse-e ensiste-ke nou ka kontribye nan lavi etènèl nou.

Nou tèlman depandan de noumenm menm, Se pa vre? Nou kwè nan oto-depandans nou, e nou ofanse de nenpòt panse ki ta di ke sa nou ye a se gras a entèvansyon yon lòt moun. Panse kijan ou ta va santi ou si yon moun ta di de travay ou oubyen de kèk lòt bagay ke ou bay valè, "Bon, se pat ou ki te fè sa. Ou genyen li

Kisa Levanjil la Ye?

sèlman paske kèk lòt moun te ba ou li". E sepandan se egzakteman ka a lè yo fè referans a lavi etènèl nou devan Bondye. Yo te bannou li tankou yon kado, e non pa kontribye nan anyen-se pat jistis nou, ni se pat peye nou te peye pou peche, ni pou bon zèv nou yo (Galat 2:16).

Metè lafwa nan Jezi se renonse a nenpòt lòt esperans pou ta konte tankou jis devan Bondye. Kouman ou ye? Èske wap konte sou bon zèv ou yo? Lafwa vle di konfye sèlman nan Jezi, e admèt ke bon zèv ou yo konplètman ensifizan. Nan lòt mo, sa vle di vole nan pisis nan epi di, "Jezi, si ou pa atrape mwen, mwen nan pwoblèm. Mwen pa gen okenn lòt esperans, ni lòt sovè. Sove m, Jezi, oubyen map mouri."

Sa a se lafwa.

REPANTANS-LÒT FAS PYÈS LAJAN AN

Mesaj ke Jezi tap bay moun ki tap tande li yo se te, "*Repanti, e kwè nan levanjil la!*" (Mak 1:15). Si lafwa se tounen al jwenn Jezi epi depann de li pou lavi etènèl, repantans la se lòt fas pyès lajan an. Se soti nan peche a, rayi li, e deside pou bliye ak èd Bondye, nan menm tan ke nou tounen vin jwenn li nan lafwa.

Se sa Pyè te di fowl moun yo, "*Repanti e konvèti, pou peche nou ka efase*" (Ak 3:19). E Pòl di tout moun "se pou yo repanti e pou yo konvèti nan Bondye" (Ak 26:20).

REPONS LA-LA FWA AK REPANTANS

Repantans la pa opsyonèl nan lavi kretyen an. Li absoliman obligatwa, paske se sa ki etabli yon diferans ant sila yo ke Bondye te sove e sila yo ki pat sove.

Mwen te kontre anpil moun ki di bagay konsa, "Wi, mwen te asepte Jezi pou Sovè mwen, mwen se kretyen. Men mwen poko prè pou asepte li tankou Senyè mwen. Mwen gen kèk bagay ke mwen bezwen regle". Nan lòt mo, yo di ke yo ka gen lafwa nan Jezi pou sove yo, san yo pa repanti de peche yo.

Si nou konprann kòrèkteman repantans lan, nou va wè ke lide ke nou ka resevwa Jezi tankou Sovè men pa tankou Senyè se yon bagay san sans. Pou koumanse, li pa fè jistis a sa Ekriti a ansenye de repantans la ak koneksyon ak lavi etènèl la. Pa egzanp, Jezi te avèti, "men si nou pa repanti, nou tout va peri menm jan an tou". Apòt yo, lè yo te tandè istwa Pyè sou konvèsyon Kònèy la, yo te adore Bondye paske "Bondye te bay janti yo repantans tou pou lavi" (Ak 11:18), e Pòl pale de "repantans pou lavi etènèl" nan 2Korentyen 7:10.

Anvan tout bagay, genyen lafwa nan Jezi vle di kwè ke li se moun ke li di li ye a: Wa krisifye a ki te resisite a ki te konkiste lamò ak peche, e ki gen pouvwa pou sove. Kounye a, Kouman yon moun ka kwè, e konfyè, e depann de tout bagay sa yo e nan menm tan an pou di, "men mwen pa rekonèt ou tankou Wa sou tèt mwen"? Sa pa gen sans. Lafwa nan Kris genyen ladan l yon renons a pouvwa rival sa a ke li te konkiste a: peche a. E kote

Kisa Levanjil la Ye?

renons a peche sa a pa ye, lafwa nan sila a ki te venk peche a pa bon nonplis.

Se jan Jezi te di nan Matye 6:24: "okenn moun pa ka sèvi de mèt a la fwa; paske oubyen li va rayi youn e li va renmen lòt la, oubyen li va estime youn e li va meprize lòt la". Mete lafwa nan Wa Jezi vle di renonse a lenmi li yo.

REPANTANS- SE PA PÈFEKSYON SINON PRAN YON BÒ

Kounye a, anyen de sa vle di ke kretyen an pap janm al peche. Repanti de peche se pa nesesèman sispann peche, e menm nan kèk zòn nan lavi nou, e menm de manyè total. Noumenm kretyen nou se pechè ki tonbe toujou, e menm apre ke Bondye te bannou lavi espirityèl tou nèf la, e nou va kontinye batay kont peche jiskask nou glorifye ak Jezi (Gade Galat 5:17, 1Jan 2:1). Men menmsi repantans lan pa sinifi yon "pa peche imedyat", sinifi ke nou va viv an pè ak peche nou. Nou va deklare lagè mòtal kont li e nou va dedye lavi nou pou reziste li ak pouvwa Bondye nan chak kote nan lavi nou.

Anpil kretyen ak batay ak fòs kont lide repantans lan paske yo ap tann ke si yo repanti tout bon vre, peche a va ale e tantasyon an va sispann. Men lè sa pa pase, yo dezespere, e yo kesyone si lafwa yo nan Jezi se reyèl. Se vre ke lè Bondye rejenere nou, li bannou pouvwa pou batay kont peche a e pou venk li (1Koren-

REPONS LA-LA FWA AK REPANTANS

tyen 10:13). Men piske nou va kontinye batay kont peche a jis nou rive glorifye, nou dwe sonje ke repantans lan se yon kesyon fondamantal nan atitid kè moun anvè peche a, e se pa sèlman yon chanjman nan konpòtman. Èske nou rayi peche epi deklare li lagè, oubyen nou sere li pou defann li?

Yon ekriyen ekri verite sa bèl konsa:

Diferans ant yon nonm ki pa konvèti e yon nonm konvèti se pa ke youn gen peche e lòt la pa genyen; sinon ke youn pran bò peche li yo ki kont Bondye, e lòt la pran bò yon Bondye rekonsilye ki kont peche ke li rayi yo.

Enben, nan ki bò ou ye, nan bò peche ou yo oubyen bò peche ou yo?

CHANJMAN REYÈL- FWI REYÈL

Lè yon moun repanti tout bon vre e li kwè nan Kris, Bib la di ke Bondye bali lavi espiyèl tou nèf. Pòl di: “*E li te ban nou lavi lè nou te mouri nan deli nou ak peche nou yo*”, “Men, Bondye ki rich ak mizerikòd, pou gran lamou li ke li te renmen nou an, e menm lè nou te mouri nan peche nou yo, li te bannou lavi ansanm ak Kris” (Efezyen 2:1, 4-5). Lè sa pase, lavi nou chanje-pa menm kote a yon fason konstant. Men, wi li chanje. Nou koumanse bay fwi.

La Bib di ke kretyen yo distenge ak menm klas lamou, konpasyon, ak bonte ki karakterize Jezi menm. Kretyen veritab

Kisa Levanjil la Ye?

yo fè "zèv ki dakò ak repantans la", Pòl di sa nan (Ak 26:20).

Jezi te di: "Yo rekonèt chak pye bwa selon fwi li", "paske yo pa rekòlte figye nan bwa pikan, ni yo pa rekòlte rezen nan lyann" (Lik 6:44). Nan lòt mo, lè moun yo resevwa lavi esprityèl nèt la, yo koumanse ap fè sa Jezi te fè. Yo koumanse ap viv tankou Jezi te viv e yo pote fwi.

Youn nan bagay ke nou dwe pwoteje tèt nou de li, se panse ke fwi sa yo se yo ki lakoz lavi etènèl nou. Toujou gen danje sa a, lè nou koumanse wè fwi yo nan lavi nou, nou koumanse ap depann de fwi sa yo pou lavi etènèl nou, angiz pou n ta depann de Kris. Pran prekosyon ak tantasyon sa a, Kreyen. Rann ou kont ke fwi ke ou pote se plis ke sa: fwi yon pye bwa ke Bondye te plante pa mwayen la gras nan Kris. Depann de pwòp fwi ou yo pou asire favè Bondye se devye lafwa ou soti sou Jezi pou vire sou pwòp tèt ou. E sa a se pa lavi etènèl ditou.

KIBÒ OU VA PWENTE?

Lè ou va devan Bondye nan jijman an, mwen poze tèt mwen kesyon, kisa ou va fè oubyen ou va di pou konvenk Bondye pou li ka konte ou pou jis epi kite ou antre nan wayòm li a ki plen ak benediksyon an? Ki bon zèv oubyen bon atitid ou rale soti nan pòch ou pou enpresyone li? Èske ou va moutre li konbyen fwa ou te ale legliz? Lavi fanmi ou? Panse ou yo ki pa gen tach? Ke ou pat janm komèt okenn peche atwòs nan prezans li? Mwen mande tèt

REPONS LA-LA FWA AK REPANTANS

mwen kisa ke ou va kenbe nan men ou pandan wap di, "Bondye, jistifye mwen an echanj sa a!"

Mwen pral di ou kisa tout kretyen ki gen lafwa yo nan Jezi sèlman pa mwayen la gras Bondye va fè. Senpleman e an silans yo va pwente sou Jezi. E se sa ke yo va di: "O Bondye, pa chèche okenn jistis nan pwòp lavi mwen. Gade Pitit ou a. Pran mwen pou jis, pa paske mwen te fè yon bagay pou sa oubyen yon bagay mwen ye, sinon poutèt li. Li te viv lavi ke mwen te dwe viv la. Li te pran lamò ke mwen te merite a. Mwen te renonse a tout bagay, e petisyon se sèlman limenm. Jistifye m, O Bondye, akòz Jezi ".

CHAPIT SIS (6)

WAYÒM NAN

Nan antre estasyonman legliz mwen an genyen yon plak an bwonz ak pawòl imòtèl misyonè Jim Elliot: "Sila a ki remèt sa li pa ka kenbe pou genyen sa li pa ka pèdi, pa san konprann". Mwen renmen fraz sa a paske li ankadre trè byen pri ak rekonpans yon kretyen.

Pa gen dout nan sa ke pou vinn kretyen se yon bagay ki kote chè (Lik 14:18). Men se vre tou ke rekonpans ki genyen pou sa se yon bagay ki pa ka eksplike. Padon pou peche, adopsyon tankou pitit Bondye, relasyon ak Jezi, kado Lespri Sen an, libète anba tirani peche a, kominyon ak legliz la, rezireksyon ak glorifikasyon kò a, fè pati wayòm Bondye a, syèl ak tè tou nèf la, letènite nan prezans Bondye, pou wè figi li tout sa yo se

Kisa Levanjil la Ye?

pwomès ke Bondye te fè nou nan Kris. Nou pa ta ka sezi lè Pòl te site Ezayi pandan li tap di,

Bagay ke je pat wè, ni zòrèy pat tande, ni li pat moute sou kè lezòm, se bagay yo ke Bondye te prepare pou moun ki renmen li yo.

(;Korentyen 2:9)

Lavi kretyen se pa sèlman evite kòlè Bondye. Lwen de sa! Se genyen yon relasyon kòrèk ak Bondye, e anvan tout bagay rejwi li pou toutan. Se sa sa vle di genyen sa nou pa kapab pèdi a-sitwayènte nou nan wayòm etènèl li a.

Depi menm moman ke yon moun kwè nan Jezikri, tout bagay nan lavi sa a chanje pou toutan. Mwen konnen ke pafwa-se pa konsa sa santi. Pa gen festival selès, ni twonpèt, ni zanj kap chante (o mwens nou pa ka tande yo), men se vre nenpòt ki jan. Tout bagay chanje. Pòl di ke "Bondye te libere nou anba pouvwa tenèb la, e Li te mete noun an wayòm Pitit gason li renmen an" (Kolosyen 1:13).

KISA WAYÒM BONDYE A YE?

Wayòm Bondye a se yon tèm enpòtan nan Nouvo Testaman an. Jezi li menm menm te konn preche sou sa toutan, pandan li tap di, "Repanti, paske wayòm syèl yo te pwoche". Ak 28:31 bay yon rezime de ministè Pòl la konsa: "Pandan li tap preche wayòm

REPONS LA-LA FWA AK REPANTANS

Bondye a epi ansenye sou Senyè Jezikri a, ouvètman e san anpèchman". Otè liv Ebre a te rejwi dèske kwayan nan Kris yo ta resevwa "yon wayòm inebranlab" (Ebre 12:28), e Pyè ankouraje lektè li yo ak lide a ke nou byenvini nan "wayòm etènèl Senyè nou Jezikri" (2 Pyè 1:11). Apre sa nan li Apokalips, tout abitan selès yo tonbe nan adorasyon: "kounye a lavi etènèl la te rive, pouvwa a, wayòm Bondye nou an, ak otorite Kris li a" (Apokalips 12:10).

Men, kisa wayòm sa a ye menm? Èske se yon wayòm kote ki gen yon pòsyon teritwa kote Bondye genyen yon otorite espesyal? Èske se legliz la? Èske se yon bagay ki déjà la, oubyen se yon bagay ke nap tann, ki gen pou vini? Kilès egzaktman ki fè pati wayòm Bondye a? Èske Bondye pa renye konplètman sou tout moun, pe enpòt si yo kwè nan Jezi? Èske se vre ke nou tout fè pati wayòm nan? Epi, Èske nou tout kretyen nou pa ka travay ansanm pou etabli li?

Nou pral eseye reponn kèk nan kesyon sa yo pandan nap analize kèk bagay ke Ekriti a ansenye sou wayòm Bondye a.

WAYÒM REDANMÈ BONDYE A

Premyèman, wayòm Bondye a se rèy redanmè Bondye sou pèp li a. Wayòm nan se youn nan mo sa yo ki genyen notasyon ki fò, nan ka sa a, notasyon sa yo ka konfonn nou. Jeneralman lè nou panse de yon wayòm, nou panse de yon moso tè an patikilye ak limit fwontyè li ki byen define. Pou anpil nan nou, yon wayòm se yon

Kisa Levanjil la Ye?

mo jeografik. Sepandan, se pa menm bagay la nan Bib la. Nap pale bibliyman, wayòm Bondye a kapab konprann pi byen tankou yon pozisyon wayal e non tankou yon tèritwa. Poutèt sa, wayòm Bondye a se domèn, rèy, ak otorite Bondye (Sòm 145:11, 13).

Sepandan, gen lòt mo enpòtan ke nou dwe ajoute a definisyon nou an. Selon Bib la, wayòm Bondye a se pa sèlman yon domèn ak rèy. Se domèn li ak rèy redanmtè li; se souverènte amoure li ke lap egzèse sou pwòp pèp li.

Se vre, ke ni yon santimèt nan inivè a, ni yon sèl moun, endepandan de domèn Bondye a oubyen deyò otorite li. Li te kreye tout bagay, e li va jije tout bagay. Men lè Bib la itilize fraz "wayòm syèl yo", jeneralman li fè referans espesifikman a domèn Bondye a sou pwòp pèp li, sou sila yo ki te gentan sove a travè Kris la. Se poutèt sa Pòl pale de kretyen yo ki te pase de domèn tenèb la a wayòm Bondye a (Kolosyen 1:12-13), e li trè pridan lè li sinyale ke enpi a pap eritye wayòm Bondye a (1Korentyen 6:9).

Donk, definisyon wayòm Bondye a se: domèn, rèy, ak otorite redanmtè Bondye sou sila yo ke Jezikris te reachte.

YON WAYÒM KI GENTAN RIVE

Dezyèmman, wayòm Bondye la. Lè Jezi te koumanse ministè li, li te konn preche yon mesaj enpaktan: "Repanti, paske wayòm syèl yo te rive" (Matye 3:2). Sa te kapab tradwi konsa, "Repanti, paske wayòm syèl yo la!"

REPONS LA-LA FWA AK REPANTANS

Nou te gentan wè ki jan de deklarasyon enpaktan ke Jezi tap fè ak mo sa yo. Jwif tap tan e yo tap priye pandan plizyè syèk pou ke wayòm nan te ka rive, pou jou ke domèn Bondye ta va etabli sou tè a ta rive, e pou pèp li a te ka etabli ankò. E kounye Men Jezi te la-chapantye moun Nazarèt sa a ki te vin yon mèt-tap di yo ke jou ke yo tap tan lan te rive.

Se pa sa sèlman, li tap di tou ke wayòm Bondye a te inogire nan li. Se konsa ke nan Matye 12:28, lè farizyen yo te akize Jezi de ke li te chase demon nan non Satan, Jezi te reprann yo e li te bay yon gran deklarasyon "Men si mwen chase demon yo ak Lespri Bondye, enben wayòm Bondye te rive jwenn nou". Èske ou wè sa sa vle di? Se klè ke Jezi de konn chase demon yo e li tap fè sa ak Lespri Bondye a. Sa ke li tap afime se ke liberasyon ke Bondye te pwomèt pou pèp li a. Wayòm nan te rive.

Ki panse asonbre ke sa a ye! Enkanasyon Jezi a te plis pase yon vizit emab kreyatè nou an. Se te devlopman kont-ofansif final ak definitive Bondye a kont peche, lamò ak destriksyon ki te antre nan mond lan lè Adan te tonbe.

Ou kapab wè kouman lagè a tap avanse nan tout istwa lavi Jezi nan Nouvo Testaman an. Wa Jezi ale nan solitè dezè a pou fè fas a Satan (sila a, anpil ane de sa, ki te tante Adan e ki te mete lemond anba koripsyon), e Jezi te defèt li yon fason desiziv! Li touche je yon nonm ki te fèt tou avèg e limyè te antre pou premye fwa. Li tap gade yon tonm tenèb tris e li klame: "Laza, vini deyò!" e lamò

Kisa Levanjil la Ye?

koumanse santi opresyon ki li egzèse sou limanite e li febli nan tan ke nonm mouri sa a tap mache soti.

E apre sa, menm peche a te pèdi batay lè Jezi te klame sou kwa a "Tout bagay fini". Kaptivite anba lamò a te fini konplètman lè zanj la te di (asireman ak yon souri sou lèy li): "Poukisa nap chèche nan mitan mò yo sila a ki vivan?, li pa la a, li te resisite" (Lik 24:5-6). Pazapa e kou sou kou, Jezi tap kraze yon fòm konplèt efè peche Adan an. Wa lejitim lemond lan te vini e tout sa ki te reprezante yon obstak pou etabli wayòm sa a (Peche, lamò, lanfè, Satan), yo tout te pèdi batay yon fason desiziv.

Sa vle di ke anpil benediksyon nan wayòm nan gentan pou nou. Se konsa ke Jezi di disip li yo ke li va voye "lòt Konsolatè", Lespri Sen an, ki va dirije yo, li va konvenk yo de peche e li va santifye yo. Menm fason ke, kreyen yo konnen sa sa vle di adopte nan fanmi Bondye a e rekonsilye ak li. Pòl rive di ke devan Bondye nou te gentan resisite epi chita ansanm ak Kris (Efezyen 2:6).

Sa a se yon verite enkreyib e ankourajan. Men gen kèk bagay ankò, yon bagay ki gen menm enpòtans ke nou dwe konprann.

YON WAYÒM KI POKO KONLETE

Twazyèmman, wayòm Bondye a poko konplete, e li pap konplete jiskaske Wa Jezi tounen. Malgre tout sa Jezi te fè pou kraze pouvwa malen an, li pat etabli konplètman domèn Bondye a sou tè a-o mwens, li poko. Mal la te mare, men li pat detwi. Mal la te

REPONS LA-LA FWA AK REPANTANS

mare, men li pat likide, e wayòm Bondye a te inogire, men yo pot ko mennen li vini totalman.

Jezi te pale de yon jou kap vini lè wayòm nan ta konsime finalman. Nan jou sa a, zanj yo "va ranmase nan wayòm li a, tout moun ki sèvi obstak ak sila yo ki komèt inikite... enben jis yo va briye tankou solèy la nan wayòm papa li a" (Matye 13:41-43). Jezi antisipe tou nan Sent Sèn nan, nan jou ke li va bwè yon fwa ankò fwi rezen an ak disip li yo: "E mwen di nou depi kounye a ke mwen pa va bwè de fwi rezen sa a ankò, jiskaske jou sa a ke mwen va bwè ankò ak nou nan wayòm papa mwen an" (Matye 26:29).

Pòl antisipe rezireksyon moun mouri yo tou nan letènite a (1Korentyen 15), e li di moun Efèz yo ke yo de sele ak Lespri Sen an "ki se garanti eritaj nou an jiskaske redanmsyon posesyon an rive, pou lwanj glwa li" (Efezyen 1:14). Pi devan li di ke Bondye te sove nou "pou moutre nan syèk yo kap vini an, tout richès abondan gras li nan bonte li pou noun an Jezi Kris" (Efezyen 2:7). Pyè pale tou de yon "lavi etènèl ki prepare pou ka manifeste nan dènye tan yo" (1Pyè 1:5), e otè liv Ebre a di lektè li yo ke yo "se etranje e peleren sou tè a" (Ebre 11:13) e ke yo dwe chèche "Lavil ki gen fondman, ke achitèk ak konstriktè li se Bondye" (Ebre 11:10).

Gran esperans pou kretyen yo, bagay sa yo ke nap sere e ki bannou fòs ak animasyon, se jou sa a ke Wa nou an va louvri syèl la e li va tounen finalman pou toutan pou etabli wayòm gloriye li. Moman gloriye sa a lè tout bagay nan mond sa a vin antre nan

Kisa Levanjil la Ye?

lòd, lè jistis la finalman va yon satisfasyon, lè mal va pèdi batay, e lè jijman Bondye a va etabli yon fwa pou toutan. Bondye pwomèt:

Mwen va kreye syèl tou nèf ak latè tou nèf; e pa va gen memwa de premye yo, ni yo va moute nan panse moun. Men nou va rejwi e kè nou va kontan pou toutan nan bagay ke mwen te kreye yo; paske men mwen pote lajwa nan Jerizalèm, e kè kontan pou pèp li a. E mwen va kontan ak Jerizalèm, e mwen va rejwi ak pèp mwen an; e yo pa janm tande kriye nan mitan yo ankò, ni moun kap plenyen. (Ezayi 65:17-19)

E nan jou sa a, pwofèt la di nou:

Yo pa va fè malfektè ni yo va fè mechanste nan tout mòn sen mwen an; paske tè a va plen ak konesans Jeova, tankou dlo kouvri lamè a (Ezayi 11:9).

Lèm te timoun mwen te konn panse ke desten kretyen yo se te yon bagay tankou chita nan yon sèvis nan legliz la etènèlman separe ak kò nou. Panse sa a te fè kè m sote! Men mwen te nan erè. Entansyon Bondye se kreye yon mond tou nèf pou pèp li a kote peche pa egziste, ni lamò, ni maladi. Lagè va fini, opresyon va fini, e Bondye va abite ak pèp li a pou toutan. Pa va gen plas pou lamò nan pitit Bondye yo, e pa va janm gen dlo ki va koule nan je yo devan yon tonm. Timoun yo pa va janm viv kèk jou pou yo mouri apre. Nou pap janm tris ankò, ni nou pa va gen doulè. Nou pa va janm tounen sonje kay nou paske tankou Apokalips di, Bondye menm menm va siye dlo nan je nou, e anfen nou va wè fas li.

REPONS LA-LA FWA AK REPANTANS

Vrèman, Ki repons ki kapab bay pou tout bagay sa yo? Yon sèl bagay mwen panse: O Senyè Jezi, vini rapid!

Mwen toujou fè yon ti sezisman lè mwen tande moun yo ap pale de pwomès sa yo-syèl tou nèf la ak tètou nèf la, lavil selès la ke mal pa va kowonpi, mond ki va genyen lamò, lagè, opresyon, pèp Bondye kap viv ak jwa devan twòn li a pou toutan-e apre sa youn di lòt "trè byen, ann travay pou sa rive vre!"

An reyalite, se ke nou menm tankou moun nou pa kapab etabli e konsonmen wayòm Bondye a. Malgre pi bon-e bon-efò nou fè pou ta fè mond sa yon pi bon kote, wayòm ke Bib la pwomèt la va etabli sèlman lè pwòp Wa Jezi tounen pou reyalize li.

Sa a se yon bagay enpòtan ke nou dwe sonje pou de rezon. Premyèman, sa pwoteje nou de yon optimis ki nan erè e ki twonpè sou sa ke nou kapab fè nan mond tonbe sa a. Kretyen yo, vrèman vre, ka pote kèk chanjman nan sosyete a. Sa te pase deja nan istwa, e mwen pa gen okenn pou doute ke sa ap pase kèk kote kounye a menm, e ke sa va pase nan jou yo kap vini an tou. Kretyen yo kapab fè yon gwo byen pou lemond-yon byen ki va glorigye Bondye ak Jezikri nan mond sa a.

Men mwen kwè ke liy istwa Biblik la fòse nou pou rekonèt ke viktwa sosyal ak kiltirèl nou yo, va toujou tanporèl jiskaske Jezikri tounen. Kretyen yo pa va janm pote wayòm Bondye a vini. Sèlman Bondye kapab fè sa. Jerizalèm selès la va desann soti nan syèl la; sa pa konstwi anba pou pote ale anlè.

Kisa Levanjil la Ye?

Sa ki pi enpòtan an, se sonje ke wayòm nan va etabli jiskaske Jezi tounen, santrè esperans nou kòrèkteman, santiman nou, ak dezi nou nan Jezikri menm. Angiz pou gade kèk pouvwa moun, oubyen pwòp efò nou pou restore tout bagay, annou gade syèl la pou klame ak apòt Jan, “Wi, vini, Senyè jezi!” Dezi nou genyen pou retou li a ap grandi, priyè nou yo pi fèvan, e lanmou nou genyen pou li vin pi fon. An rezime, dezi nou ak esperans nou byen fèm-e kòrèkman-pa sèlman nan wayòm nan, sinon nan Wa wayòm sa a.

YON REPOUS POU WA A

Katriyèmman, pou ka fè pati wayòm Bondye a, sa depann totalman de repons nou bay Wa a. Jezi pat ka pi klè sou sa. Plizyè fwa li te repete, li te di ke repons ke yon moun ba li ak mesaj li se te sèl faktè ki ta detèmine si yon moun ta fè pati wayòm li a. Panse sou istwa jenn nonm rich la. Jenn nonm rich la te mande: “Kisa mwen va fè pou eritye lavi etènèl la?” E repons final ke Jezi te ba li se te, “Swiv mwen”, sa te vle di pou nonm sa a pou li bay konfyans li te genyen nan richès li yo do epi pou kwè nan Jezi (Mak 10:17, 21).

Jezi di plizyè fwa, ke Bondye va trase yon tras ki briye a travè limanite, pou separe moun ki sove yo ak sa ki pèdi yo. E sèl bagay ki va fè diferans ant de gwoup sa yo se kouman yo reponn Wa Jezi. Sa a se sans istwa mouton yo ak kabrit yo nan Matye 25. Finalman, diferans ant “Apwoche” e “Wete kò ou devan m” se

REPONS LA-LA FWA AK REPANTANS

kouman chak moun reponn Senyè Jezi nan baz a sa ke "frè yo" te konn pwoklame, sa vle di, legliz li a.

E, se vre, sa ki fè sa posib nan premye lye, ke nou se pèp Jezi se lamò li ak rezireksyon li. Se sa ki enpresyone nan Jezi, se pa sèlman ke li se Wa oubyen ke li te inogire yon wayòm ak lamou e konpasyon. An reyaltite, sa a pa tèlman enpresyonan; tout jwif te konnen ke sa ta pral pase yon jou. Non, sa ki reyèlman enpresyonan de levanjil Jezi a se ke Wa a te mouri pou sove pèp li a; Mesi a te vin yon Mesi krisifye.

Jwif yo tap tann Wa Mesi a ki tap vin delivre yo pandan plizyè syèk. Yo te gen lespwa pou wè yon Sèvitè ki soufri tou ki ta soti nan Senyè a (Ezayi te pwofetize sa), yo te menm genyen yon lide vag de "pitit lòm nan" ki soti nan Bondye ki ta dwe parèt nan lafen tan yo (Danyèl). Men sa yo pat tap tann nan se ke twa figi sa yo tap vin menm moun nan! Pèsonn moun pat mare twa kab sa yo ansanm-o mwens, pa jiskaske Jezi te vini.

Sepandan, Jezi pat sèlman di ke li se te akonpliman espèrans mesyanik Izrayelit yo (se vle di, Wa yo), sinon ke li te toujou ak fè referans sou tèl li tankou "Pitit Lòm nan" ki soti nan Bondye a ki nan Danyèl 7. Plis ankò, Jezi te di ke Pitit Lòm nan te vini "pou bay lavi li pou sove anpil" (Mak 10:45), sa ki pwente, byen si, sou Sèvitè Senyè a ke yo mansyone nan Ezayi 53:10.

Èske ou rive wè sa ke Jezi tap di a? Lap di ke li menm te satisfè-tout bagay nan menm tan an-wòl Mesi ki soti nan David la,

Kisa Levanjil la Ye?

Sèvitè ki soufri nan Ezayi a, ak Pitit nonm ki nan Danyèl. Jezi te pran nati diven Pitit Lòm nan, e li te mele li ak soufrans Sèvitè a, e finalman li te konbine tout bagay sa yo ak wòl mesyanik la. Pou rive nan lè ke Jezi tap fin kòde tout fil esperans jwif la, Wa sa a te gentan plis ke yon revolisyonè tèrès ke jwif yo tap tann nan. Li te Wa a-Sèvitè diven an, ki va soufri epi mouri pou pèp li pou achte lavi etènèl yo, pou fè yo jis nan je Papa li, epi pou mennen yo nan wayòm li a ak glwa.

Anba limyè tout bagay, se pa yon sipriz pou ke Jezi ta di ke antre nan wayòm li a depann sèlman de si yon moun repanti de peche li epi konfyè nan li ak travay espyatwa li te fè sou kwa a. Lè Jezi pale de "levanjil wayòm nan", entansyon li se pa sèlman di ke wayòm nan te vini, sinon ke wayòm nan te vini e ke oumenm ou ka fè pati li, si ou fè yon sèl ak Wa a pa mwayen lafwa, pandan wap kwè ke se limenm sèlman ki ka sove ou anba peche.

Se poutèt sa, pou yon sitwayen wayòm Kris la se pa sèlman yon kesyon de "viv yon lavi ki dakò ak wayòm nan", oubyen "pou swiv egzanp Jezi a" oubyen pou "viv tankou Jezi te viv la". Sa ki vre se ke yon moun ka pwofese pou di ke "li se yon moun kap swiv Jezi" oubyen "yon moun kap viv lavi wayòm nan" e ak tout sa rete deyò wayòm nan. Ou kapab viv tankou Jezi te viv la tout jan ou vle, men si ou pa prezante devan Wa krisifye a, nan repantans e lafwa, pandan wap depann sèlman de li tankou sakrifis pafè pou peche ou e sèl espwa pou lavi etènèl, enben ou pa kretyen, ni yon sitwayen wayòm nan.

REPONS LA-LA FWA AK REPANTANS

Fason ke pou ou vin fè pati wayòm Bondye a se pandan wap vin jwenn Wa a, se pa sèlman bat bravo poutèt li se yon gran egzanp ki moutre nou yon chemen ki pi bon pou viv, sinon pou konfye nan li ak imilite tankou Senyè krisifye a, ki se sèl moun ki libere ou anba santans lamò a. finalman, sèl fason pou antre nan wayòm nan se pa mwayen san Wa a.

YON APÈL POU VIV POU WA A

Senkyèman, pou sitwayen wayòm nan, sa vle di yon apèl pou viv lavi wayòm nan. Nan Women 6, Pòl rele kretyen yo pou rekonèt ke yo te sove yo anba domèn peche e ke yo te mennen yo nan wayòm Bondye a.

Paske nou antere ansanm ak li pou lamò a travè batèm nan, pou jan Kris te resisite nan lamò pou glwa Papa a, menm jan an tou nou dwe mache nan yon lavi tou nèf. Paske si yo te plante nou ansanm ak li nan resanblans lamò li, se konsa tou sa va ye pou nou nan rezireksyon li; konnen sa byen, ke vye lòm nan te krisifye ansanm ak li, pou kò peche a te ka detwi, pou nou ka pa sèvi peche a ankò. Paske sila a ki te mouri, te jistefye de peche a. E si nou mouri ak Kris, nou kwè ke nou va viv ak li tou; pandan nou konnen ke, Kris te resisite nan lamò, li pap mouri ankò; lamò pap gen plis pouvwa sou li. Paske menm kote li te mouri a, peche a te mouri la menm yon fwa pou tout; men, menm kote li vivan an, li viv pou Bondye. Se konsa, noumenm, konsidere tèt nou

Kisa Levanjil la Ye?

mouri pou peche, men vivan pou Bondye nan Jezikri, Senyè nou an. (Women 6:4-11)

Lè yo mennen nou nan wayòm Bondye a pa mwayen lafwa, Lespri Sen an bannou yon lavi tou nèf. Nou vin sitwayen yon wayòm tou nèf, e sèvitè yon Wa tou nèf. Poutèt sa nou genyen yon obligasyon tou nèf pou obeyi Wa a, pou viv yon fason ki fè plèzi. Se poutèt sa Pòl di:

Piga peche a gouvènè sou kò mòtèl nou, pou obeyi li nan nan move dezi li yo; ni pou nou prezante manm nou yo bay peche tankou enstriman inikite, sinon prezante nou bay Bondye tankou vivan nan mitan moun mouri yo, e manm nou yo bay Bondye tankou enstriman jistis. (Women 6:12-13)

Ata ke Jezi tounen, noumenm pèp li a nou kontinye viv nan tan peche sa a, e Wa nou rele nou pou viv yon lavi diy wayòm kote li rele nou an (1 Tesalonik 2:12), pou "briye tankou zetwal yo" nan yon jenerasyon kowonpi e deprave (Filipyen 2:15). Sa pa vle di ditou ke viv lavi wayòm nan se sa ki fè nou fè pati li. Sa vle di ke depi lè ke yo te mete noun an wayòm nan pa mwayen lafwa nan Wa a, nou anfas yon mèt tou nèf, yon lwa tou nèf, yon anbyans tou nèf, yon lavi tou nèf-e poutèt sa nou koumanse vle viv lavi wayòm nan.

La Bib di nou ken an epòk sa a, lavi wayòm nan reyalize prensipalman nan legliz la. Èske ou te gentan panse sou sa? Legliz la se kote ke wayòm Bondye a vin vizib nan epòk sa a. Gade sa Efezyen 3:10-11 di:

REPONS LA-LA FWA AK REPANTANS

Pou prensipal yo ak pouvwa yo ki nan kote selès yo ka konnen sajès Bondye ki plizyè fòm nan kounye a pa mwayen legliz la, se- lon objektif etènèl ke li te fè nan Jezikri, Senyè nou an.

Legliz la se sab ke Bondye te chwazi pou moutre mizerikòd li ak glwa levanjil li a. tankou anpil moun te di sa anvan, legliz la se anbasadè Bondye nan mond sa a. Li pa kòrèk pou di ke legliz se wayòm Bondye a. Tankou nou te wèl la, wayòm nan plis pase sa a sèlman. Men wi, se kòrèk pou di ke legliz la se kote nou wè wayòm Bondye a manifeste nan mond sa a.

Èske ou vle konnen ki aspè wayòm Bondye a genyen, anplis de pafè? Èske ou vle wè lavi wayòm nan nan epòk sa a? Gade legliz la. Se la sajès Bondye manifeste, kote moun ki te lwen anvan, kounye a yo rekonsilye pou fè yon sèl ak Jezi, e kote Lespri Sen Bondye a ap travay pandan lap refè epi rekonstwi lavi moun. Se kote pèp Bondye a aprann renmen youn lòt, pou ede pote chay lou yo youn lòt, pou kriye ansanm e pou rejwi ansanm, e pou youn rann lòt kont. Se vre, ke sa pa pafè, men legliz la se kote ki viv e manifeste lavi wayòm nan nan yon mond ki bezwen sove.

PÈSEVERANS NAN FÈNWA A

Li klè pou konprann ke se nesite sa a ke mond la genyen an pou sove ki fè lavi sitwayen wayòm Bondye a nan epòk sa vin difisil konsa. Pou mond lan, kreyen yo se yon menas, e sa va tou- jou konsa. Nan tan legliz primitiv la, deklarasyon "Jezi se Senyè

Kisa Levanjil la Ye?

a" se te rejte otorite amperè a epi yon blasfèm, e yo te konn touye kretyen yo pou sa. Jodi a, deklarasyon "jezi se Senyè a" fanatik yo foul moun yo rejte e yo pa tolere sa, e lemond meprize nou pou sa.

Nan Ekriti a nou pa janm wè lavi wayòm nan-batay pou rete fidèl a Wa a-te fasil. Jezi te pwomèt ke moun kap swiv li yo ta va souffri pèsekisyon, ke yo ta meprize yo, pase yo nan rizib, e menm asesinen yo. Men nan mitan tout sa toujou, noumenm kretyen yo nou pèsèvere paske nou konnen ke gen yon eritaj kap tan nou nan prezans Bondye ke nou pa ka imajine.

Nan dènye liv epik seri *Senyè bag yo* ke J.R.R. ekri, ewo istwa yo te rive nan pati ki pi fènwa nan vwayaj yo a. Yo te vwayaje pandan milye kilomèt e finalman yo te rive nan tè mechan an ki te objektif yo, men pou diferant rezon, tout bagay sanble te pèdi. Men nan moman nwa sa a toujou, youn nan ewo yo, Sam, te gade anlè nan syèl nwa a. Tolkien ekri:

Pi lwen mòn lwès yo, syèl la nan nwit te pal epi ak vapè toujou. La a, pandan li tap soti nan nyaj yo sou tèt tou a sou tèt mòn yo, Sam te wè yon zetwal blan ki tap briye pou yon moman. Bèlte li te sekwe kè li, pandan je li tap ale lwen tè ke li te bliye a, e esperans la te tounen sou li. Enben, tankou yon zeklè klè e frèt,panse li te penetre lè li te konprann ke finalman, Lombraj la se te yon bagay piti e pasajè; te genyen limyè ak bèl bagay pi lwen ke sa pou toutan.

Sa a se youn nan moman prefere mwen nan istwa a, paske se la

REPONS LA-LA FWA AK REPANTANS

a menm ke Tolkien mennen nou kote nou jwenn fòs pou pèsevere menm nan fènwa: nan esperans la. Nou rankontre li pandan nap konnen ke soufrans nou yo kounye a piti epi pasajè, e tankou Pòl te di, nou pa dwe konpare yo ak glwa ki va revele nan nou lè Wa a va tounen.

CHAPIT SÈT (7)

PANDAN NAP KENBE KWA A NAN SANT LAN

Yon pwen nan *Pwogrè Peleren an, de John Bunyan*, Kreyen tap pale ak de endividi ki rele Fòmalis ak Ipokrizi. Yo ansiste ke, menm jan ak kreyen, yo nan chemen ki mennen nan Lavil Selès la, e yo sèten ke yo va rive, ke anpil moun nan peyi yo te pase nan chemnen sa a.

Bon, non yo di nou anpil bagay. Fòmalis ak Ipokrizi pap ka rive lavil la.

Premye fwa ke Kreyen wè de nonm yo, yo tap vole mi ki paralèl ak chemen kote Kreyen te ye a. Li rekonèt ke sa se te pwoblèm, paske li te gentan konnen ke sèl fason lejitim pou antre nan chemen an se pa mwayen Pòt jis la, ki reprezante nan istwa, repantans ak lafwa nan Kris krisifye a.

Kisa Levanjil la Ye?

San l pat pè al dirèk sou pwèn an, Kreyen mande nonm yo: "Poukisa nou pa antre nan pòt la?" Nonm yo eksplike rapidman ke moun nan peyi yo panse ke pòt la trè lwen, se konsa ke yo deside "fè chemen dekoupe". Anplis de sa, nonm yo di,

Si nou rive antre nan chemen an, Ki enpòtans sa genyen sou kouman nou antre? Si nou anndan, nou anndan. Ou nan chemen an, e ou te antre nan pòt la; noun an chemen an, e nou vole mi an. Donk, Poukisa sa ta vle di ke ou pi bon pase nou?

Kreyen avèti nonm yo ke Mèt lavil la te dekrete ke tout moun ki antre nan Lavil Selès la, dwe antre nan pòt la, e prèv la se yon pachemen ke yo te resevwa nan chemen an, ke yo dwe prezante nan pòt lavil la pou ka antre. Kreyen di, mwen imajine m ke "nou pa genyen sa paske nou pa natre nan pòt la".

Pwèn Bunyan nan se moutre ke sèl chemen ki mennen nan lavi etènèl la se a travè Pòt Jis la-sa vle di, a travè repantans ak lafwa. Li pa sifi pou ap navige nan chemen an lavi Kreyen an. Si yon moun pa pase nan pòt la, se pa yon vre kreyen.

YON LEVANJIL PI GRAN E RELEVAN?

Sa a se yon ansyen istwa, men leson moral istwa Bunyan nan pi ansyen toujou. Depi nan koumansman tan yo, moun yo te toujou eseye sove tèt yo yomenm menm a travè plizyè fòm, ki gen sans pou yo, angiz pou yo koute e soumèt yo devan Bondye. Yo te eseye dekouvri lòt mwayen pou jwenn lavi etènèl-lòt mwayen

REPONS LA-LA FWA AK REPANTANS

pou jwenn levanjil la-san antre nan Pòt Jis la, sa vle di, san antre nan kwa Jezikri a.

E menm nan jou nou yo, se yon verite. E mwen kwè ke youn nan pi gwo danje yo ke kò Kris la ap konfwonte jounen jodi a, se tantasyon pou prezante oubyen atikile levanjil la nan yon fòm ki genyen lòt bagay nan sant la ki pa lamò Jezi a sou kwa a pou pechè yo.

Presyon ki fè sa se pa piti, e sanble ke li prezante nan diferan direksyon. Youn nan sous primè presyon an se lide kap vin pi komen, lide ki di ke levanjil padon peche yo a travè san Jezi a pa "gran" sifi-li pa atake pwoblèm yo tankou lagè, opresyon, povrete, ak enjistis, e reyalmante, tankou yon otè te di, "li pa tèlman enpòtan" lè nou vle rezoud pwoblèm reyèl nan mond la.

Kounye a, mwen kwè ke akizasyon sa a fo. Soti depi nan rasin, tout pwoblèm sa yo se rezilta peche lòm, e se enkonsyan panse ke ak yon ti kras plis aktivite, oubyen ak yon ti kras plis preokipasyon, oubyen yon ti kras plis "viv lavi a tankou Jezi te viv li", nou ta ka rezoud pwoblèm sa yo. Non, se sèlman kwa a ki ka fini ak peche pou toutan, e se kwa a ki rann sa posib pou moun yo antre nan wayòm pafè Bondye a.

Sepandan, presyon pou jwenn yon levanjil pi "gran" e pi "enpòtan an" sanble kapte anpil moun. Anpil fwa, nan anpil liv, nou jwenn deskripsyon livanjil kap mete kwa a nan dezyèm plas. Angiz sa, nou jwenn ke kè levanjil la se ke Bondye ap refè mond

Kisa Levanjil la Ye?

lan, oubyen ke li te pwomèt yon wayòm kote tout bagay va an lòd, oubyen ke lap rele nou pou fè yon sèl nan plan li genyen pou transfòm kilti nou. Nenpòt fason, rezilta a, se ke lamò Jezi pou pechè yo, soufri diskriminasyon, e pafwa yo menm rive inyore li.

TWA LEVANJIL KI RANPLASE

Desantralizasyon la kwa sa a sanble ap pase yon jan lejè e de diferan manyè nan mitan kretyen evanjelik yo. Nan dènye ane yo, yo te defann kèk levanjil “pi gran e pi bon”, e yo chak ladan yo, sanble ap genyen yon nimewo fanatik sinifikativ. Sepandan, pandan levanjil “ki pi gran” sa yo genyen kèk lòt bagay diferan nan sant la ki pa kwa Kris la, opinyon mwens se ke reyèlman yon mwens ke levanjil la. Kite m bannou twa egzanp.

“JEZI SE SENYÈ A” SE PA LEVANJIL LA

Youn nan levanjil “pi gran yo” ki plis popilè se deklarasyon ki di ke bòn nouvèl yo se senpleman pwoklamasyon ke “Jezi se Senyè a”. Sa sanble ak yon mesaj ki antre lavil la e li deklare, “Seza se Senyè a”, kretyen yo dwe anonse bòn nouvèl yo pou di ke se Jezi kap renye, e ke li nan pwosè pou rekonsilye mond ak li epi mennen yo vini nan pye li.

Li klè ke, Deklarasyon de ke “Jezi se Senyè a” se yon verite manifè e absolil! E deklarasyon sa a de gouvènman Jezi a esansyèl pou konprann mesaj evanjelik la. Se poutèt sa Pòl di nan Women

REPONS LA-LA FWA AK REPANTANS

10:9 ke moun ki konfese ke “Jezi se Senyè a” va sove, e nan 1 Korentyen 12:3 li di ke se sèlman a travè Lespri Bondye a ke yon moun ka afime verite sa a.

Men li pa kòrèk pou di ke deklarasyon “Jezi se Senyè a” se adisyon e sibstans konplè bòn nouvèl kretyen yo. Nou te gentan wè kouman kretyen primitiv yo te konn di plis k esa lè yo tap pwoklame levanjil la. Wi, nan Ak 2, Pyè te preche, “Se pou nou konnen, trè sètènman tout kay Izrayèl, ke Jezi sa a ke nou te krisifye a, Bondye te fè li Senyè e Kris” (v. 36). Men anvan e apre afimasyon sa a gen yon gran eksplikasyon de kisa pouvwa Jezi a sinifi. Sa vle di ke Senyè sa a te krisifye, antere, e resisite, e sa te vle di tou ke lamò li ak rezireksyon li te fèt, sou tèt tout bagay, “padon peche” sila yo ki repanti e ki kwè nan li. Pyè pat sèlman deklare ke Jezi se Senyè a. Li te pwoklame ke Senyè sa a te aji an favè pèp li a pou sove li anba kòlè Bondye kont peche li yo.

Sou pwen sa a, li ta dwe evidan pou di ke “Jezi se Senyè a” se reyèlman bòn nouvèl la si nou pa eksplike ke Jezi se pa sèlman Senyè, sinon Sovè tou. Pouvwa a enplike dwa pou jije, e nou te gentan wè ke Bondye va jije mal la. Poutèt sa, pwoklamasyon ke Jezi se Senyè a se yon nouvèl terib pou pechè a ki nan rebelyon kont Bondye ak Mesi li a. Sa vle di ke lenmi li a te pran twòn nan e li prèske jije li pou rebelyon li yo kont li.

Pou nouvèl sa yo ka bon e non mal, li nesèsè pou mete yon fason kote rebelyon li a padone, yon fason pou rekonsilye ak Sila a

Kisa Levanjil la Ye?

ki se Senyè a. Sa a se egzakteman sa nou wè nan Nouvo Testaman an-Jezi se pa sèlman Senyè, sinon ke Senyè Jezi sa a te krisifye pou ke pechè yo ka padonen e pou yo ka vini nan jwa wayòm li a ki gen pou vini. San sa, deklarasyon de ke “Jezi se Senyè” se pa plis ke yon santans lamò.

CHEMA KREYASYON-TONBE-REDANMSYON-KONSIMASYON SE PA LEVANJIL LA

Anpil kretyen te rezime istwa Bib la ak kat pawòl: *kreyasyon, tonbe, redanmsyon, konsimasyon*. Rechèch sa a se yon bon fason pou rezime istwa santral Bib la. Bondye kreye mond lan, nonm nan peche, Bondye aji nan Jezi Mesi a pou reachte pèp li, e istwa a rive nan fen li ak konsimasyon wayòm gloriye li a. Depi Jenèz rive sou Apokalips, sa a se yon fason ekselan pou sonje istwa dazik Bib la. Lè nou konprann e itilize li kòrèkteman, rechèch-kreyasyon-tonbe-redanmsyon-konsimasyon an bay yon bon sipò pou reprezante levanjil biblika la fidèlman.

Sepandan, pwoblèm nan se ke chema kreyasyon-tonbe-redanmsyon-konsimasyon, kèk moun te mal itilize li, pandan yo tap mete atansyon levanjil la nan pwomès ke Bondye ap renouvle tè a, angiz pou mete atansyon sou kwa a. Se pou sa “levanjil” kreyasyon-tonbe-redanmsyon-konsimasyon an prezante anpil fwa nan fason sa a:

Levanjil la se nouvèl ke nan koumnasman an Bondye te kreye

REPONS LA-LA FWA AK REPANTANS

mond lan ak tout sa ki ladan l. nan koumansman tout bagay te trè bon, men moun yo te rebele kont Bondye y yo te lakoz yon dezaz nan lemond. Moun yo te koupe relasyon yo ak Bondye, ak lòt moun yo tou, ak yo menm menm, e ak mond yo a. Sepandan, apre tonbe a, Bondye te pwomèt pou l voye yon Wa ki va reachte yon pèp pou li menm e li va rekonsilye kreyasyon an ak Kreyatè li a ankò. Pwomès te koumanse konpli lè Senyè Jezi te vini an, men li va konple, oubyen konsime, lè Wa Jezi tounen.

Bon, tout sa paragaf sa a di, se verite. Men sa mwens te ekri la se pa levanjil la. Menm jan an tou tankou deklarasyon de ke "Jezi se Senyè a" se pa bòn nouvlè a mwens ke egziste yon fason pou rebelyon nou yo kont li, jwenn padon, lefè ke Bondye ap refè mond lan, pa bòn nouvlè nonplis amwens ke nou fè pati mond sa a.

Se vre ke, li kòrèk pou itilize chema kreyasyon-tonbe-redanmsyon-konsimasyon tankou yon fason pou eksplike bòn nouvlè Kristyanism yo. Bon, kategori "kreyasyon" ak "tonbe" yo alinye pafètman ak kategori "Bondye" ak "lòm" nou yo. Sepandan, pwen enpòtan an se lè kategori "redanmsyon" an prezante. Se la a ke nou dwe fè atansyon lè nap eksplike lamò ak rezireksyon Jezi, ak repons ke Bondye demande pechè yo lè nou prezante levanjil la. Si nou sèlman di ke Bondye ap reachte yon pèp e lap refè yon mond, men nou pa di *kouman lap fè sa* (a travè lamò ak rezireksyon Jezi) *epi kouman yon moun kapab fè pati redanmsyon sa a* (pandan lap repanti de peche li yo epi konfye nan Jezi), donk

Kisa Levanjil la Ye?

nou pat pwoklame bòn nouvèl yo. Nou senpleman rakonte gran istwa Bib la, e nou kite pechè yo deyò.

TRANSFÒME KILTI A SE PA LEVANJIL LA

Lide pou transfòme kilti a pa mwayen travay kretyen yo, te sanble kapte lespri anpil evanjelik. Mwen kwè ke sa a se yon doub objektif, e mwen panse tou ke, fè efò pou reziste mekanste nan sosyete a, kit de manyè pèsonèl oubyen sistematik, se yon lide bibliik. Pòl di nou *"nou fè byen ak tout moun, plisa k sila yo nan fanmi lafiwa a"* (Galat 6:10). Jezi di nou ke nou dwe pran swen vwazen nou yo, moun ki pa kwayan yo ladan l tou (Lik 10:25-27). El li te di nou tou, *"se konsa pou limyè nou an limen devan lezòm, pou yo ka wè bon zèv nou yo, e pou glorifye Bondye Papa nou an ki nan syèl yo"* (Matye 5:16).

Sepandan, anpil moun okipe yo nan transfòme sosyete a, yo ale pi lwen toujou, pandan yap di ke kòmandman pou "rekipere kilti a" nan menm esans istwa bibliik la. Yo di ke si Bondye okipe pandan lap refè mond lan, donk se responsabilite nou pou nou fè yon sèl nan plan li a, pandan nap fè gran pwogrè nan etablisman wayòm Bondye a nan vwazinaj nou yo, nan lavil yo, ak nasyon yo. Yo di ke: "Nou dwe fè menm bagay ke nou wè Bondye ap fè".

Kitem fè yon pa an avan pou m mete panse mwen yo sou tab la. Mwen genyen kèk rezèv bibliik ak teolojik byen serye, kanta a lide sa a de transfòme kilti a. Mwen pa konvenk de ke Ekriti a fè

REPONS LA-LA FWA AK REPANTANS

efò pou favorize pozisyon priorite pou transfòme kilti anpil nan moun sa yo. Mwen di sa pou anpil rezon. Premyeman, mwen pa kwè ke kòmandman kiltirèl Jenèz la, yo te bay pèp Bondye a li konsa; mwen kwè ke yo te bay tout limanite li. Mwen pa kwè non plis ke trajè general kilti moun, swa nan Bib la oubyen nan istwa a, gen direksyon sou Bondye; o kontrè, mwen kwè ke trajè kilti moun yo dirije sou direksyon jijman an (gade Apokalips 17:19). Donk, se konsa mwen kwè ke optimis moun sa yo sou posibilite pou "chanje mond lan", ap twonpe yo, e sa dekourajan tou.

Sepandan, tout bagay sa yo se yon diskisyon bibliik-teolojik ki gran, e entansyon prensipal mwen se pa pou pale de sa. Mwen panse ke yon moun ka okipe li pou transfòme kilti a, e nan menm tan an angaje li pou kenbe kwa Jezi a nan sant istwa bibliik la ak bòn nouvèl yo. Apre tout bagay, se pèp Bondye padonen e reachte a ke yo va itilize pou rive nan transfòmasyon sa a, e padon an ak redanmsyon an, sèlman se nan kwa a sa ye.

Preokipasyon mwen se yon bagay ke mwen espere ke zanmi transfòmalis mwen yo dakò ak tout kè yo. Se ke pami anpil transfòmalis, li trè komen ke redanmsyon kiltirèl konvèti, anba anba nan gran pwomès levanjil la, sinifikasyon kwa a, delibereman ou non, deplase nan pozisyon sa a. Ou kapab wè nan anpil liv ke yap rele kretyen yo pou mete plis atansyon sou transfòme kilti a. Gen plis jwa pou pwomès kilti transfòme a angiz travay Kris la sou kwa a. pi gran apèl la se pou moun yo fè yon sèl ak Bondye nan

Kisa Levanjil la Ye?

travay transfòmè mond lan, angiz pou repanti e kwè nan Jezi. Liy istorik bibliik la ta sanble genyen sant li nan kilti nèf la, angiz pou l ta genyen l nan lamò Jezi a.

Nan pwosè a, Krityanism nan pa baze nan gras ak lafwa ankò, sinon ke li konvèti nan yon relijyon banal ki di nou "viv nan fason sa a, e nou va transfòmè mond lan". Sa a se pa Krityanism; se moralism.

OBSTAK POU KÈK MOUN, FOLI POU KÈK LÒT

An fèn de kont, mwen mande mwen si efò pou wete la kwa nan sant levanjil la genyen orijin li nan zafè ke mond lan pa renmen la kwa a. Gen kèk ladan yo ki panse ke se yon kont ridikil, e gen lòt ki panse ke se yon gwo manti. An reyalyte, sa pa tad we fè nou sezi. Pòl te di nou ke se konsa sat a pral ye. Li te di ke mesaj la kwa a ta va obstak pou kèk moun, e foli pou kèk lòt.

Si nou mete sou sa zafè ke nou vle ke pou levanjil la atraktiv devan lemond, nou te kreye yon gran presyon pou ke kretyen yo jwenn yon fason pou pa pale anpil de "relijyon kwa sanglan an". Apre tout bagay, nou vle ke moun yo asepte levanjil la, e non pou pase l nan rizib, Se pa vre?

Se vre ke nou dwe asepte ke mesaj la kwa a parèt yon foli pou moun yo ki alantou nou. Sa va fè ke yo wè noumenm kretyen tankou enbesil, e san dout sa va deranje entansyon nou pou "re-lasyon nou" ak enkredil yo pou nou pwouve yo ke nou se bon

REPONS LA-LA FWA AK REPANTANS

moun tankou tout lòt moun. Reyèlman, kretyen yo ka fè mond lan panse ke yo se bon moun, toutotan yo poko koumanse pale de nonm krisifye a ki te sove yo. E se la ke nou pa bon moun ankò, pe enpòt tout sa nou te envèti nan repitasyon nou.

Ak tout sa toujou, Ekriti a klè sou sa de ke la kwa *dwe* rete nan sant levanjil la. Nou pa ka mete sa lòt bò, ni nou pa ka ranplase li ak lòt verite ki pran plas sant bòn nouvèl yo. Si nou fè sa, nap prezante mond lan yon bagay ki paka sove, e poutèt sa se pa bòn nouvèl ditou.

Bib la bannou yon enstriksyon byen klè sou kouman nou dwe reponn devan yon presyon ki vle desantralize la kwa a nan levanjil la. Nou dwe reziste li. Gade sa Pòl te di de sa nan 1 Korentyen. Li te konnen ke levanjil la te sanble yon foli pou moun ki te alantou li yo. Li te konnen ke yo ta va rejte levanjil la pou sa. Men, malgre sa, li te di "*nou menm nou preche Kris krisifye*" (1 Korentyen 1:23). Li li pwopoze "pou pa konnen anyen nan mitan nou okenn lòt bagay ki pa Jezikri, e sila a krisifye" (1 Korentyen 2:2). Sa a se paske "Kris te mouri pou peche nou yo, selon Ekriti yo" sa pat sèlman enpòtan, e se pa menm trè enpòtan. Se te trè trè enpòtan (1 Korentyen 15:3).

E ke si li sanble ridikil devan mond lan? Ke si mond lan reponn pi byen a yon levanjil ki encline sou renovasyon mond la angiz sou kwa Kris la? Ke si moun yo base levanjil la nan rizib paske sa pale de yon nonm ki mouri sou yon kwa? Pòl te di: Se

Kisa Levanjil la Ye?

konsa menm. Mwen preche la kwa. Yo ka panse ke sa ridikil; yo ka panse ke se san konprann. Men mwen konnen ke "*mal konprann Bondye pi saj pase sajès lezòm*" (1 Korentyen 1:25 LBA).

Pòl te asire li ke kwa a te pwen santral levanjil ke li tap preche a, e nou menm nou dwe fè menm bagay la. Si nou kite ke yon lòt bagay konvèti an sant la, se tankou si nou ta di, "Gade, kitem ede ou moute miray la. Konfye nan mwen. Tout bagay va byen"

CHAPIT WIT (8)

POUWA LEVANJIL LA

Jis anvan mwen te gradye nan inivèsite a, de nan pi bon zanmi mwen yo avèk mwen nou te deside soudènman pou fè yon vwayaj nan wout atè depi lakay mwen pou ale a lès Tekzas jis rive nan Plas Nasyonal Yellowstone. Se te yon gran vwayaj, tankou yon rityèl twa jenn gason ki tap rive nan laj adilt.

Tankou, petèt ou ka imajine, vwayaj la te plen ak bagay mèveye nan mòn yo, glasyal yo, sous souf cho, ak anpil anpil bèt sovaj. Yon maten konsa, nou te deside pase jounen an ap mache, e nou tout te dakò ke li ta pi avantire si nou pa pran kat jeografik ak nou. Nou te vle wè ki kote chemen yo ta pral mennen nou, se konsa nou pran manje ak nou ak selilè nou, e nou derape.

Kisa Levanjil la Ye?

Se te yon pwomnad trè long, e aprè yon tan nou te koumanse ap fè blag, pandan nou tap di ke nou te nan Plas Nasyonal Yellowstone, e reyèlman li pat tèlman diferan ak forè ki te a lès Tkzas la kote nou te grandi. Te genyen bwa pen trè wo alantou nou, e pafwa nou te vole yon ti ravin ki te travèse chemen an. Men pou di vre, pat gen anpil bagay pou wè la, e sa te koumanse ap anbete nou.

Men, soudènman, anvan nou te gen tan pou wè ke te gen yon bagay ki tap mache, forè a te vin klè e nou te jwenn nou devan Gran Kanyon Yellowstone nan. Anban nou te genyen yon twou manifik ki te genyen plizyè kilomèt de pwofondè. Te genyen yon rivyè nan fon kanyon an ki te reflète reyon solèy yo. Kèk zwazo tap vole sou anba nou, e kouran lè a te fè kèk nyaj flote anba pye nou.

Se pa de piti mwen te santi mwen piti nan moman sa a, pou janm te sezi wè ekspansyon ki te anba mwen! Nou twa a te rete pou yon moman-pou premye fwa pou tout jounen an- tou sezi. Se lè sa a ke youn nan zanmi m yo te koumanse chante:

Senyè Bondye, lèm kontanple syèl yo,

Fimaman an ak mil zetwal yo... (23 Melodies joyeuses Chants D'esperance)

Li pat chante byen, men li tap fè li ak tout kè li. Pandan minit swivan yo nou te rete bò Gran Kanyon Yellowstone nan pou adore sila a ki te kreye zèv sa a ki ka enspire tèlman.

POUVWA LEVANJIL LA

Poukisa Nou Pa Wè Sa?

Ou konnen? Mwen kwè ke levanjil la ta va fè menm efè sou nou si nou te pran tan pou kanpe e panse. Kilè ki dènye fwa ke ou te wete je ou sou tout detay tèrès yo nan lavi sa a pou konfwonte fas a fas ak Gran Kanyon de sa Bondye te fè pou nou nan levanjil la-gras ensondab li ki padone moun yo ki te rebele kont li, plan mèveye li pou voye Pitit pou souffri e mouri nan plas nou, pou etabli twòn Jezi resisite a sou yon wayòm ki gen jistis pafè, e pou mennen vini sila yo ki te sove e reachte ak san li nan syèl tou nèf la ak tè tou nèf la kote peche ak mechanste va fini pou toutan.

Kouman mwen pèmèt ke bèlte, ak pouvwa, ak grandè levanjil la pèdi valè rapid konsa pandan anpil tan nan tèt mwen? Poukisa se bagay trival kap domine panse ak emosyon mwen yo, bagay tankou si se vwati a pwòp, oubyen sim te pèdi nouvèl nan maten an, oubyen si mwen te renmen manje mwen, angiz pou se ta verite gloriye sa yo ki ta domine yo? Poukisa mwen wè lavi mwen tankou si m te avèg, angiz pou m ta wè li nan limyè letènite? Poukisa levanjil sa a pa plen pandan toutan, nan pi pwofon nan relasyon mwen yo ak madanm mwen ak pitit mwen yo, oubyen konpanyon travay mwen, oubyen zanmi mwen yo ak manm legliz mwen yo?

Mwen konnen egzaktman poukisa. Se paske mwen se pechè, e bagay nan mond lan va kontinye pèsiste nan kè mwen, pou deklare mwen lagè jis rive lè Jezi va tounen. Men, pandan map

Kisa Levanjil la Ye?

tann sa rive, mwen vle lite kont sa. Mwen vle lite kont pares espi-
rityèl la-kont somèy sa a ke mond lan ofri mwen an-e mwen vle
anbrase levanjil la pou m ka transfòmè totalman: aksyon mwen
yo, emosyon mwen yo, afeksyon mwen yo, dezi mwen yo, panse
mwen yo, ak volonte mwen.

Mwen espere ke ou menm tou dezire sa tou. E mwen swete ke
ti liv sa a te ede ou koupe pye bwa ki nwasi lavi nou ki anpeche
nou wè grandè de sa ke Bondye te fè pou noun an Jezi. Men kou-
nye a kisa? Bon, kite m site kèk bagay (gen anpil lòt ke mwen pa
va site) de kouman bòn nouvèl yon an Jezi afekte lavi nou.

Repanti e Kwè

Nan premye lye, si ou pa kretyen, mèsì paske ou pat lèse tonbe
pandan ou tap li liv sa a. Mwen swete ke ou te pran tan pou kon-
sidere bòn nouvèl Jezi yo, e mwen priye pou ke reyèlman yo ka
penetre nan lespri ou. Nan ka pa ou, mwen kwè ke kesyon an se
"Kisa mwen dwe fè kounye a?" li trè senp. Se pa anpil bagay ke ou
bezwen fè. Se sèlman youn: Repanti e kwè nan Jezi. Sa vle di ke
ou dwe rekonèt defèt espi-rityèl ou ak inabilite ke ou genyen pou
sove tèt ou, ou dwe vini jwenn Jezi epi pou rekonèt li tankou sèl
esperans ou pou ka jwenn padon e pou ou ka byen devan Bondye.

Pou vin kretyen se pa yon pwosè difisil. Pa gen anyen ke ou
ka fè pou merite sa. Jezi te gentan fè tout sa ke ou ta gen bezwen
pou sa. Sa levanjil la ap envite ou pou fè se pou fè kè ou rete lwen
peche e vire fas ou bay Jezi-sa vle di, konfyè e repose nan li. Le-

POUVWA LEVANJIL LA

vanjil la rele ou pou vin jwenn Jezi, epi pou di li, "Mwen konnen ke mwen pa ka sove tèt mwen, se poutèt sa map konfyè nan ou pou fèl pou mwen".

E se konsa ke tout yon mond va louvri devan je ou. Men tout bagay koumanse ak repantans nan peche ou yo ak lafwa nan Jezi pou sove ou.

Repoze e Rejwi

Si ou se kreyen, enben levanjil la rele ou premyèman pou repoze nan Jezikri e pou rejwi nan lavi etènèl ki pa ka pèdi a ke li te genyen pou ou a. Se lakoz Jezi, e paske mwen konnen ke mwen fè yon sèl ak li pa mwayen lafwa, ke mwen kapan lite kont tantasyon pou panse ke lavi etènèl mwen frajil oubyen tanporè. Kit mwen santi sa kit mwen pa santi sa, mwen ka asire ke se pou Jezi mwen ye e ke okenn moun paka rache m nan men li. Se pou sa ke levanjil la di mwen ke jistis mwen devan Bondye pa fonde sou konplete yon espès lis verifikasyon. Èske mwen gen fwi sifizan? Wi. Èske mwen pran tan poukont mwen ak Bondye? Wi. Èske mwen gen konvèzasyon espiritiyèl? Wi, wi, wi! Sa bon! Mwen santi m sove reyèlman nan jounen Jodi a!

Sa ridikil anpil nan limyè sa levanjil la di de Jezi! Mèsi Bondye ke relasyon mwen ak li pa baze nan volante mwen ki chanje toutan an oubyen nan abilite ke mwen genyen pou viv yon lavi jis. Non, bondye te gentan pwononse vèdik li sou mwen, e se "PADONE!". plis ankò, vèdik sa a pa va janm chanje paske li

Kisa Levanjil la Ye?

fonde sèlman e etènèlman sou Jezi-lamò li sou kwa a nan plas mwen ak entèsasyon li pou mwen devan twòn Bondye a, e menm nan moman sa a.

Si ou se kretyen, enben lakwa Jezi a se tankou yon mòn granit pandan tout lavi ou, kap temwanyen solidman sou lanmou Bondye ak detèminasyon ke li genyen pou mennen ou nan prezans li. Se tankou Pòl te di nan Women: *“Si Bondye pou nou, kilès ki va kont nou? Sila a ki pat egzante pwòp Pitit li a, sinon ke li te bay li pou nou tout, kouman li pa ta bannou tou ak li tout bagay yo?”* (Women 8:31-32)

Renmen Pèp Bondye a

Zanmi kretyen, levanjil la dwe kondwi ou tou pou renmen pèp Bondye a plis tou, legliz la. Okenn nan nou tankou kwayan te genyen eritaj Bondye te prepare pou nou an tankou rekonpans. Se pa nou menm menm ki te fè tèt nou sitwayen. Yo te mete nou nan pwomès Bondye a sèlman paske nou konnen ke nou depann de Jezi pou sove nou, e nou fè yon sèl ak li pa mwayen lafwa.

Men se la a detay la ye. Èske ou rann ou kont ke se verite tou pou frè oubyen sè nan legliz ki pa byen ak ou a? Frè sa a oubyen sè sa a kwè e renmen menm Senyè Jezi a, e plis ankò, nou tou de te resevwa padon ak lavi etènèl nan men menm Senyè a.panse sou frè sa a oubyen sè sa a ke ou pat deside rekonèt paske ou panse ke nou pa va konpatib. Panse sou moun sa a ke relasyon nou koupe e ou poko vle repare sa. Kounye a konsi-

POUVWA LEVANJIL LA

dere ke menm moun sa a renmen menm Senyè ke ou renmen an. Konsidere ke menm Senyè ki te mouri pou ou a, te mouri pou li tou.

Mwen mande tèt mwen si antandman ou genyen de levanjil Jezikri a-bòn nouvèl yo ke Jezi te sove ou san ou pat merite l la-pwofon sifizaman kòm pou ta bwè ti kritik ke ou genyen kont frè ak sè ou yo. Mwen mande tèt mwen èske sa sifizaman pwofon kòm pou ta antere ofans yo ke yo te komèt kont ou, e menm sila yo kite pi fè ou mal, e tankou pou rive padone yo e renmen yo jis tankou Jezi limenm te fè avèk ou.

Mwen mande mwen si grandè lanmou Bondye pou ou te fè lanmou ou pou lòt moun grandi.

Pataje Bòn Nouvèl yo Ak Mond lan

Se pa sèlman sa, sinon ke mwen mande tèt mwen si gras Bondye a te lakòz ou renmen mond ki alantou ou a plis, e ke pou vle ke moun yo konnen e kwè nan Jezikri. Si nou konprann vrèman gras Bondye te moutre nou, kè nou va chofo ak lide pou wè menm gras la nan lòt moun.

Aprè rezireksyon li, Jezi te parèt devan disip li yo e li te di yo: *“Se konsa sa te ekri, e se konsa li te nesesè pou Kris la te mouri; e pou l te resisite nan mitan mò yo sou twazyèm jou a; e pou yo te preche repantans ak padon peche bay tout nasyon nan non li, pandan nap koumanse depi Jerizalèm. E noumenm nou se temwen de bagay sa yo”* (Lik 24:46-48). Mwen imajine jan figi disip yo te vin pal lè yo te

Kisa Levanjil la Ye?

tande sa! Objektif Bondye se te sèlman redanmsyon lemond, e la a Jezi tap di yo ke objektif sa a ta va konpli pa mwayen yo!

Mwen pa konn pou ou, men sa fèm santi m enkapab. Èske Bondye ap eseye konpli objektif li pa mwayen nou? Mèveye! Men si ou santi ou endiy epi enkapab, kite m ba ou yon ti kras kou-raj. Ou endiy, epi enkapab! Èske mwen fè ou santi w plis anime? Gade-nou menm nou frajil, e fèb ke nou ta va lite kont peche pandan rèz lavi nou. E ak tout sa, Jezi di nou, "Ou va sèvi m temwen". Se pa mwayen pwoklamasyon nou de levanjil la-swa pa mwayen predikasyon, oubyen ansèyman, oubyen konvèsasyon sou tab la ak zanmi yo, manm fanmi an, konpanyon travay yo ke Bondye sove pechè yo.

Pafwa ou pa mande tèt ou poukisa zanj ki te pale ak Kònèy nan Ak chapit dis la pat dil anyen sou levanjil la? Poukisa li te pran tan pou voye li pale ak Pyè ki te nan yon lòt kote? Se vre, si zanj la te ka di Kònèy tout bagay sa yo, sètènman li te ka tou pale ak li de levanjil la! Men non, Bondye te detèmine ke levanjil la avanse pa mwayen pawòl ke pèp li a pale-sa vle di a travè bouch sila yo ki te anbrase bòn nouvèl jezi yo e ki te konnen padon ki soti nan li a.

Si ou se kretyen, rann ou kont ke ou genyen nan men ou, sèl vrè mesaj lavi etènèl ke mond lan va tandè. Pa va janm genyen lòt levanjil oubyen yon lòt fason pou mond lan ka sove anba peche li yo. Si zanmi ou yo, fanmi ak konpanyon travay ou yo va sove

anba peche yo, sa va fèt sèlman paske kèk moun pale ak yo de levanjil Jezikri a. Se poutèt sa ke Jezi komisyone nou pou ale nan tout lemond, pou preche e ansenye bòn nouvèl sa yo bay nasyon yo. Se sa Pòl te vle di tou nan Women 10 lè li te mande, "Kouman, yo va envoke sila a ke yo pat kwè? E kouman yo va kwè nan sila a ke yo pat tande pale de li? E kouman yo va tande si pa gen moun pou preche yo?" (v. 14). Gen anpil bon bagay ke nou ka fè tankou kretyen, men pou di verite, anpil nan bon bagay sa yo, moun ki pa kretyen ka fè yo tou. Men si noumenm tankou kretyen nou fayi nan pwoklamasyon levanjil Jezi a, Kilès ki va fè li? Pèsonn.

Se konsa, pèmèt verite yo ki nan levanjil la penetre nan kè ou e pou kraze ou pou sila yo ki poko konnen Jezikri. Medite sou kisa sa va sinifi ke zanmi ou yo, fanmi ak konpanyon travay ou yo kanpe devan Bondye, jij ki jis la, pandan yo separe de Kris. Sonje kisa gras Bondye te fè nan lavi ou, e imajine kisa li ta ka fè nan lavi yo. Apre sa, respire fon, priye pou ke Lespri Bondye fè travay li, donk ouvè bouch ou e pale!

Aspire Pou Jezi

Finalman, levanjil la ta dwe lakoz nou aspire jou sa a ke Wa nou Jezi va tounen pou etabli wayòm li pou toutan. Dezi sa a pa parèt sèlman paske nou va nan wayòm nan; nou pa anvi retou Jezi a sèlman paske nou va viv nan yon mond kote mekanste va fini e jistis va renye.

Kisa Levanjil la Ye?

Sa yo se pwomès mèveye, men, ak tout sa toujou yo pa sifizaman gran. Non, si nou konprann levanjil la kòrèkteman, nou pa va dezire wayòm nan tèlman tankou nou va dezire Wa a. Levanjil la te fè nou rekonèt li e renmen li, e pou nou dezire ansanm ak li tou. Jezi te di: *“Mwen vle ke nenpòt kote mwen ye, yo menm tou va la ak mwen”* (Jan 17:24). E noumenm tou nou vle ansanm ak li, akonpanye anpil milyon moun pou adore li.

Liv Apokalips la genyen yon vizyon mèveye de sa ke Bondye te prepare pou sila yo ki renmen li. Se sèlman yon lide, men ak tout sa toujou, ou kapab santi viktwa a, jwa a, repo a, ak sans konklizyon nan imaj espektakilè Redanmtè nou Jezikri.

Aprè sa mwen te gade, e mwen te wè yon gran foul moun, ke pèsonn pat ka konte, nan tout nasyon e tribi e pèp e lang, ki te devan twòn e nan prezans Ti Mouton an, ki te gen rad blan sou yo, ki te gen fèy palmis nan men yo; e yo tap klame byen fò: Lavi etènèl se pou Bondye nou an ki chita sou twòn nan, ak Ti Mouton an.

(Apokalips 7:9-10)

Se jou sa a ke levanjil la fè nou sonje a. E menm lè nap konfwonte eprèw, pèsèkisyon, iritasyon, tantasyon, distraksyon, chemen glise, ak tout bagay banal nan mond sa a, levanjil la fikse nou sou syèl la kote Wa nou Jezi-Ti Mouton Bondye a ki te krisifye nan plas nou an e ki te resisite ak glwa nan mitan mò yo-chita

POUVWA LEVANJIL LA

ap entèsede pou nou. Se pa sa sèlamn, sinon ke levanjil la rele nou pou kontanple jou final sa a lè syèl la va plen ak bri de milyon ak milyon vwa ki padone pandan yap aklame Jezi tankou Sovè e Wa

REMÈSIMAN ESPESYAL

Tankou nan nenpòt pwojè liv, genyen anpil moun ke mwen dwe yon pawòl remèsiman. Yon moun pa aprann oubyen panse tou sèl, e mwen ta ka pase yon jou antye pou site frè ak sè ke mwen te pale ak yo de levanjil la pandan plis ke yon dizèn ane. Sepandan, gen kèk moun ke mwen vle di yon “mèsi” espesyal.

Premyeman, ekip mèveye Crossway, mèsi pou riske pibliye yon otè ke nou pa rekonèt. Si sa fè Senyè a plèzi pou itilize liv sa a pou edifye legliz li, se va a travè nou menm.

Mwen di ekip 9Marks la mèsi tou, pou ankouraje m ekri liv sa a, ak efò nou te fè pou sa te ka fèt. Vizyon Matt Schmucker pou sante legliz la nan tout lemond bay anvi enspire, e mwen santi mwen onore pou rekonèt li e travay ansanm ak li. Jona-

Kisa Levanjil la Ye?

than Leeman te ede m anpil pou ekri e alinye liv sa a pa mwayen konvèsasyon, e-mail, ak edisyon. Mwen de Bobby Jamieson mèsè tou, ki te bwè anpil tas kafe ak mwen, pandan nou tap pale de wayòm nan. Se yon gran jwa pou fè pati ekip sa a!

Mwen di Mark Denver mèsè, frè byen eme mwen, mèsè paske ou te pouse mwen pou ekri premye liv mwen. Mwen santi mwen dwe ou nan yon fason ke ni mwen menm pa santi m kapab atikile sa. Mwen santi mwen fyè pou m ka rele ou pansè espiyèl mwen, e mwen kontan tou paske Senyè a te bannou sipriz sa a lè li te mennen m tounen Washington DC pou yon tan. Bondye te trè jenere ak nou lè li te bannou tan sa a ansanm.

Finalman, mwen di bèl mandanm mwen Morah mèsè, ki fò, ki renmen mwen e ki pran swen mwen tèlman byen, e ki pat dezespere nan tout moman ke tèt mwen te disparèt pou travay nan yon pwoblèm teolojik difisil. Mwen renmen ou anpil, cheri.

LÓT TIT

PUBLICACIONES FARO DE GRACIA YO

Yon Legliz an Sante: 9 Karaktè

Mark Dever

Chè Timote:

Lèt yo sou Ministè Pastè a

Tom Ascol

Sipremasi Bondye nan Predikasyon an

John Piper

Kouman pou konseye moun yo pou Chanje

Jay Adams

Legliz Deliberan an

Mark Dever

Jezi, Sèl chemen ki Mennen kot Bondye

John Piper

Nou kapab achte an liy pou voye nan tout peyi:

www.farodegracia.org

ventas@farodegracia.org

336-792-2690